ДАГЕСТАНСКИЙ ТЕОЛОГИЧЕСКИЙ ИНСТИТУТ
ИМ. САИДА АФАНДИ

# МАВЛИДАЛ

## САГIИД -АФАНДИЯСУЛ ТIУХЬДУЗДАСАН

ТIоцобисеб басма

Махачкала
ИД «Нуруль иршад»
2010

ББК 84,4 (Авар) + 86,38
УДК 821.351 + 29
Д-45

Саид афанди аль-Чиркави.

«МАВЛИДАЛ» Сборник стихов из книг Саида афанди аль-Чиркави - на аварском языке. 1-е издание - Махачкала: ООО «Издательский дом Нуруль Иршад». 2010. - с 244.

**Одобрена Экспертным советом ДУМД**
Регистрационный номер № 09-0363

ББК 84,4 (Авар) + 86,38
УДК 821.351 + 29
Д-45

© Саид-афанди аль-Чиркави
© ООО «Издательский дом Нуруль Иршад»

بسم الله الرحمن الرحيم

Астагъфируллагь, РахӀман, тӀолго мунагьаздасан,
Мун рази гьечӀебщинаб фигӀлу-къавлуялдаса,
Дудаса ракӀ гъафуллъун кӀалъараб кӀалалдаса,
Бахъараб хӀетӀалдаса, бегьараб кверялдаса!

Мун разияб гурелде балагьараб бердаса,
РагӀизе хӀарамалде гӀинтӀамун чӀеялдаса,
Дудаса ракӀ гъафуллъун биччараб хӀухьладаса,
Дун квешлъи гьабулесда тӀад рекъон чӀеялдаса!

Астагъфируллагь, тавбу, тана, Аллагь, нижеца
Теян амру гьабурал киналгоги квешлъаби.
Гьариларо, БетӀергьан, тӀаса лъугьа нижеда,
Дур шаргӀалъул хӀукмаби хӀакъирлъулел гӀамалал.

Мун цо вукӀин лъаниги лъаларелгун хьваданин,
ЛъикӀлъилъун бадал гьаре гьарунщинал мунагьал!
Гьабураб гӀамал бихьун гӀазаб букӀин лъаниги,
ГӀассилъанин Дуде ниж, гурхӀа, Аллагь, нижеда!

Как-кӀал загӀиф теларо, закат-сахӀ тӀобитӀила,
ТӀад ругел хӀукъукъазул хӀисаб бацӀцӀад гьабила.
ХӀарамалъе мугъ кьела, бокьухъе нафс теларо,
Тавбуялда даимлъун Дуде руссун рукӀина.

Гьереси-мацI жибго тун жахIда-иблис нахъчIвала,
ЧIухIдае гьава мерхьун гьарила Дуде аман.
Гьидаят тIалаб гьабун ТIагьаясде ахIила,
ХIакъав Дур Расуласде салат гIемер битIила.

Суннатаб кодоб босун карагьатаб рехила,
Камилаб иманги лъун Ислам кIодо гьабила.
КIудал мунагьаздехун хивалго гьабиларо,
Хвалил пикру гьечIого, чIобого ракI теларо.

Я Рабби, нижер Аллагь, ахIи буго Дудехун
АхIмадил умматалъе ургъел бигьа гьабеян!
Балагьал тIаса росун, тIаде рахIматал риччан,
ТIагьал рухIалъе гIоло гурхIел цIцIикIун гьабеян

Гьаб ахир заманалъул загIифал нижер рухIал
ЖужахIалъул цIедаса цIуне Дуца, БетIергьан!
Дур цIобалъул гIатIилъи гIурхъи гьечIеб бугелъул,
Гьалмагъ гьечIеб рукъалъул къварилъи тIаса босе!

ТIолго муъминзабазул рекIелъе иманги тIун,
Аллагь, Мунан ахIулеб хIухьал къотIизе тоге!
АхIмадгун данделъулел даражабиги рикьун,
РухI босулеб сагIаталъ сагIадат насиб гьабе!

Тавбуялъул рагьу къан къварид гьаруге, Аллагь,
Ахир заманаялъул гIаламат тIатун бугин!
Тавбу, астагъфируллагь, щукру алхIамдулиллагь!
Ла илагьа илла ллагь МухIаммад расулу ллагь.



# ТАВБУ

Аллагь! Дуй рецц гьабизе хIал дида кисса кIолеб,
Дуца манлъухъ горони Расуласги гьабичIеб.
РахIматалде хьулги лъун Дуде кин гьарделарев,
Гьарун кIанцIизе тIокIаб бакI батула гьечIелъул.

Тавбо гьабичIогоги чара-гIамал дие щиб,
Щибаб хIаракаталъулъ кколеб гъалатI бихьидал.
ГъалатIал гIемерлъиялъ, кигIан намуслъаниги,
Рес къотIарав лагъасе Саййид горев ватилищ?

Тавбоги тавбоялде хIажатал мискинзаби,
Муттакъиназде гъорлъе, Гъафурун-РахIим, раче!
Гъайбияб иманги лъун ХIабиб тасдикъ гьавурал,
Гьесул шаригIаталъулъ ниж ритIун чIезе гьаре!

МигIражалъул сордоялъ умматалда тIад къараб
Къол щуябго какалда даималлъунги гьаре!
Дуца кьураб боцIи-мал лъикIаб щинаб рахъалде,
РахIман, буссинабизе сахаватаб гIумро кье!

Расуласде рещтIараб хирияб Къуръаналде
Иман лъурал нежее гIамалалъе квер бакъе!
Киналго самавиял кутубул-къадимати
Дур Калам букIиналъе нугIлъиги нежер буго.

Алжан-жужахIалдаги сиратI-мизаналдаги,
Бераздa бихьарабгIан щаклъиги нежер гьечIо.
ШафигI ХIабиб вукIинги хIакълъун нежеда лъала,
ХIисаб-суалалдагин МахIшаралда ракI чIола.

Мункар-Накирасдаги хабал гIазабалдаги,
ГIалам бижарав Халикъ, ишкалго нежер гьечIо.
Аварагас рицарал ахираталъул харбал,
Иман лъун, киналниги гьелги къабул гьарула.

Къуръаналъул аятал, муташабигьатазул
МагIнабиги, я ГIалим, Дудего тIамун тола.
Дуца фатхIу рагьарал, гIилмодулъ бичIчIи щварал
ГIуламаун расихун – гьезда нахъги рилъуна.

Дур рахIмат-цIцIоб горелде хьулги нежер лъоларо,
ЛъикIлъаби гьаруниги, гьезде мугъги чIваларо,
Мун лъайи тун батIаяб мурадги нежер гьечIо,
Гьединго Мун разилъи матIлубги нежер буго.

Мунагь-хатIабазеги ниж цIакъ мукIурал руго,
МуфлихIуназда гьорлъа рахъизе бокьун гьечIо.
Гьава-нафсалъулгун рагъ балаян ругониги,
РакI разияб хIалалда гьебги лъугьунеб гьечIо.

ЛъикIалъе квер бакъиги квешалдаса цIуниги,
Куллу гIаламалъул Хан, Дудалъун гореб гьечIо!



Дуца садикъиналгун рукIайилан манлъидал,
МагIнавияб кавният гьезулгунги ккун буго.

КигIан цIакъ бахъаниги батIиниял адабал,
Аллагь, цIунун хьвадизе гьунарги гIолеб гьечIо!
ГIузраби къабул гьарун, гIайибал рахчун толев
ГIафувун-Каримлъидал, Дуда цере чIун руго.

РечIулаго гамчIалгун, къватIибе хъамуниги
Нахъ буссун байинчIого кинго гьой тIобаларо;
Квешлъабазда гIумро ун, такъсиралде кканиги,
Таввабу РахIимасде руссинчIого рес гьечIо.

# МАВЛИД МОЦIАЛЪЕ САЙГЪАТ

Мархlаба, лъикl щвараб Рабигlул-аввал,
Расул дунялалде вачlараб шагьро,
Бачlараб батаги баркат-рахlматгун
Хlабиб вокьанщиназ кlодо гьабизе!

Диналъул агьлоялъ мажлисалги лъун
Мавлидал ахlулеб хlурматияб моцl,
Хlалкlвараб табарругl муъминзабазул
Мискин-факъирасе гьарзаял къоял.

Гьудул-гьалмагъзаби цуцада рихьун,
Цохlо хъизан гlадин гlодор чlолеб моцl,
Гlолилазда гьоркьоб рокьи-махlабат
Рухlанияб хlалалъ цlигьабулеб моцl.

Цlар берцинав Хlабиб гlемер рехсезе
Рачlа, бусурбаби, бисмиллагь лъезин,
Баркат-рахlматалъул аслолъун вугев
Гьесде салат битlун сухlбат гьабизин

Салат битlарасе шафагlат щолев
Шафигl гьев вугелъул, тlалаб гьабизин,
Тlолго гlаламалъул амингилъидал,
Аманилан ахlун, хlелун гьаризин!



Гьарун вачlарасе комек гьарзаяв
Расуласда кверал цере ккун чlезин,
Цере ккурал койрал нахъе чlваларев
Нелъерго Тlагьалгун хурхен гьабизин!

Гьесул нуранияб заталда цере
Хlузуралдаги чlун, файиз босизин!
Хlалкlвараб куцалда магlият гьабун
Магlнавияб сухlбат камил гьабизин!

Камалатал тlоклав Гьадил умами
Мажлис берцинлъизе асклов ахlизин,
Аллагьас халкъалъе рахlматлъун кьурав
Мукъиму суннати далиллъун ккойзин!

Далиллъун жив ккурал мекъса кколарев
Сахlибу василат цеве тlамизин,
Цеве жив тlамурал пашманлъуларев
Шафигlгун руклlине жигар бахъизин!

Алжанал урхъарав сахlибул Буракъ,
Сидраталде щварав Мигlражалъул хан,
Женалгин инсазде витlарав расул,
Рохалил къолъидал, ниж къабул гьаре!

Рухl гьечlеб махлукъат, жамадаталги
Дуй нугlзаллъун чlарав Халилу-Рахlман,

Мунагь-хатIабазда даимлъаниги
Дурго умматлъидал, рахIмо-цIоб гьабе!

ЦIоб гьарун бачIиндал гIалхул ритIучIги
Рази гьабун нахъе битIарав Карим,
КигIан адаб гьечIел ниж ратаниги
Назрат къотIун тоге нижер алтIафал!

Аллагь вихьиялъе матIу мунлъидал,
МатIалибал нежер тIорайзе гьаре!
Гьарун ахIи байдал жаваб гьабизе
Гьал акътIабазеги изно гьукъуге!

Аллагь, Дур ХIабибгун данде гьарулеб
Давла ризкъилъун кье муъминзабазе,
Мун разиялщинал щайихзабазул
ШафагIаталдаса махIрум гьаруге!



# АЛЛАГЬАС АВАРАГАСУЛ ﷺ НУР БИЖИН

Бисмиллагьан байбихьун, Халикъасе рецц гьабун,
Свалат-салам АхIмадгун агьлоялде битIизин,
Эсул хулафаазде, хадуб асхIабзабазде,
Салафун-халафунал – гьелги гIахьал гьаризин.

Гьелда хадуб, рохалил хабар бицун, кIалъазин,
Лъайгин гIакъло бугелаз щукру гIемер гьабизе.
НигIматазулги султIан – исламияб гьидаят
Гьаб Дагъистан ракьалде бачIиналъул хIакъалъулъ.

Цо нухалда Жабраил, жиндирго гIадаталда,
ХIабибуллагьасухъе зияраталъ щванила,
Гьудул тIаде вачIиндал, тIаде вахъунеб адаб
ТIагьаяс гьесиеги гьабулеб букIанила.

Гьеб нухалда абуни, халкъалъулго МустIафа
ТIаде вахъинчIого чIун, Жибрил хIайранлъанила,
Жив зияраталъ вачIин чIалгIунищ ккарабилан
ГIаламул-гьудаясде хитIабги гьабунила.

«Я Халикъасул Амин, дирги божарав гьудул,
Дур зиярат чIалгIунев инсангидай вукIунев?
Аллагьас шараигIал русулазухъе кьезе
ВаситIа гьавурав мун гьечIого дие гIелищ?»

Гьединаб жаваб гьабун, гьуинаб хабар бицун,
Хадуб Жабраиласда Расулас гьикъанила:
«ГьитIинавгин кIудияв – кIигоясул кинасе
Кинав тIаде вахъине мустахIикъав вукIунев?»

КIудиясе гьитIинав вахъинилан абидал,
Дур гIумро чан сонилан суал цIигьабунила.
Гьелъиеги Жибрилас жаваб берцин кьунила,
Жиндирго гIумроялъул соналги рицанила:

«Анкьнусазар сон индал цо нухалъ жиб баккулеб
Цо цIва буго, гьеб дида лъабцIол баккун бихьана».
БетIергьанас мун вижун, тIоцобе дур бер щвараб
Щиб жо бугилан абун тIадвуссунги гьикъана.

Гьелъиеги Жибрилас жаваб гьадинаб кьуна,
Жив вижиндал тIоцобе бихьарабги бицана:
«БетIергьанас дун вижун, дир бер тIоцобе щвараб,
ГIаршалде жиб даларав нуралъул чирахъ буго».

Нуранияв ХIабибас хIасратав гьудуласде
Гьеб дуда бихьараб нур – дун вугилан абуна.
«Дуда гьеб нур бихьани, гьанжиги лъалищ?»-илан
Гьикъидалги, Жибрилас лъалин жаваб гьабуна.

«Гьаб нур доб букIанищ?-ан кIалъайги гьабулаго, –
Малъазде валагье»,-ян гьимун, ХIабиб пинщана.



Гьел малъазда жанисан нуралъул халгьабидал,
Гьаб нур доб букIанилан, – кIалъан жавабги кьуна.

«Дир беразул канлъи»,-ян каламги гьабулаго,
Малъал, убачги гьабун, бераздаги рахъана.
БетIергьанас тIоцобе ТIагьал нур бижиналъул
Жигиги дагьаб баян гьабизин гIин баразе.

«Дураруль-хIисан»-илан абулеб тIехьалдасан
СуйутIияс бицараб босизин гIажамалде,
«Дакъаикъул ахбарги» – ли-АхIмад ибнул Къази –
КIиябго данде къараб накълоги дий бугебин.

ТIадегIанав Аллагьас махлукъ бижилелдего
Ункъго гIаркьелги бугеб цо гъойтI бижарабила,
Шажаратул якъинги элде цIар тарабила,
Эб гъойтIалдаса цебе цоги жо бижинчIила.

Цинги ХIабибасул нур, хIалкIолев БетIергьанас,
ТIавусалда релълъараб суратгун бижанила,
Жавгьаргун якъуталъул хIижаб-пардавги гьабун,
Гьеб нур, босун, РахIманас гъойтIалда тIад лъунила.

ТIавусалъул суратгун ХIабибуллагьасул нур
КIикъоазарго соналъ, тасбихI гьабун, чIанила.
Гьелда хадуб Халикъас цо матIу бачIанила,
«Миръатул хIаят» – илан цIарги элда танила.

Гьеб матIу тIавусалда, босун, цебегIан лъедал,
ЦихIин жаниб балагьун, жибго жинда бихьидал,
Жиндир берцинлъиялда, РахIманасдаса нечон,
Нуранияб тIавусалъ щуцIол сужда гьабуна.

Гьеб щуго сужда рикIкIун, щибаб къойил щуго как,
РукугI-сужудгин цадахъ, камил гьабун тIобитIи
ТIадегIанав Аллагьас АхIмадгин умматалъухъ
Аманатлъун кьун букIин кIочонге, бусурбаби!

Цойги нухалъ РахIманас рахIматалъул балагьи
Гьеб нуралде гьабидал, нич бергьун, гIетI кIанцIана.
Гьелъул лугбазда бараб гIетIул къатIрабаздасан
Къудраталъул Аллагьас гIалам загьир гьабуна.

ГIаршгин Курс, ЛавхIгин Къалам, бакъ-моцI, цIваби, хIужубал –
Гьормада загьирлъараб гIетIалдасан рижана.
Жабраилгин Микаил, тIолго малайкзабиги
БотIрода загьирлъараб гIетIалдасан рижана.

Каранда загьирлъараб гIетIалдасан абуни, –
Анбиял, русулал, гIуламаал рижана,
Жиги шугьадаалгин салихIунал гIадинал,
ГIилмогун гIамал бугел гIарифунал рижана.

Байтуллагь, Байтул-МагIмур, цинги Байтул-Мукъаддас,
Дунялалда тIад ругел тIолго масажидалги,



ТIолго масжидал рарал бакIалъул чIабаралги
Мугъалда загьирлъараб гIетIалдасан рижана.

КIиябго кьенсералда бараб гIетIалдасанги
Бижана БетIергьанас МухIаммадияб уммат, –
Муъминал, муъминатал – киналго бусурбаби,
Ислам къабул гьабурал агьлу-щагьадатайни.

ГIиндузда загьирлъараб гIетIалдасан рижана
Мажусиял, ягьудал, насраниязул рухIал,
Гьезда релълъон жал ккарал мулахIхIидин, жахIидин,
Мунафикъзаби гIадал, – гьезул рухIалгун цадахъ.

ХIатIазда загьирлъараб гIетIалдасан бижана
Бакъбаккуда – тIерхьуда гьоркьоб бугебщинаб ракь,
Ракьалда бугебщинаб магIданияб махлукъат,
Халкъалъул хIажат бихьун, гьебги загьир гьабуна.

Гьелда хадуб РахIманас МухIаммадил нуралда
Ункъабго рахъалдехун балагьеян абуна.
Балагьун халгьабидал, Хириясул нуралда
Ункъабгоги рахъалда чIарал нурал рихьана.

Расуласул ункъавго халифа гьел рукIана:
Абубакаргин ГIумар, ГIафанил ГIусман, ГIали ﷺ.
МагIнавияб-хIисияб халафаталъул амро
Ункъасдаго тIобана, тIаде анлъго моцI рехун.

Цингиги ХIабибасул хIакъикъияб гьеб нуралъ
Лъабкъоялда анцIазар соналъ тасбихI гьабуна,
Гьелда хадуб, тIолалго анбияазул нурал, –
АхIмадил нуралдасан гьелги загьир гьаруна.

Гьанжиги БетIергьанас МухIаммадил нуралде
РахIматалъул балаялъ цойги балай гьабуна,
Гьелдалъун ХIабибасул нуралдасан рухI бижун,
РухIалдасан рижана анбияазул рухIал.

Щивав аварагасул рухIалда загьирлъараб
ГIетIалдасан рижана жив-живасул умматал.
Умматун мархIуматун – МухIаммадил гьаб уммат
Гьесул рухIалда бараб гIетIалдасан бижана.

ГIаламалъулго Халикъ жодее якъинлъидал,
Жодой асллолъун ккарав ХIабибуллагьги лъайдал,
Лъаралда гIамал!u♂ гьабун, тIолго рухIаз ахIана:
«Ла илагьа илла ллагь, МухIаммад – расулуллагь».

Гьелда хадуб Аллагьас цо чирахъ бижанила,
Жанисанги тIасанги матIугIан жиб гвангъараб.
Жив дунялалде вачIун букIине бугеб хIалалъ
МухIаммадил суратги бижанила хадубго.

Халкъалда тIаса вищун, тIокI гьавурасул сурат,
Босун, доб нуранияб чирхъида жаниб лъуна.



Жиндир вижин камилав, камалатал тIорарав
ТIагьал берцинаб сурат къиямалдаго чIана;

Къадирасдаса нечон, гIодов чIезе кIвечIого,
Какилъ гIадин, вахъун чIун, адаб цIунизе лъана;
Манлъулев чи гьечIого, гьабеян абичIого,
Гьаб гIаламалъул Халикъ жинца кIодо гьавуна.

Гьеб чирахъалда сверун тIолго анбияазул
АрвахIаз тIаваф гьабун, нусазарго сон ана.
Элда хадуб Аллагьас халкъалъулго рухIазде
«МухIаммадил нуралде балагье», - ян манлъана.

Балагьун бихьанщинаб гьесул лага халгьабун,
Халикъас гIаламалъул гIамал-пиша бижана.
БетIер бихьараб къокъа хулафаал гьаруна,
Халкъалда гьоркьосанго салатIиналгун цадахъ.

Нодоялде бер щварав гIадилав амирлъана,
Берал рихьарал чиги хIуфазаллъун лъугьана.
Кьунсрул рихьанщиналги накъкъащаллъун гьаруна,
ГIиндул рихьаралазги хIакъаб къабул гьабуна.

КIаркьаби рихьаралги гIукъалаал лъугьана,
КIутIбузде бер щваралги вазирзаби лъугьана.
МегIер бихьараб къокъа – хIакимзаби, тIабибал,
КIал бихьарал абуни, кIалал кколел лъугьана.

Щекъер-мукъулукъалде бер щваралин абуни,
ВагIза-насихIатчагIи, муазинал лъугьана.
Мегеж бихьаразулги мужагьидал лъугьана,
Габур бихьарал чиги базаргабилъун ккана.

КIигъуждул рихьарал чи – фурсанал сайяфаллъун,
Кванарабаб бихьарал хIажамаллъун лъугьана,
КогIабаб бихьаралги жагьилаллъун хутIана,
Кваранаб хъат бихьарал хазиначагIилъана.

КогIаб хъат бихьаралги – кайяллъун, бахилаллъун,
КIиябго хъат бихьарал сахаватал лъугьана,
Кваранаб тIасахъа койр бихьарал – тIаббахаллъун,
КвегIалъул анмалатал рихьарал – катибаллъун.

Кваранаб койрзул килщал рихьарал – хайятIаллъун,
КвегIалъул рихьаралги – хIаддадаллъун лъугьана.
Керен бихьараб къокъа мужтагьидал рахъана,
Мугъ бихьарал абуни, шаргIалъе мутIигIлъана.

ТIагьал хьибил бихьарал гъазизаби рахъана,
Чехь бихьарал абуни, загьидзаби лъугьана.
Накаби рихьаралги – ракигIун-сажидунал,
ХIатIал рихьарал чиги – чанахъаби лъугьана.

Гъоркьа хIатIал рихьарал рилълъине лебаллъана,
РагIду гореб бихьичIел кочIохъаби рахъана.



Щибниги жо бихьичIел – мушрикинал лъугьана,
Мажусиял, ягьудал, насраниял гIадинал.

Расуласул нуралде балагьиго гьабичIел,
Гьеб къокъайин абуни, Аллагьгун дагIбадана.
«Дин» абурабщинаб жо ээ гьереси гьабуна,
Аллагьал жал ругилан лагълъиялъе халкъ ккуна.

Халикъасул къудраталъ дунял-гIалам бижана,
Жиндир ирадаталда хIукму-къадар тIобана,
ХIабибасул черхалде балагьи гьабуниги,
Гьесул, цо-цо сан гореб, киназдаго бихьичIо.

Дунялалде жив вачIун, чIаго вугеб хIалалъги
ХIакъикъияб куцалда киназдаго гьев лъайчIо.
Гьесде иман лъеялъул къадаралда горони,
Къадирас гьесий кьураб гьунар-къуватги лъайчIо.

# МАВЛИДУ-ННАБИЙЙИ ﷺ

Гьанже гӀинтӀаме, вацал, гӀищкъо ножор батани,
ГӀаламалъулго саййид – ХӀабибасул бицинин,
Бицен цебе гьабураб гьесул хӀакъикъияб нур
КъватӀиб загьирлъиялъул мавлидги байбихьизин.

Адамидаса кӀвараб, асслабазулъ накълолъун,
АхӀмадил нур рещтӀана ГӀабдулмутӀалибиде.
ГӀабдулмутӀалибида гьелдаса хадуб макьилъ,
Жиндир мугъзалъан къватӀиб рахас бачӀун бихьана.

Гьеб нуранияб рахас зодобе бахун ана,
Зодоса гӀодоб бачӀун, гӀурччинаб гъойтӀ лъугьана,
ГъотӀода цо херав чи хурхун жинда вихьана,
Мун щивилан гьикъидал, НухӀ вугилан абуна عليه السلام.

НухӀго гӀадин гъотӀода, я гъотӀол гӀаркьелалда
ГӀабдулмутӀалибица хурхине къасд гьабуна,
Гьаб гъойтӀалдасан дуе бутӀа гьечӀин абуна,
Гьенив ГӀабдулмутӀалиб макьидаса ворчӀана.

Хъизан гьабун хадуса Абулагьаб гьавуна,
АбутӀалибгун ГӀаббас, ГӀабдуллагьги гьаруна,
Вугьайбил Гьалат ячун, гьелъ ХӀамзатги гьавуна, –
Гьал щуязулго эмен ГӀабдулмутӀалиб ккола.



Инсуде накълолъараб ХӀабибуллагьасул нур,
Гьесдасан жиндирго вас ГӀабдуллагьиде щвана.
ГӀабдуллагь гӀумруялъул гӀолохъанлъуде вахун,
ГӀабдулмутӀалиб гьесий хъизаналъе ургъана.

Аминат хитӀбат гьабун, Вагьбуда аскӀов ана,
КӀиялгоги разилъун, лъимал данде гьаруна.
Вугьайбил яс Гьалатги гьеб сордоялъ ячана,
Васги эменги цадахъ бахӀараллъун лъугьана.

Эбелалъул ургьибе АхӀмадил нур бачӀиндал,
Бицине хӀал кӀоларел гӀаламатал лъугьана.
Гьеб сордоялъ кӀалъана Къурайшазул хӀайванал:
ХӀабибуллагь гьавизе Аминат къин чӀанилан.

Абу Къубайс абураб магӀарда тӀадги бахун,
МалгӀун-иблис чӀичӀидун, щайтӀаби ракӀарана,
РахӀматалъул Авараг эбелалъул ургьиве
ВачӀун вугилан абун, гучаб магӀил рукъ лъуна.

Ризван малаикасде Аллагьас амро гьабун,
Фирдавсалъул рагьаби гьеб сордоялъ рагьана,
Гьединго амро гьабун, ахӀизе малайк тӀамун,
Зобал-ракьалда жаниб хабарги тӀибитӀана.

ТӀагьа ургьив вачӀарав Аминатида лъайчӀо,
Руччабазе букӀунеб бакӀлъиги жинда хъвайчӀо.

Бакъбаккуда – тӀерхьуда гьоркьоб бугебщинаб ракь,
Бакъ баккидал къад гӀадин, къасе нуралъ гвангъана.

Шамалъул улкаялда Бусраялъул къусурал,
АскӀур ругел кинниги, бераздa цере чӀана.
Расул ургьив вачӀарав тӀоцобесеб моцӀалда
Цо ворхатав чи вачӀун рохел жинда бицана.

Дур ургьив вачӀарав вас – саййиду-л-мурсалина
Вугин, Аминатиде эс мухӀканго абуна.
«Мун щив чи кколев?» – абун Аминатица гьикъун,
Гьесул эмен – Адам дун вугилан жаваб кьуна.

КӀиабилеб моцӀалъги, тӀоцобеселъ кинниги,
Цойги батӀаяв чияс добго рохел бицана,
Дур ургьиве вачӀарав – саййиду-л-аввалина
Ва-л-ахирин вугилан гьесги мухӀкан гьабуна.

«Мун щив чи кколев?» - абун суал гьесийги кьуна,
Шис авараг вугилан данде гьевги кӀалъана.
Лъабабилеб моцӀалъулъ НухӀ авараг вачӀана,
Гьесги Аминатида добго рохел бицана.

Ункъабилеб моцӀалъулъ Идрис авараг щвана,
Щуабилеб моцӀалъулъ Гьуд авараг вачӀана,
Анлъабилеб моцӀалъулъ – Ибрагьим Халилуллагь,
Хадусеб анкьабилелъ – ИсмагӀил – ЗабихӀуллагь.



Микьабилеб моцӀалъулъ – Муса, гӀалайгьи ссалам,
ИчӀабилеб моцӀалъулъ – ГӀиса – РухӀуллагь щвана,-
Щивас Аминатида, дур ургьив вачӀарав вас –
Анбияазул хатам вугин, рохел баркана.

РабигӀул-авалалъул анцӀила кӀиабилелъ
Аллагьасул хазина халкъалде загьирлъана.
Халикъасул балъгояб нуру-л-макнуналдаса
Пардавал нахъе росун, зобал, ракьал гвангъана.

Зодоса гӀодор рещтӀун малайкзаби рачӀана,
Малайкзабазда кодоб цо-цо байрахъ букӀана,
Бакъбаккуда, тӀерхьуда, КагӀбаялъул тӀохалда –
Малайкзабазул койралъ лъабабгоги гьеб чӀвана.

Зобалаздасан цӀваби, далун гӀодоре рачӀун,
ГӀаламалъе ракарал чирхъал гӀадин рукӀана.
Рагьун зобал рачӀана, хӀанчӀазул бо рещтӀана,
Зубаржад-якъуталъул куркьбал гьезда рукӀана.

Гьел берцинал хӀанчӀазул сураталда жал ругел,
Сверун Аминатил рукъ малайкзабаз босана.
Байтуллагьалда гӀадин, сверун тӀавафал гьарун,
ТӀагьал рохел гьабулел рогьинегӀан рукӀана.

Рокъов чиго гьечӀого жийго цохӀо йикӀарай,
РакӀкъварилъун Аминат рахӀат дагьлъун лъугьана.

Рахсал меседил рарал гӀарцул абарикъалгун
Амлаказул цо къокъа гьаваялда бихьана.

Къечарай Аминатил лъин гьекъезе къасд ккана,
Койр бегьун ибрикъазул цояб жинца босана.
Бераздаги бихьичӀеб, бицунаги рагӀичӀеб,
ГӀаздадаса цӀорораб шараб жинца гьекъана.

Къечалъул хӀал тӀаса ун, Аминат рахӀатлъана,
ВахӀдаталъул рахӀатхой жеги рекӀелъ букӀана,
Берцинлъиялъул рахъалъ жал гӀадинал рижинчӀел
Руччабазул жамагӀат жинда тӀаде лъугьана.

Гьел хӀурулгӀинзабазулъ, залимав ФиргӀавница
Зулмуялдалъун чӀварай, Асиятги йикӀана.
Аминат къачӀадарай, чӀарахъанлъи гьабурай –
Гьей имраату-л-ФиргӀавн йикӀарайин бицана.

ГӀавфил ГӀабдуррахӀманил эбел – Аминат гьелъий
Къабилатлъун йикӀанин абуралги лъугьана.
АхӀмад гьавурав хӀалалъ «РахӀимакаллагь» абун
Малаикас ахӀулеб гьаракь гьелда рагӀана.

Алжанул хӀурулгӀиназ сверун йосун йикӀаго,
Виладаталъул унти Аминатий цӀикӀкӀана.
ЦӀакъ кӀудияб, берцинаб, цо гьайбатаб хӀинчӀ бачӀун,
ГьебсагӀат Аминатил чехьалда милъир хъвана.



Ралъдал тӀиналда жанив жавгьар гӀадин вацӀцӀадго,
МоцӀ гӀадинаб гьомергун ХӀабибуллагь гьавуна.
Гьеб сардил хиралъиги Лайлату-л-къадриялъул
Хиралъиялдасаги Халикъас тӀокӀ гьабуна.

Гьавураб сагӀаталда такбир бачун кӀалъана,
Аллагьасе рецц гьабун, суждаялда речӀчӀана.
РахӀманасдехун вуссун гаргадизе жована,
ЖужахӀалдаса уммат тархъейилан гьарана.

Умматалъул горони рухӀи жиндие гьечӀев,
Гьавураб сагӀаталъго ургъел гьезул гьабурав, –
Гьединав ХӀабибасул умматлъун нилъ ругелъул,
РачӀа, гьев кӀодо гьавун, гьанже тӀаде рахъинин!

ТӀадегӀанав Аллагьас икрам жиндий гьабурав
Гьесий нилъ тӀаде рахъин цӀакъго дагьаб жо буго,
Жиндий гӀоло махлукъат бижарав ШафигӀасе
Щукру гьабун нелъехъа рагӀалде бахъинаро.

Ралъдал тӀиналда ругел тӀолго магӀадиназе
МустахӀикъал къиматал кьезе бажаруларо,
РахӀматлъун жив витӀарав Авараг гьев вугелъул,
Нелъедаго хӀалкӀвараб гьабизин гьесий тагӀзим!

## МАХIАЛЛУ-КЪИЯМ (ТIАДЕ РАХЪУНЕБ БАКI)

Мархlаба, Хlабибуллагь,
Лъикl щварав, Нуруль-гьуда!
Мархlаба, Хlабибуллагь,
Лъикl щварав, Гlиззуль-гlараб!

Мархlаба, Хlабибуллагь,
Лъикl щварав, Абул Къасим!
Мархlаба, Хlабибуллагь,
Лъикl щварав, Абу Тlаййиб!

Мархlаба, Хlабибуллагь,
Лъикl щварав, Нигlматуллагь!
Мархlаба, Хlабибуллагь,
Лъикl щварав, Рухlуль-къуддус!

Мархlаба, Хlабибуллагь,
Лъикl щварав, Гlайнуль-гlиззи!
Мархlаба, Хlабибуллагь,
Лъикl щварав, Гlайну-ннагlим!

Ла илагьа илла ллагь,
Мухlаммад – Расулуллагь!
Ла илагьа илла ллагь,
Мухlаммад – Хlабибуллагь!



Ла илагьа илла ллагь,
Мухlаммад – Набийюллагь!
Ла илагьа илла ллагь,
Мухlаммад – Сафийюллагь!

Ла илагьа илла ллагь,
Мухlаммад – Каримуллагь!
Ла илагьа илла ллагь,
Мухlаммад – Рахlматуллагь!

Ла илагьа илла ллагь,
Мухlаммад – Аминуллагь!
Ла илагьа илла ллагь,
Мухlаммад – Сиратlуллагь!

Ла илагьа илла ллагь,
Мухlаммад – Нажиюллагь!
Ла илагьа илла ллагь,
Мухlаммадун – Сайфуллагь!

Ла илагьа илла ллагь,
Мухlаммадун – Зикруллагь!
Ла илагьа илла ллагь,
Мухlаммадун – Хlизбуллагь!

Дур мавлид кIодо гьабун, берталъе рачIун ругин,
ВачIа мунги гьоболлъухъ, гьарула дуда, ХIабиб!
Дур щафагIат щоялде анищ-хьулалда ругин,
Щва нежер мажлисалде, гьарула дуда, ХIабиб!

Дур умматлъун ратидал рохел гьабулел ругин,
Рохел гIахьал гьабизе, гьарула, вачIа, ХIабиб!
ВачIиналде божигун ниж тIаде рахъун ругин,
Жаваб разиго гьабе, гьарула дуда, ХIабиб!

Рокьи дуде букIиналъ данде ракIарун ругин,
РахIмат бикьизе вачIа, гьарула дуда, ХIабиб!
Гьидаяталъул гъапу рагьизе кIолеб гьечIин,
КIулалги росун вачIа, гьарула дуде, ХIабиб!

ХIаяъ тун ахIи байдал гIайиб гьабуге, ТIагьа,
АтIфалаз умумузул адаб ккун бахъунарин,
Адабтей махIаббаталъ жанибго гIанкъулелъул,
Нежер адаб теялда чIогого тIаса лъугьа!

Я, Рабби, берцин гьабе ХIабибасул хобгин рухI,
Гьуинал махIаздалъун, свалат-саламалдалъун!
Я, Рабби, ризкъилъун кье ХIабибасул шафагIат
Гьаб нежер мажлисалда данделъаралщиназе!

Амин Аллагь, я Аллагь! Амин Аллагь, я Аллагь!
Амин Аллагь, я Аллагь, къабул гьабе, БетIергьан!



## Авараг ﷺ гьавидал загьирлъарал мугIжизатал

ХIабибуллагь – МухIаммад гьавураб сагIаталда
Восун аскIусаги ун, эбел къварид хутIана,
Аллагьас амро гьабун, зодосан малайк вачIун,
Машрикъгун магърибалде жив сверизе гьавуна.

Зобалазда-ракьазда, гIадамазда-женазда
Жиндир виладаталъул хабар лъайзе гьабуна,
Халикъасе хирияв АхIмадихъ ралагьизе
ХIуралгун малайкзабаз боял гIуцIун рукIана.

ГIаламалъулго эмен – Адамихъе вачана,
Икрам-тахIийят гьабун, гьесги кIодо гьавуна,
КIиябго берда гьоркьоб, нададла убач гьабун,
«Дир хирияв вас», – абун, вохун дандчIвай гьабуна.

Гьаб рехсараб куцалда зобал-ракьалги сверун,
СагIат гьоркьоб инчIого ХIабиб рокъове щвана,
Къваридго жий йикIарай эбел – Аминатида,
«Гьале дурго вас», – абун, восун кодове кьуна.

Расул жиндилъ гьавураб сордо – итни букIана,
Иргьасатал халкъалъе гIемерал загьирлъана,
Гьеб сордоялъ КагIба-рукъ кутакалда кIобокIун,
Киналго къеда рарал хъанчал гIодоре гъана.

ГӀабдулмутӀалибица, тӀаваф гьабулев вукӀун,
Гьедин КагӀба багъарун жинда бихьи бицана.
Жигиги, тӀохаб рахъалъ гӀодобехунги буссун,
Сужда КагӀбаялъ гьабун, гьебги жинда бихьана.

Гьелде тӀаде, КагӀбаялъ, «Аллагьу акбар» абун,
КӀицӀул такрар гьабулеб, гьебги гӀинда рагӀана.
«Вулида МухӀаммадун гӀалайгьи ссалам», – абун,
Рохел гьабун Байтуллагь хадубги гаргадана.

Гьаватифалъ ахӀулеб цойги гьаракь рагӀана:
Аминатица къассе МухӀаммад гьавунилан.
Аминатил цӀар бахъун гьаракь жинда рагӀидал,
ГӀабдулмутӀалибие цӀакъго хӀалхьи тӀагӀана.

ХӀалхьи тӀагӀиналъ вачун тӀадвуссун рокъов ана,
Аминатил хӀал цӀехон хабар лъайзе вахъана.
ХъахӀаб накӀкӀалъул рагӀдукь гьелъул хӀужра бихьана,
Гьаб дида бихьулеб жо макьудайилан ккана.

Кьижунги дун гьечӀилан берал жинца кӀойкӀана,
БатӀаяб бакӀилан ккун щакдаризе бачӀана.
Рукъалъул кӀалтӀеги ун, «Аминат!» - ан ахӀана,
Аминат, нуцӀа кьирун, къватӀиехун яккана.

Къимат кьезе кӀолареб гӀажаибаб мискалъул
МахӀалъ ГӀабдулмутӀалиб сакран гӀадин лъугьана,



Лъугьараб жо бугищан гьикъа-бакъи гьабуна,
Гьелъ, МухӀаммад гьавунин, рохел жинда бицана.

Рокъов жанив лъугьине къасд жиндица гьабуна,
Бахъун кодоб хвалченгун цо чи цеве лъугьана,
Малайкзабаз гьабулеб зиярат тӀобайчӀого
ТӀаде инсан веччайзе изно гьечӀин абуна.

Эбелалъул ургьиве АхӀмад вачӀараб сордо –
Ражаб моцӀрол хирияб Рузман букӀанин буго,
Халкъул гӀаламалдаго гьеб сордоялъ рихьарал
РикӀкӀине хӀал кӀойлаpо тӀолалго мугӀжизатал.

ТӀолабго дунялалда ханзабазул тахбакӀал
КӀалагъоркье буссинчӀеб цохӀониги хутӀичӀо.
Цинги жалго ханзаби ахрасаллъун гьаруна,
Гьеб къоялъ рагӀи бицун кӀалъайзе гьезда кӀойчӀо.

Машрикъгун магърибалъул вухӀушал, рохел бицун,
Цуцахъе зиярталъ заманаялъ хьвадана.
Ралъдал хӀайваназулги гьебго хӀисаб букӀана,
ХӀабиб гьавун тезегӀан нахъасаго къотӀичӀо.

Къурайшиязул боцӀи цӀергӀадин гаргадана:
Расулуллагь гьавизе Аминат къин чӀанилан.
Анлъго моцӀ АхӀмадица ургьиб бараб мехалда,
ЦӀар МухӀаммад лъейилан манлъизе малайк щвана.

Маккаялда вукIарав Шамалъул ягьудияв
Гьев гьавураб сордоялъ цIехолдизе лъугьана.
Лъабго хасав малаик, АхIмад гьавураб сагIат
Гьев зодов вачинелде, хъулухъалъе вачIана.

РихIу-л-миск жинда бугеб ибрикъ цоясда кодоб,
Цойгиясухъ абуни, меседил тIаст букIана.
ТIасталъул ункъо рахъалъ ункъо жавгьар букIана,
Гьаб тIаст дунял бугилан малайкас лъай гьабуна.

Бокьараб рахъ босеян ХIабибасде абуна,
ХIабибас хирияб койр тIасталъул бакьулъ лъуна,
Лъаларев, вихьуларев чияс гьаракь гьабуна:
Гьес баркат бугеб маскан КагIба-рукъ босанилан.

Къиблалъунги Аллагьас гьесийгин умматалъе
Гьеб КагIба-рукъ гьабунин, гьебги лъайзе гьабуна.
Лъабабилесда кодоб, тIатIала чIван сукIараб,
Бараб гIазугIан хъахIаб, цIакъаб дарай букIана.

Дарайдулъ жемун лъураб нубувваталъул мугьру
Босун Ризван малайкас бугьналогода чIвана,
Мугьру чIвалелде цебе кIиявго малаикас
Ибрикъалъ тIун тIасталъуб анкьцIолго черх чурана.

Аминатил ургьибе АхIмадил зат буссиндал,
ХIижаз-гIарабияздa ракъул сон тIаса ана.



Зодосан рахIмат рещтIун, ракьулъан ризкъи баккун,
Баракатал гIемерлъун, батIаяб хIал лъугьана.

Гьавураб сордоялъги Кисрал хъала биххана,
Хъанч абурабщинаб жо кIалагъоркье буссана,
Фурсазул азар соналъ ракарал цIаял свана,
Лълъинал къун, къварилъи ккун, киналгоги гIодана.

Гьавидалги хойдалги халкъалъе рахIматлъарав,
Рауфун РахIим абун, сифат жиндий гьабурав,
Гьадинав ХIабибасул умматлъун нилъ ругелъул,
Амроялда нахърилълъун, битIизин гьесде свалат!

*Мавлая свалли ва саллим даиман абадан,*
*ГIала ХIабибика хайри-л-халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб свалат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв Дур ХIабиб – АхIмадида!*

## Аварагﷺ хахизе ХIалиматихъе кьей

Мадиналде аралъув эмен – ГIабдуллагьги хун,
Эбелалда ургьивго АхIмад бесдал хутIана,
Абу Лагьаб абурав ХIабибасул имгIалас,
Жив гьавун рохел бицун, гъаравашги тархъана.

Цинги, гIарабиязул гIадат билълъун букIана
Лъимер гьабураб мехалъ хахизе чидахъ кьолеб,

Кьибил-тухум батIаяй мурзигIатги ялагьун,
Гьей разияб мухьги кьун къотIи-къайги тIобалеб.

Къадирасул рахъалъан халкъалда лъайзе гьабун,
«Гьаза МухIаммад бину ГIабдуллагь» - ан ахIана, –
«Гьесий керен кьуралъе кутакаб рохел», - абун,
Хахизе гьев щваралъе сагIадатги баркана.

БетIергьан Аллагьасде хIанчIаз гьари гьабуна:
Гьев МухIаммад хьихьизе нежей изно кьейилан,
Ракьалда бугебщинаб лъикIаб-тIокIаб нигIмат кьун,
ТIагьае хидматалъе ниж хIадурал ругилан.

Нежеца дунялалъул машрикъгун магърибалде
Щойзе гьавун хьихьилин хъахIнакIкIазги гьарана.
Гьесий тарбияталъе мустахIикъал ниж ругин,
Нежеца хьихьилилан малайкзабиги чIана.

Киназдего Къадирас: «Къад ажрайту залика
ГIала яди ХIалимат сагIдийят», - ан абуна.
АхIмадил рахьдал эбел ХIалимат йикIин бицун,
Хьул гьезул къотIизабун, Къадирас баян кьуна.

ХIалиматий вас гьавун анкьго сордо-къо ана,
Дагьаб къадар горони кваназе жо щойчIого,
Каранда рахь гьечIого васги язихъ вукIана,
ВачIун макьилъ цо чияс ХIалиматил койр ккуна.



Рахьгlан хъахlаб, бацlцlадаб, гьоцlоrlан жиб гьуинаб
ГIурул рагIалде ячун, гьекъейилан абуна.
Гьениса лъин гьекъана, ракъи-къеч тIаса ана,
«Дун лъаларищ дуда?» - ян ражул гьелда кIалъана.

Лъаларин жаваб гьабун, щивдай вугоян ккана,
Щив мунин гьикъилелде ражулас жаваб кьуна,
Дуца щибаб хIалалъулъ «АлхIамду лиллагь» абун,
Аллагьасе гьабулеб рецц бугилан бицана.

Цинги, «Дуй Маккаялда гIатIидаб ризкъи бугин,
Боссе хехго а, – йилан рохел гьелъий баркана. –
Гьаб дурго шаъно-хIалги балъго те», - ян манлъана,
Макьидаса ХIалимат гьебсагIаталъ йигьана.

Гьекъараб гIор кинниги, каранда рахь батана,
Киналниги руччабаз гIажаиблъи гьабуна,
Гьелда хадуй гIалхуде, гIурччинлъи тIалаб гьабун,
Руччабазул къокъагун ХIалиматги яхъана.

Авлахъалда рукIаго вихьуларев чиясул,
Руччабазда рагIараб, гьаракь ахIун бачIана:
Гьавуна Маккаялда баракат гьарзаяв вас,
Гьев хахизе щваралъе кIудаб рохел бугилан.

Рокъоре тIадруссана, россабазде бицана,
Баркат бугев васасде киназулго къасд ккана.

Маккаялде жал ана, анцlго чlужу йиклана,
Элгун цадахъ хlамагун Хlалиматги яхъана.

Хlамузда гъорлъ бищунго гьеб хlалакъаб буклиналъ,
Къапилаялдаса жий нахъе кколей йиклана.
Вуклинчlеб баклалдасан цо чи ваккун вачlана,
«Нахъе ккезе чlоге», - ян, хlамаялда кьабуна.

«Хlабибасул мурзиглат, Маккаялде хех щойзе
Хехлъи дуца гьабе», - ян гьаб амроги гьабуна.
Гьалмагълъиги нахъа тун, хlама цебе кlанцlана,
Хlалимат мугъалдагун чу гlадин билълъанхъана.

Руччаби, разигl цlехон, Маккаялда хьвадана,
Мухlаммад – Хlабибуллагь киназго нахъе чlвана,
Нахъа эменго гьечlев бесдал ятимасдасан
Хайирго щойларилан щиялъ пикро гьабуна.

Бечедал гlадамазе, мискинай йигин абун,
Мурзиглатлъун гьайизе Хlалиматги йокьичlо,
Хlалимат хутlизегlан киналгоги руччаби,
Хахизе лъималги щун, мурадалде рахъана.

Мурадги тlобайчlого тlадюссине захlмалъун,
Хlалимат, разигl цlехон, сверседулей йиклана,
Гlабдулмутlалиб дандчlван, разиглго гьечlищ абун,
Гьесде Хlалиматица гьикъа-бакъи гьабуна.



Гьес «Ятим вугин абун, руччабаца гьоркь тарав,
Гъулам вугилан», – абун, хlакъаб рагlи бицана.
Хlалимат цlакъ йохана, гlемерго разилъана,
Гlабдулмутlалибица дур цlар щибан гьикъана.

Сагlдиязул Хlалимат дун йигилан бицана,
Цинги Гlабдулмутlалиб живгоги разилъана,
Сагlида ва хlалима – кlиябго рагlиялъулъ
Гlиззу-л-абад бугилан рохалида кlалъана.

Кlиязулго рахъалъан рагlи цуцаде ккана,
Цинги, ячун, Хlалимат рокъой лъугьинаюна,
Разигl жинда вихьана, гьайбатав вас ватана,
Гьесухъ, кереналда тlад койрги лъун, ялагьана.

Гьимулаго Хlабибас кlиябго бер рагьана,
Бераздасан баккараб нуралъ дунял гвангъана.
Кваранабаб керен кьун, Хlабиб хахизавуна,
Хадуб, квеглабаб кьедал, гьелде инкар гьабуна.

Унго, халгьабун бихье Хlабибасул карамат,
Каранда жив вуклаго гlамалалъулъ ритlухълъи,
Рахьдал вац Зумрат вуклун, гьесулъ ращалъи гьаби –
Гьаб мугlжизат гlун гьечlищ разиглсасул хlакъалъулъ.

Гьадинав Хlабибасул умматлъун нилъ ругелъул,
Амроялда нахърилълъун битlизин гьесде свалат!

*Мавлая свалли ва саллим даиман абадан,*
*ГӀала ХӀабибика хайри-л-халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб свалат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв Дур ХӀабиб – АхӀмадида!*

ХӀабибуллагь щоялъе щукруги гьабулаго,
Гьев кодовгун ХӀалимат хӀамаялда рекӀана,
ХӀабибас, КагӀбаялде гьомерги буссинабун,
БетӀергьан – Аллагьасе лъабцӀол сужда гьабуна.

Гьелдаса хадуб хӀама хӀисаб хун лебаллъана,
Лебалаб айгъир гӀадин, цебе-цебе билъльана.
Балагьун руччабаца гӀажаиблъи гьабуна,
Гьаб цо хӀикмат бугилан тамашалъун хутӀана.

Гьездехун буссун хӀама пасахӀатго кӀалъана:
«Антунна фи гъафлатин гӀанни, - йилан абуна, –
ГӀала загьри ракибу-л-буракъи гьечӀищ», – абун,
ЧӀухӀун, бохун хӀамаялъ хӀикмат гьезий бицана.

Гьезул хӀамул нахъа тун, ХӀалимат цее ана,
ХӀабибасе нух ккурал насраниял ратана,
Рортун аскӀуре рачӀун, АхӀмадихъ ралагьана,
Гьале дов матӀлуб абун, чӀвазе хивал гьабуна.

«Ва МухӀаммад!» - ан абун, ХӀалимат чӀичӀидана,
ХӀабибас кӀиябго бер зодоб буссинабуна,



Зодосан гӀодоб рещтӀун къуватаб цӀа бачӀана,
КӀикъоявго капурчи рахъу гӀадин лъугьана.

Росас ХӀалиматиде, гьав васасул кӀудияб
Шаъну-хӀал бихьулищан, тамашалъун абуна.
Гьаб хӀалалда ХӀалимат ХӀабибгун рокъой щвана,
ХӀабибасул баракат гӀорлъун тӀаде чвахана.

ГӀиязул рахь цӀикӀкӀана, магӀишат берцинлъана,
ГӀадамал хӀайранлъараб хӀал рукъалъул лъугьана,
ХӀабиб хахизе щварай СагӀдиязул ХӀалимат,
СагӀадаталъ сверун ккун, рахӀматалъулъ тӀерхьана.

РахӀманасул МахӀбубги гӀун вачӀине лъугьана,
ГӀел хехлъиялъ абуни, цебесеб бакӀ босана.
Цо къоялъ – моцӀ баравгӀан, моцӀалъ – лъагӀел баравгӀан,
Рельедаса рогьинде кӀодолъулев вукӀана.

КӀиго лъагӀел тӀобайдал гьевги вачун ХӀалимат
Чохьол эбелалъухъе зиярат гьабун ана,
АхӀмадидасан жиндий щвараб баракаталъул
Щукру гьабун, разилъун Аминатий бицана.

Маккаялда букӀараб вабаъ щоялда хӀинкъун,
ХӀалимат васгун цадахъ гьекко нахъе йитӀана.
Гьелда нахъияб соналъ СвахӀибу Расулиллагь –
Сиддикъун акбар, ГӀатикъ – Абубакар гьавуна.

Ункъго соналде гӀумру ХӀабибасул бахиндал
Жиндир рахьдал вацазул эбелалде цӀехана,
Дур баракаталдалъун Аллагьас нелъей кьураб
ГӀиялгун маргӀаялда гьел рукӀунин абуна.

Гьелгун цадахъ рехъаде живги веччай гьарана,
Нахъияб къоялъ радал кьоло-гьолон къачӀана.
Къо инегӀан ХӀалимат гьесухъ чӀалгӀун йикӀана,
Бакъанил мех щун хадуй нухде данде яхъана.

Дунял-гӀалам гвангъараб нуралъул чирахъ гӀадин,
Рехъенгун ХӀабиб вихьун, ХӀалимат цӀакъ йохана.
ХӀамзат абун цӀар бугев жиндирго васасдехун
Вацасул щиб кканаян гьикъа-бакъи гьабуна.

Къурайшияв вацасул рихьарал мугӀжизатал
ХӀамзатица цо-цоккун эбелалъе рицана,
АхӀжаралгин ашжарал, вухӀушалгин тӀуюрал, –
ТӀолазго гьесий салам кьолаанин абуна.

Ракьалда тӀад щиб бакӀалъ хӀетӀе жинца лъуниги,
ХӀетӀ лъураб бакӀ, хер бижун, гӀурччинлъиги бицана.
ГӀи гьекъезе аралъур лъим гъуйил тӀиналдаса
ТӀаде бахун бачӀанин, гьебги баян гьабуна.

Гьединго, цо кӀкӀалахъе жанире жал лъугьиндал,
Данде бортун ццидалаб гъалбацӀ бачӀин бицана,

Цинги, МухӀаммадида бер жиндир щун хадуса,
Гьесда цебеги бачӀун, бегун чӀанин абуна.

«Ассаламу гӀалайка, я МухӀаммад», - ан абун,
ФасихӀаб мацӀалдалъун салам кьейги бицана,
Цинги, аскӀувеги ун, гъалбацӀалъул гӀинзуниб,
Балъгояб кӀалъай гьабун, шуранинги бицана.

Адаб тей жиндаса ккун, нечараб хӀисабалда,
Бахъун тӀадегун гъалбацӀ тӀадбуссинги бицана.
Цинги: «Уктум гьаза гӀан агьлика я бунайя», –
Абун гъалбацӀ кӀалъанин тӀаде баянги кьуна.

Гьадинав ХӀабибасул умматлъун нилъ ругелъул,
Амроялда нахърилълъун битӀизин гьесде свалат!

*Мавлая свалли ва саллим даиман абадан,*
*ГӀала ХӀабибика хайри-л-халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб свалат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв Дур ХӀабиб – АхӀмадида!*

Рехсараб ункъо сонил гӀумруялъулъ вукӀаго,
ГӀиялгун авлахъалда лъималазулъ вукӀана.
Лъабго малаик, вачӀун, жинда сверун лъугьана,
Лъабасулго цоявав, чехь ссун, ургьив ваккана.

Ургьимес, къватӀиб бахъун, гӀаздаца цӀакъ чурана,
ГӀазугӀан бацӀцӀад гьабун, букӀухъе жаниб лъуна.

Кlиабилев малайкас койр бегьун ракl бахъана,
Ракlалдаса чlегlераб нукътlа нахъе рехана.

Нуралъул мугьру чlвана, бацlцlад гьабун чурана,
Аллагьасул балъгоял гlулумал жанир тlуна.
Нубувваталъул нуралъ керен гвангъизабуна,
Гвангъараб чирахъ гlадин, жаниса вацlцlалъана.

Жиб букlараб баклалда ракl парахат гьабуна,
Ахирисев малайкас чехьалда койр бахъана,
Чехь сураб ругъуналъул лъалеб асар хутlичlо,
Халикъасул къудраталъ жирахlат тlобитlана.

Къурайшияв вацасе гьабги-гьабги кканилан,
Ккарабщинаб бицине Зумрат рокъов вортана.
Россгун цадахъ Хlалимат, ахlуд яхъарай гlадин,
Хlабибасул хlал цlехон хехго къватlий лъугьана.

Гьормал кьерги батlалъун Тlагьа жинда ватана,
«Дуй лъугьараб щиб?» – абун, йихха-йичун кlалъана.
Лъабго малаик вачlун жиндие гьабунщинаб,
Гьади-гьадин кканилан Хlабибасги бицана.

Хlабибасе зарал ккун гlайиб щоялда хlинкъун,
Хlалиматил росасул реклел хlалхьи тlагlана.
Тlадвуссун эбелалъухъ щойзе гьавун лъикlилан,
Кlиялго цадахъ ургъун хlукму гьелда къотlана.



Хlабиб ватlалъиялда керенги бежулаго,
Бухlараб магlоялъул гlор беразги тlолаго,
Баркат гlемерав Тlагьа, «Гьале дурго вас», – абун,
Вачун Хlалиматица Аминатихъе кьуна.

Ахlмадил керен ссун ракl, ункъо нухалъ чурана,
Ункъалъулго цебесеб бицун араб букlана,
Анцlго соналде щойдал кlиабизе чурана,
Балугъалде щун хадув рацlцlалъи камиллъизе.

Лъабабилеб – вахlюгун Жибрил щойдал чурана,
Жинде гьабураб вахlю баччизе хlалкlоялъе.
Мигlражалъул сордоялъ ункъабилеб чурана,
Аллагьгун кlалъалелъул ракl къуваталда чlезе.

## Аварагасул ﷺ эбел хвей ва гьев хьихьизе имгlал Абу-Тlалибихъе ккей

Анлъабилеб соналъулъ Ахlмад вугеб мехалда
Аминат, гьевги вачун, Мадинаялде ана,
Мадиналде унаго, я нахъе ячlунаго,
Нухаб къадар тlаде щун, Иваалда юкъана.

Ахlмадий керен кьурай, Хlабибуллагь хахарай
Хlалиматида цее Сувайбатги йикlана.
Сувайбатида Хlабиб дагьал къояз хахана,
Хирияв имгlал – Хlамзат, гьевги цадахъ вукlана.

КIиявго Сувайбатихъ цадахъ хахиялдалъун
ИмгIал ХIамзат жиндие рахьдал вацги лъугьана,
Жив гьавун рохел бицун Абулагьаб-имгIалас
Тархъарай дой гъараваш гьай Сувайбат йикIана.

Расулуллагь хахарал руччаби микьго руго:
ЧIохьол эбел – Аминат, кIиабилей – Сувайбат,
Хавлатгун Уммукулсум, сагIдиязул рахъалъан
ХIалимат малъичIого, лъабайгоги ГIатикат.

Иваалъул ракьалда эбелги хун хутIидал,
Умму-Айман абурай, инсул ирсалъе щварай
Гъараваш цадахъ йикIун, хIазинатлъун гьейги чIун,
Гьелъ, вачун, ХIабибуллагь кIудав инсухъе кьуна.

Микьго сон тIобайзегIан кIудав инсухъ вукIана,
КIудав эмен хун хадув имгIаласухъе ккана,
Аманат гьавун ХIабиб имгIаласда тIад вухьун,
Васиятги букIана кIудав инсул гьабураб.

Вацасул вас кодов щун, АбутIалиб вохана,
Хира гьавун, тIокI гьавун ХIабиб жинца хьихьана,
ХIабибасул баракат рокъобеги рещтIана,
Рукъалъул магIишатги гIемерго лъикI лъугьана.

Гьевгун цадахъ кванайдал, койн дагьаб бугониги,
Баракат гIемерлъиялъ хъизанго гIорцIулаан.



АхIмадил шаъно-хIал лъан, гьевгун ургъун горони,
АбутIалиб-имгIалас щибго гьабулароан.

Шамалъул улкаялде, ХIабибги цадахъ вачун,
Цо нухалъ АбутIалиб даран-базаралъ ана.
АнцIила кIиябго сон Расуласул букIана,
Бусраялде жал щойдал кашишасда рихьана.

Насранияб диналъул гIелму жиндие щварав,
ГIисал Инжил цIалулев, цIар – БахIира букIана.
БахIира аскIов вачIун, гьикъа-бакъи гьабуна,
«Гьав вас кисса?» - ян абун, цIехолдизе лъугьана.

Нежер тIахьазда жаниб бицен жиндир батулев,
Ахир-заманаялъул авараг вугин чIана.
«Авараг гьав вас вукIин дуда кин лъалеб?» – абун,
АбутIалиб гьесдехун гьикъардизе лъугьана.

Нуж гьанир гIагарлъидал гамачI, гьецIо, гьойтIгин рохь
Суждаялда чIанилан БахIираца абуна,
Авараг горевасул гьадинал мугIжизатал
Загьирлъуларин абун, баян жинца гьабуна.

Бугьналогода гьоркьоб чIвараб мугьру бихьана,
Набиюллагь горесда букIунарин абуна.
Адаб-хIурмат гьабуна, гьоболлъухъе ахIана.
ХIабиб варанабазда аскIовго тун вукIана,

Ахlизе чи витlана, Хlабиб кванде вачlана,
Вачlунелъул, чlаралъув наклклул ралlдукь вуклана.
Наклклалъ ралlад гьабулеб гlадамазда бихьана,
Гьав васасул цо шаъно бугилан гаргадана.

Румазул анкьго малгlун Хlабиб чlвайзе вортана,
Хlалай кашишги лъугьун, квешги лъиклги нахъчlвана.
Кашишас, ягьудазул заралалдаса хlинкъун,
Хlабибги вачун хехго тlадруссаян манлъана.

Нахъияб соналъ Хlабиб Яманалдеги ана
Имгlалзаби – Зубайир, Гlаббасил гьалмагълъигун.
Гьелда хадув, анцlила микьабилеб соналъулъ,
Абубакаргун цадахъ цойги Шамалде ккана.

Цо кашиш данде вачlун, Аллагьасул цlар бахъун,
Нахъзаманалъул расул гьав вас вугин гьедана.
Гьелдалъун, Расуласул Рисалат къабул гьабун,
Исламалде тlоцове Абубакар вачlана.

## Авараг ﷺ Хадижатил дарангун Шамалде ин ва гьес гьей лъадилъун ячин

Абутlалиб-имгlалгун Къурайшиязда гьоркьов,
Къоло щуго соналде Хlабибуллагь вахана.
Хlабибасул камиллъи, каламалъул ритlухълъи
Киналго гlадамазе мисаллъунги буклана.



Боцlи-малги гlемерай, гlакъло-лъайги камилай,
Къурайшиязда гьорлъго жиндир къадро борхарай
Хувайлидил Хадижат, Расуласул баркат лъан,
Базаргун Шамалде гьев витlейилан гьардана.

Абутlалиб разилъун, Хlабибасулгун дандбан,
Хlукму витlизе гьабун, Хадижат цlакъ йохана.
Даран-базаралда тlад бетlерлъун Хlабиб тана,
Хlабиб цlунеян тlадкъан Майсаратги витlана.

Сукъу-л-Бусраялде щун цо гьотlол ралlдукь чlана,
Нестlур абун цlар бугев рагьибасда рихьана,
Майсарат рагьибасда гьоркьгоги лъалев вуклун,
Гъойтlалда гьоркь чlарав вас щив кколеван гьикъана.

Макка-хlарамалдаса Къурайшияв вугилан
Шамалъул рагьибасе къокъаб жаваб гьабуна.
Жеги гьаб гьотlол ралlдукь аварагlлъун гьечlев чи
Чlечlин Майсаратиде гьедун рагьиб клалъана.

Расуласда асклув ун, рагьибас халгьабуна,
Гьесулъ нубувваталъул гlаламатал рихьана.
Цо гlаламат хутlанин, гьебги бихьизабеян,
Бугьналогода чlвараб мугьруялде ваккана.

Мугьру-нубувваталъул кенчlолеб нур бихьидал,
Кинабго хlакълъанилан Хlабиб ритlухъ гьавуна.

Тlахьазда бицен бугев ахир-заманаялъул
Авараг мун вугилан нугlлъи жинца гьабуна.

«Гьаб гъотlокь дида хадув авараг горев гlадан, -
Гlисаца, – чlезе гьечlин», – абурабги бицана.
Чlезе вугин абурав аварагасул сифат
Рагьибасда киналго Хlабибасулъ ратана.

Гьадинав Хlабибасул умматлъун нилъ ругелъул,
Амроялда нахърилълъун битlизин гьесде свалат!
Мавлая свалли ва саллим даиман абадан
Гlала Хlабибика хайри-л-халкъи куллигьими!

Гьанжи хирияв Хlабиб базаралде вуссана,
Силгlат-къай къватlиб бахъун, дармиде байбихьана,
Дармилъ, Хlабибасулгун цоясул ихтилаф ккун,
Гьесие Хlабибасул рацlцlалъи лъай бокьана.

Рацlцlалъи тlалаб гьабун гьев чияс Хlабибасде
Латгин гlуззаялдалъун гьедейилан абуна.
Гьездалъун дун кидаго гьедичlилан Хlабибас,
Чlванкъотlараб жаваб кьун, гьесул кlал-мацl къотlана.

«Ал-къавлу къавлука», - ян Хlабибги ритlухъ гьавун,
Гьав вас авараг вугин диналдалъун гьедана.
Нежер тlахьазда жаниб жиндие рецц гьабурав
Расул гьав вуго абун, гьесги нугlлъи гьабуна.



Даран-базар битlана, гlемераб хайир щвана,
Гlакъло нахъгlунтlулареб берцинаб сапар ккана.
Майсарат хlайранлъана, Хlабибасде кlалъана,
Кlикъого нухалда жив Шамалде щой бицана.

Цохlониги нухалда хайир, гьанжи гlадинаб,
Хадижатий ккечlилан Майсарат мукlурлъана.
Майсаратида Хlабиб кутакалда вичlчlана,
Кинабниги ишалъулъ эсие мутlигlлъана.

Сапаралъул байбихьи ахиралде щойзегlан
Рихьарал гlаламатаз Майсарат гlажизлъана.
Мухlаммад – Хlабибуллагь кивехун свераниги,
Гьесда цадахъ хьвадулеб наклклул парча буклана.

Наклклуца рагlад гьабун, бакъул бухlиялдаса
Хlабиб цlунулев вуклин киназдаго бихьана.
Караматазул рахъалъ гlемераб жо тlатана,
Тlолабго гьаниб хъвайзе къалмил гьунарги гlечlо.

Гьацlцlуца руцун цlурал наязул мисалалда,
Расулги Майсаратги рокъоре тlадруссана.
Давла щун, рохалида, Сулайманил бо гlадин,
Инсул росо рагlалде къапила гlагарлъана.

Къапила Шамалдаса бачlунеб рахъалдехун
Ялагьун халгьабулей Хадижатги йиклана.

Ракlгин берал нухар лъун, цогидаб жо рехун тун,
Расул вачlин горони, ургъел жиндий букlинчlо.

Аварагас Майсарат рохел бицун витlана,
Хадижатил рекlелъа ургъел нахъе босана.
Радал баккун бачlунеб бакъ гlадинан къапила,
Къаде какил гlужалда Маккаялде лъугьана.

Мухlаммад – Хlабибасе бакъул рагlад гьабизе
Гьесда тlасан хьвадулев кlиго малайк вукlана,
Кlиявгоги малаик, ялагьун халгьабулей
Хадижатил бераздa, асклув гlадин вихьана.

Ахlмадидаса йохун, Хадижатун Кубраялъ
Бихьараб гьеб мугlжизат Майсаратий бицана.
Майсаратица, дида даимго гьеб бихьула
Букlанилан, Шамалда ккарабщинаб бицана.

Бицуна рагlарабги, берaзда бихьарабги –
Кинабго данде босун, Хадижат тlад ургъана,
Авараглъун витlулев чи ракьалда ватани,
Гьав Мухlаммад гьев вугин ракlалъ хlукму къотlана.

Рахlманас Хlабиб вокьи гьелъул ракlалда лъуна,
Гьаб гlаламалъул сирру росслъун вукlин бокьана.
Нафисат бинту Манбагь асклуй гlагар гьаюна,
Гьелда жиндирго бугеб мурадги цебе лъуна.



Мурадги босун балъго Хlабибасухъ йитlана,
Хlабибасул ракlалда бугеб лъаян тlадкъана.
Тlадеги ун Нафисат Хlабибгун гаргадана:
«Дур хъизан-рукъ гьабизе къасдго гьечlищ?» – гьикъана.

Гьелъие жаваб гьабун, жиндир ресукълъи бицун,
Расул Нафисатиде сабруялда кlалъана.
Сидакъ-магьариялъе боцlи-мал дир гьечlилан,
Бугеб ахlвал-хlалалъул баян гьелъие кьуна.

«Насаб жиндир бацlцlадай, боцlи-малги гlемерай,
Гlакъло-лъайги камилай, цо мун вугони гlолей
Гlадан йигин, ячине бокьиларищ дуй?» – абун,
Ахlмадил рекlелъ бугеб лъайзе тlалаб гьабуна.

«Гьей гlаданго щий?» – абун Шафигlас суал кьуна,
«Саййидату къурайши – Хадижат», - ан абуна.
Хадижат ячиналда Хlабиб цlакъ разилъана,
Нафисатги рохалил хабаргун тlадюссана.

Хадуб имгlалзабазде Аварагас бицана,
Элги цlакъго разилъун хитlбаталде рахъана
Хадижатил инсул вац – Асадил Гlамрухъ ана,
Абутlалибгун Хlамзат хабар бицун кlалъана.

Цинги, Мухlаммадие Хувайлидил Хадижат
Лъадилъун жинца кьунин, Гlамруца гlакъд гьабуна.

Варакъат бину Навфал – Хадижатие вацгIал,
ГIакъду-никахIалда гъорлъ гьевги гIахьал гьавуна.

КIикъого динар месед магьаридае лъуна,
Ялъунани ункънусго диргьам гIарац букIана.
ИмгIал АбутIалибил боцIудаса гьеб кьуна,
Вас гIадин, ХIабибуллагь рукъде вуссинавуна.

Расулас ячинелде Саййидату-Къурайши,
КIигоясе ригьнаде арайги жий йикIана.
КIикъого сонил гIумру тIобайдалин абуни,
Уммагьату-л-муъминин Хадижатил лъугьана.

Хадижатун Кубрагун данделъулеб мехалда
Къоло щуго сон гIумру ХIабибасул букIана,
ХIабибуллагьасе гьелъ анлъго лъимал гьаруна,
Иншааллагь, гьелъулги рехсей хадуб бачIина.

Гьадинав ХIабибасул умматлъун нилъ ругелъул,
Амроялда нахърилълъун, битIизин гьесде свалат!

*Мавлая свалли ва саллим даиман абадан,*
*ГIала ХIабибика хайри-л-халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб свалат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв Дур ХIабиб – АхIмадида!*



# Аварагас ﷺ КагIбаялда ХIажаруль-асвад лъей

Лъебералда щуго сон Расулас бараб мехалъ,
Ихх кIанцIун жагъаллъараб, КагIба-рукъ цIигьабуна,
ЦIигьабун гьеб балелъул къурайшиязда цадахъ,
Къадае гамачI баччун, ХIабибуллагь хIалтIана.

ХIажару-л-асвад лъолеб роцаде къед бахиндал
Къурайшиязда гьоркьор рикьалаби лъугьана,
Гьеб гамачI къеда лъезе бищунго мустахIикъав
Щивдай вукIина абун, дандбайзе хIукму ккана.

Кинабниги рахъалъан гIадло-низам битIарав,
ГIаданлъи-намусалъулъ жинда чи бащалъичIев,
Жиндир вацIцIалъиялда къурайшиял мукIурав,
Къавмалъ жинда гьитIинго Аминилан цIар лъурав,

ЛъикIалщинал цIаразе даимго мустахIикъав,
Къурайшиязул хIукму ХIабибасда тIад чIана.
ХIажару-л-асвад лъезе мун тIаса вищанилан,
Щивав чиги разилъун, ХIабиб вакил гьавуна.

Русулазулги ханлъун Халикъас жив гьавурав
Гьев ХIабибасул къадро къавмалъ кин гьабилареб?
Къудраталъул Аллагьас рахIматлъун витIун хадув,
Халкъалъул талихI кьураз гьев тIаса вищиларищ?

Тlаса вищун, къурайшаз вакиллъун жив гьавидал,
Гьезул хlукмуялда тlад Хlабибуллагь рекъана,
Баракат бугеб койралъ босун Хlажару-л-асвад,
Ашрафал гlахьал гьарун, кколеб бакlалда лъуна.

Балагье, Хlабибасул хlал цlунияльул кутак,
Хlажру-л-асвад лъеялъулъ ашрафал гlахьал гьари,
Ракlал ращад рукlине, хlасад бижунгутlизе,
Бихьулищ Тlагьаясул сираталъул берцинлъи!

## Аварагасе ﷺ авараглъи кьеялъул баян

Цинги, вахlю рещтlине къоял гlагарлъанагlан,
Гlузлатгин халваталде рокьи жиндир цlикlкlана.
Жабалу-л-Хlираалъул нохъо тlаса бищана,
Бетlергьан Аллагьасе гlибадаталъе чlана.

Гlибадат гьабиялъул къагlидаян абуни,
Биззикри ав би-ль-фикри – цоялдалъун букlана,
Ялъуни Халилуллагь – Ибрагьимил шаргlалда
Нубувваталда цеве вукlаравин бицана.

Цlваби речlчlун щайтlаби нахъе чlвайи цlикlкlана,
Речlчlараб цlва щойчlого хутlулареб лъугьана,
Гьелде щойзегlан цере речlчlулел рукlаниги,
Щайтlабазда киналго щолареллъун рукlана.



Кlикъого сонил гlумру Хlабибасул тlобана,
Хlираалъул нохъоде вахlю жинде рещтlана,
Жабраил малаикас: «Икъараъ» - йилан абуна,
«Ма ана бикъариин», - жаваб Хlабибас кьуна.

Жабраил малаикас кlиго-лъабго нухалда,
Данде къан, Хlабибасде «Икъраъ» - илан абуна,
«Ма ана бикъариин» – дун цlаларав гьечlилан,
Гьабго жаваб Хlабибас данде такрар гьабуна.

Гьаб вахlю рещтlинелде Хlабибасе кьучl тlамун,
Ритlарал макьабиги анлъго моцlалъ рихьана.
Рихьулел макьабиги, вахlю жиндихъ щолелде,
Гъоркьбакl щула гьабизе мукъаддима букlана.

«Икъраъ» - алъул аятал жинде вахlюги гьарун,
Жибрилас Хlабибуллагь Хlираъ тун гъоркь вачана.
Ракьалда хlетlе кьабун, къватlибе лъин кlанцlана,
Лъеца какиги чурун, Тlагьаясде манлъана.

Тlаде кlиго ракагlат как бан бихьизабуна,
«Ас-салату гьаказа», - Хlабибасде абуна.
Гьебсагlаталъ Жабраил цевеса тlагlун ана,
Тlадвуссун Хадижатихъ хехго Ахlмадги щвана.

Хlираалда жиндирго ккарабщинаб бицана,
«Хашийту гlалаййа» – дун хlинкъун вугин абуна.

Аллагьас кидаго мун пашман гьавизе гьечIин,
Гьесул харбихъ гIинги бан, Хадижатги гьедана.

Гьанжи ХIабибги вачун, Варакъатихъе ана,
Инжил жинца цIалулев насранияв вукIана,
ВацгIаласдехун юссун Хадижат гаргадана,
Хирияв ХIабибасул ккараб гьесий бицана.

Цинги Варакъатица Расул кIалъайзавуна,
Расуласул вакъигIат хIакъаб бугин абуна.
«Гьаза намусу ллази назала гIала Муса» –
Малаку-л-вахIйи духъе щун вугилан бицана.

Беразул канлъиги ун, херлъун рокъов хутIарав
Варакъат гIумруялъухъ гIащикъавлъун лъугьана,
Дур заман бачIинегIан чIаголъи дий анищан,
АхIмадий койрбакъизе кутакаб гIищкъо ккана.

Дурго къавмалъ гьаниса къватIивги мун гъелилан,
Варакъатица хабар ХIабибасе бицана.
КъватIив вахъинеги дун ккезе вугищ унгоян
АхIмадица абидал, вугин такрар гьабуна.

Гьелдаса хадуб вахIю лъабго соналъ къотIана,
РакI къварилъун ХIабибги цIакъ пащманлъун вукIана.
ГIищкъо цIикIкIун хадуса вахIюгун Жибрил щвана,
«Я аййугьа-л-муддасир...» ХIабибасе цIалана.



ВахIю гьелдаса хадуб тIатIалаго рещтIана,
Рисалаталъул авал гьелдалъун байбихьана.
Гьанжи хирияв ХIабиб дагIватаде лъугьана,
Балъгого Исламалде гIадамалги ахIана.

## Аварагас ﷺ балъго Исламалде ахIи ва капурзабаз гьабураб дандечIеялъул баян

Исламалде рачIараз куфруялда ругезда
Как бай, гIибадат гьаби лъайзе толеб букIинчIо,
МегIер-гIалахалде ун, тохаб бакIалъ дандельун,
Балъго гьабун горони, гьезий ресги букIинчIо.

СагIду-бну Аби Вакъас къокъагун какда рукIун,
Кафураз, тIаде рачIун, гъара гьезий гьабуна,
Гьезул цоясда босун СагIдуца бараб жоялъ,
БетIералда ругъун лъун, бида велъизавуна.

Гьеб би тIей Исламалъулъ тIоцобесеб букIана,
ТIадеги мушрикинал кошезе данде чIана.
Как байзе, гьелда хадур, ХIабибгин асхIабзаби
Аркъамил рокъор жанир дандельулел рукIана.

Балъго дандельулеллъун лъабго соналъ рукIана,
Ислам загьир гьабизе амроги щун букIинчIо,

Анлъабилеб соналде Расуласул рахьдал вац,
Хирияв имгIал – ХIамзат Исламалде вачIана.

Исламалде гьев вачIун лъабабилеб къоялде
Къудраталъул Аллагьас ГIумарги тIовитIана.
«ГIумаридалъун Ислам тIадегIан гьабе», - йилан
ТIагьаяс Аллагьасде гьарараб къабуллъана.

Гьаб ахIулъ Расуласе, гьесде руссаразеги
Гьабураб зулму бицун, бераз магIо ккойларо.
Кафурал къурайшияз гьезий кьураб гIакъоба
Къаламалъ гьаниб рехсон рагIалде бахъинаро.

Хасго мискин-пакъирал, нахъа чIезе чи гьечIел,
Гьаб тайпайин абуни, цIакъго инжит гьаруна.
Иманалъул цIакълъиялъ, игIтикъад щулалъиялъ,
Щиб жедей гьабуниги, гьез кинабго баччана.

Гьединазда гьоркьоса гьал тIахьазда рехсарал
Умму Фукайгьат, ГIамир, Хаббаб, ХIамамат, Билал,
Ясир, лъади – Сумият, васал – ГIаммар, ГIабдуллагь, –
Гьал ункъазего гIазаб цIаялдалъун гьабуна.

ЦIадулаб гIазабалъулъ Ясирги Сумиятги,
КIиялгоги рос-лъади, шагьидзабилъун хвана.
Гьеб гIазабалде тIаде, Сумиятин абуни,
Абу Жагьалица чIван, тIоцое шагьидлъана.



Гьадинал къварилъаби, къурайшияз гьарулел,
Къоялдаса къоялде гIемерлъулел рукIана,
Расулас изноги кьун, инсул росу жибго тун,
Гьижра гьабун къокъизе цо къокъа хIадурлъана.

ХIабашаталде ине ишара жедей букIун,
Ражаб моцIалда жанир сафаралде рахъана,
Сонги, дагIват байбихьун, щуабилеб букIана,
Нажашияс берцинго тIаде къабул гьаруна.

Гьижра гьабун аразул къадарилан абуни,
АнцIго бихьинчи, щуго чIужугIадан рукIана.
Расулуллагьасул яс, жиндир лъади Рукъийят –
Гьейгун цадахъ ГIусманги мугьажиралгун ана.

Гьижраялъ гьелги ритIун, ТIагьа живго гъоркь чIана,
Гъоркь хутIарал асхIабал, гьелги дагьго рукIана.
Анлъго моцIгIанаб заман ХIабашаталдаги бан,
Дозул цIикIкIараселги рокъоре тIадруссана.

Гьадинав ХIабибасул умматлъун нилъ ругелъул,
Амроялда нахърилълъун битIизин гьесде свалат!

*Мавлая свалли ва саллим даиман абадан,*
*ГIала ХIабибика хайри-л-халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб свалат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв Дур ХIабиб – АхIмадида!*

Къурайшазул кафурал кигIан данде чIаниги,
Диналъул цебетIейи гIатIилъулеб букIана.
ХатIабил ГIумарица Ислам къабул гьабидал
Къосараб агьлоялъул ургьир цIаял ракана.

Аллагьасул хIакъаб дин балъго щай гьабулебан,
Щикаят гьабун ГIумар ХIабибасде кIалъана.
ХIабибас изноги кьун, Ислам загьир гьабуна,
Гьеб къоялъ гIадин чара къурайшиязул хойчIо.

Расуласдасан гIарзалъ АбутIалибихъ ана,
ГIабдуллагьил МухIаммад чIезавеян гьарана:
«Нелъерго умумузул батараб динги какун,
Дуда гьес гьабулеб жо бихьуларищ?» – абуна.

Ахиралда, «МухIаммад Валидил ГIаммаратихъ
Хисун чIвайзе кье», - йилан къурайшиял лъугьана.
Ножор вас дица хьихьун, дир вас ножой чIвайзе кьей, –
Гьебги букIунарилан АбутIалиб хичана.

Хадуб, къурайшиязул мурад жинда бичIчIидал,
МутIалибгун Гьашимил кьибил данде ахIана.
АбутIалибий жаваб кинацаго гьабуна,
Цадахъ лъугьун Авараг цIунизе разилъана.

Абу Лагьаб-имгIалас АхIмад тушманлъун ккуна,
ТалихIкъарав вукIиналъ къурайшиялгун чIана,



Къуръаналда Аллагьас, гьесул талихIкъин лъайзе,
Сурату «Таббат» рещтIун, ТIагьаясде бицана.

ТIагьа чIвайзе ургъарал къурайшазул макраби,
КигIан цIахъ бахъаниги, рахъинчIо бетIералде,
БетIергьан Аллагьасул койрбакъи цадахъ бугев,
Кафурзабазул хIилла ХIабибасда рекIинчIо.

ЯхI хварал къурйшияз гьанжи хIукму гьабуна
ХIабибги гьалмагълъиги Макка тун къватIир гьезе.
Муъминалгин кафурал батIалъи гьабичIого,
Гьесул рахъ ккуралщинал шигIбуялде къотIана.

ТIадеги къурайшияз щулияб къотIи хъвана,
Гьашимил МутIалибил кьибил батIа гьабураб,
Гьезулгун бича-хисун даран гьабунгутIизе,
Гьединго цуцалъ ригьин гьабичIого букIине.

ЧIвазе ХIабиб кьечIони сулхIалде инкар ккойзе,
Киданиги гьезулгун жобай гьабунгутIизе, -
Гьаб гIакъд жиндица хъварав ГIикраматил Мансурги
ГIакъд хъван бахъинелдего койрги бакъван хутIана.

КагIба рукъалда жаниб гIакъд хъвараб кагъат бана,
Кагътида хъварабщинаб хIаприца кун букIана,
ЦохIо Аллагьасул цIар тIад хъвараб хъахIаб тIамач,
ТIаде раккизе индал, гьезда хутIун батана.

ТӀаде сурсат къотӀана, даран-базар гьукъана,
Расуласул къавмалъе къварилъи цӀакъ гьабуна.
Ракъиялъул хӀал ккана, хӀехьезе яхӀ бахъана,
ХӀабибас долларазухъ гӀадан вичун восичӀо.

Долларазухъ хӀалтӀулел асхӀабалги рукӀинчӀо,
Аллагьасул диналъухъ рухӀал кьолел горони.
РухӀал жедерго цӀунун, гьанжи «мужагьидаца»,
Муставлад койрде босун киназдаго бихьана.

Килабал нахъегӀан цун, ханазирал аскӀур цӀан,
Унго, гьал чанахъабаз гьабулеб чан бихьулищ?
Гьанилан гӀадамазе хвараб балкан бикьулев,
Хиянатав базарган, батила дуй цо ахир.

Диналъе мугъ кьуралъухъ кьурал машинабазда
РекӀун рахине къачӀай СиратӀалъул кьодасан!
Исламияб шаригӀат биххизе хӀалтӀаралъухъ
Щварал капкал тӀокӀ гьаре ГӀизраиласе кьезе!

ГӀарифуназде данде рахъарал хвалчабигун
РачӀа ГӀарасаталде Бишасда цере чӀезе!
Балъгоябгин загьираб хӀасадалъ цӀурал курмул,
ХӀабибасда дандчӀвайдал, чӀехьезе хӀадур рукӀа!

Цинги, къурайшиязул зулму цӀакъго цӀикӀкӀиндал,
ХӀабашаталде гьижра кӀиабизе гьабуна.



Аварагас буюрун асхӀабзаби къачӀана,
Ункъоялда кӀиго чи бихьиназул вукӀана.

Бихьиназда цадахъго руччабиги рахъана,
Руччабазул анцӀила микьго гӀадан йикӀана.
КӀиабилеб гьеб гьижра гьабураб сон абуни,
Ислам байбихьун хадуб, анкьабилеб букӀана.

АхӀмадида къурайшаз лъечӀел бугьтанал течӀо,
Гьересичи, сихӀрочи, мажнун, кагьин абуна.
ИмгӀал Абу-Лагьабни бищунго данде чӀана,
Бадроялдаса хадув, койшаб унти ккун, хвана.

Ислам байбихьун хадуб анцӀабилеб соналда
Аварагасде тӀаде кӀиго къварилъи щвана:
Къурайшиязда цеве аздагьо гӀадин чӀарав
АбутӀалиб гьеб соналъ жиндаса ватӀалъана.

Саййидатул-Къурайши, муъминзабазул эбел –
Хадижатун Кубраги гьеб соналъ накълолъана,
Гьелдалъун гьеб соналде гӀаму-л-хӀузни абуна,
АхӀмадий ракӀ пашманлъи кутакалда цӀикӀкӀана.

Кинабниги рахъалъан, АбутӀалиб хун хадув,
Аварагасде тӀаде къурайшиял гьетӀана,
Гьесие заралалъе кутакалда хӀалтӀана,
Комек тӀалаб гьабун гьев ТӀаифалде вахъана.

Зайид бину Хlарисат гьалмагълъун цадахъги къан,
Къваридаб хlалалъ Тlагьа Тlаифалде рещтlана,
Эбелалъул рахъалъан гlагарлъи гьениб букlун,
Гьездаса хьул къотlунги Хlабибасул букlинчlо.

Руасаалгун дандчlван, гьезий хабар бицана,
Хабаралде гlинбалев гlадан гьезул лъугьинчlо,
Дагlват къабул гьабичlо, комекалъе рахъинчlо,
Кутакаб инкар гьабун, Расул нахъе къотlана.

Суфагьаал, гьилманал нух ккойзе цере ритlун,
Тlаде гьегъ байзе тlамун, инжилъаби гьаруна.
Гьез балеб гьегъалдаса Хlабибуллагь цlунизе
Хlалкlвараб жигар гьабун цеве Зайидги чlана.

Цинги сокарав Хlабиб цо гъотlол рагlдукь чlана,
Рабигlатил кlиявго васасда жив вихьана.
Кlиявго вас – Гlутбатгин Шайбатги гьел руклана, –
Гьезул реклелъ Аллагьас дагьаб рахlмо рехана.

«Дов чиясе кье», – абун, гъулам асклуве ахlун,
Хlабибасе цо цlолбол хьопги босун витlана.
Бисмиллагь лъун, Хlабибас кванайзе байбихьана,
Балагьарав гъуламас гlажаиблъи гьабуна.

Гьеб калам дида гьаниб гьабула рагlичlилан,
Гlаддас Хlабибасдехун тамашаго кlалъана.



«Мун киса, дур дин щиб?» - ан Аварагас гьикъана,
Насранияв вугилан Гlаддасица бицана.

Цинги, жив вижарав бакl, росу баян гьабуна,
Нинаваялдаса дун вугилан жаваб кьуна.
«Ражулун свалихl, – Юнус бину Мутал росулъа
Васищха мун кколев?» - ан Хlабибуллагь кlалъана.

«Мутал вас Юнус дуда кисан лъалев?» - ан абун,
Насранияв Гlаддасил гlамал-хlал батlалъана.
Тlагьаяс Гlаддасие досул къиса бицана,
Дунги, довго гlадинав, аварагин абуна.

Гlаддас бусурманлъана, Исламалде вачlана,
Ахlмадил бетlер-хlатlал, койраздаги баана.
Рабигlатил васада Гlаддасил пиша бихьун,
«Бихьулищ нелъер лагъас гьабулеб жо?» – абуна.

Гьев тlадвуссун вачlиндал гlайибчlван гаргадана,
Дуй гъос гьабураб щибан махсарадеги ккуна.
«Ма фи-л-арзи хайрун мин гьаза рражули», – абун,
Жиндиргин Хlабибасул ккараб гьасги бицана.

Авараглъун гьечlесда лъайзе рес гьечlеб хабар
Дос дие биценилан Гlаддасица абуна.
Аллагьас тlобитlичlеб Тlаифалъул агьло тун,
Гьаб пашманаб хlалалда Хlабибги нахъвуссана.

ХIабибасе бокьараб гьабеян амро гьабун,
Аллагьасул рахъалъан Жибрил малаик щвана.
«МугIрул эхеде росун, къавмалде тIаде реччан, -
ТIагьаясде: – Гьал гьалак гьарилищ?» - ан абуна.

«Бал, аржу ан юхрижа ллагьу мин асслабигьим
Ман ягIбуду ллагьа», – ян Авараг разилъичIо.
«Кама саммака Раббук анта рауфун рахIим»
ХIабибасдеги абун, Жабраил нахъвуссана.

«Сурату-л-Жинн» цIалулев Расулуллагь вукIаго,
АскIур рачIун женазул цо къокъа гIенеккана,
ГIадамазул, женазул калам гьеб гореб лъана,
Гьелъул пасахIат бихьун Исламалде рачIана.

Инсаздегин женазде расуллъун жив витIарав
ТIагьаясул умматлъун Аллагьас нилъ гьаридал,
Амроялда нахърилълъун, ризаллагь тIалаб гьабун
БитIизин нелъецаги гIащикъаб свалат-салам!

*Мавлая свалли ва саллим даиман абадан,*
*ГIала ХIабибика хайри-л-халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб свалат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв Дур ХIабиб – АхIмадида!*

ТIаифалъул агьлоги Аллагьасде тIамун тун,
ТIагьаяс байбихьана гьанжиги дагIваталде,



ГIадамал данделъулел бакIаздегин къватIазде
Диналде гьел ахIулел вагIзабигун хьвадана.
ВагIза къабул гьабулел къабаилал лъугьинчIо,
«Къурайшияздa гIадин мун лъаларин», – абуна,

«Лъалез къабул гьавичIев мун нежей щай?» – абураб
МагIнаялда киналго кошезе данде чIана.
Минаялъул ракьалда мавсималъул цоялда
Цо къокъа гIадамазул ХIабибгун данде чIвана.

ХIабибас: «Нуж щал?» – абун, цIеха-рехей гьабуна,
«Хазражал руго», – абун, данде гьелги кIалъана.
«КIалъа-ралъай гьабизе гIодор чIеларищ?» – абун,
ГIаламалъул хирияв хазражазде вуссана,

Исламалде гьел ахIун, хIакъаб калам гьабуна,
Къуръаналъул аятал гьезда цере цIалана.
Гьидаят насиблъарал Ясрибалъул ансараз,
Исламалъе гьеб къоялъ тIоцобе кьучI тIамуна.

Рицуна рагIун лъарал ХIабибасул авсафал
Ансаразда, вихьидал, хIакъикъиял ратана.
Рокъоре тIадруссиндал Ислам тIибитIизаби
ТIаде босун, къокъаялъ щулияб рагIи кьуна,

Нежер дагIват къабуллъун къавмалъ жаваб гьабуни,
Дудаса хирияв чи гьечIиланги абуна.

БачIунеб соналдаги мавсималда дандчIвазе
КъотIи-къайиги гьабун, къапила нахъбуссана.

Расулас, Маккаялъул къурайшияздa лъайзе
КъотIи бегьуларилан, кантIизеги гьаруна.
Гьез Мадиналде щойдал Минаялда кканщинаб
Щибаб бакIалда рехсон хабар ифшаъ гьабуна,

Гьелъул хIакъалъулъ бицен рукъ-рукъалъуб лъугьана,
Расуласдехун койшаб хивал жедер бижинчIо.
Хадусеб соналдаги, къотIи гьабун букIиндал,
Ясрибалъул цо къокъа къокъана мавсималде,

Авсазул кIиго чиги хазражазул анцIгоги, –
АнцIила кIиявго чи ХIабибгун данделъана.
Диналде гьел рачIана, Ислам къабул гьабуна,
Расуласдагин гьезда гьоркьоб гIагьд щулалъана.

Щуго чи хазражазул, гьезда гьоркьор рукIарал,
Гъоркь араб соналдаго дандчIваралги рукIана.
Расуласе койрбакъи, Ислам тIибитIизаби
ТIаде босун, ансарал Мадинаялде щвана.

Щивас хIаракат гьабун, Исламалде ахIана,
АсгIад бину Зарарат цIакъго цIакъ лебаллъана.
Къуръан тадрис гьабизе мугIаллим тIалаб гьавун,
ТIагьаясухъе хабар хекко щойзе гьабуна.



Гьезие тадрисалъе, Расулас хIадур гьавун,
МусгIаб бину ГIумайри Мадиналде витIана.
Мадиналде щваравго дагIват жинца гьабуна,
ГIемерав чи жиндалъун Исламалде вачIана:

Авсазул саййид – СагIду ибну МагIазгун цадахъ
ГIубадатил вас СагIду – хазражазул кIудияв.
Усайд бину ХIазири, бану ГIабду-л-ашгьали,
Руччабигин бихьинал, гьел горел цогидалги

ЦохIо къоялъ цадахъго Исламалде рачIана,
Ансаразул хIаракат гьеб хIалалъ гIатIилъана.
Лъабабилеб сональги мавсималде данделъун,
Лъабкъоялда анцIго чи ансаразул вукIана.

Аварагасе гьезги щулияб рагIи кьуна,
Щибаб рахъалъан Ислам цIунизе гъоркье чIана.
Лъабабилеб данделъи Минаялда букIараб –
КIиабилеб букIанин абуралги лъугьана, –

КIиябгоги риваят нелъееги бегьана,
Нелъедаса чIахIияз рицарал гьел ругелъул.
Расуласул дандчIваял, ансаразулгун ккарал,
Кафурал къурайшазе загьро гIадин рукIана,

Загьро кванан горони чIеларилан лъугьарал
Гьезул ахIмакъзабада ахирги гьеб батана.

Мадинаялъул агьло Исламалде ахӀулев
МусгӀаб муъминзабазе имамлъунги вукӀана.

Иман лъурал бихьинал кӀикъойиде рахиндал,
Рузман къоялъул жумгӀат тӀоцобе байбихьана.
Маккаялда вукӀаго ХӀабибас рузман байчӀо,
Рузман баялъе гьениб тамкин букӀунгутӀиялъ.

Мадиналде унелъул МусгӀабиде амроги
Аварагас гьабичӀо, гьеб байзе шартӀ камиялъ.
Камилав кӀикъого чи ансаразул гӀун хадуб,
Расулас хабар битӀун, бана тӀоцобе рузман.

Росулъа чи вукӀиналъ къурайшазе бегьичӀев
Гьев ХӀабибибасул баркат Ясрибалде буссана.
Балъго гӀарац-месед кьун ХӀабибас чи гуккичӀо,
Рисалаталъул амро баян гьабун горони.

Ансаразги боцӀи-мал ТӀагьаясде гьаричӀо,
Гьидаяталъул нухда жал ритӀун ккей горони.
Расуласе койрбакъун, Исламалъе кьучӀ лъурал
Ансарал, мугьажирал – гьардарал, дахӀалал нуж!

ХӀабибасул хьибил ккун, диналъе рухӀ бичарал
Бишас кӀодо гьарурал – гьардарал, дахӀалал нуж!
Гьаб дунялалъул боцӀухъ диналъе чучичӀого,
Чахьазда къанал чӀварал – гьардарал дахӀалал нуж!



Нафсу-л-аммараталда къуркьизаризе кӀойчӀел
Къуватал асхӀабзаби – гьардарал, дахӀалал нуж!
Нуж мисалалъе росун, Расуласул нух ккойзе
Нежейги кьеги тавфикъ, умматалъул суружал!

Иманалъул загӀифлъи гӀорхъолъа борчӀарал ниж,
ГӀарцухъ Ислам бичизе, Бечед, Дуца реччаге!
Мавлая свалли ва саллим даиман абадан
ГӀала ХӀабибика хайри-л-халкъи куллигьими!

Маккаялъул къурайшал бищунго ХӀабибасде
ДандечӀараб гӀужалда цо къапила рещтӀана,
ХӀабашаталде арал мугьажираз рицунел
Расуласул хабарал рагӀун щварал рукӀана.

Нажраналдаса рахъун Маккаялде рачӀана,
Насранияб диналъул къогогӀан чи вукӀана.
Къокъаялъ ХӀабибасул сифатал халгьаруна,
Гьезул тӀахьаз рицунел тӀолго гьесулъ ратана.

ТӀагьаяс Къуръан цӀалун, къапила гӀенеккана,
Къираат рагӀарабго ракӀал гьезул хӀеккана,
Калам тӀад гьабичӀого къоясго иман лъуна,
Исламалдеги рачӀун, бусурбаби лъугьана.

«Ножодаса ахӀмакъаб къокъа гьаниб байинчӀин, -
Къосарав Абужагьал, мугъги бекун, кӀалъана, –

Нуж гьанире гьелъиийищ къавмалъ ритIарал?» – абун,
Къокъаялда кутакал бадирчIваял гьаруна.

Гьез Абужагьалие жаваб къвакIараб кьуна,
Ножоца гьабураб жо – ножоего абуна,
Нежеца, тIаса бищун, ракIалъ къабул гьабураб –
Гьеб нежейги бугилан, Абужагьал чIван лъуна.

Гьединав ХIабиб вуго, гьесул уммат нилъ руго,
Рецц Аллагьасе буго, свалат АхIмадий буго,
Исламалда нилъ руго, иман загIипаб буго,
ИхIсан щущан ун буго, ширк гIамалалъулъ буго.

ГIелму цIалулеб буго, гIамал гьаби дагь буго,
Дунял хиралъун буго, ахират кIочон буго.
Бечелъи чIалда буго, чIвай-хъой гIемерлъун буго,
ГIадамал квешлъун руго, куфру бицалъун буго.

Бицунеб хабар буго, жасусазул гуч буго,
Пачалихъ бихxун буго, халкъ пасалъулеб буго.
Базаргаби хун руго, хиянат цIикIкIун буго,
РацIцIалъи дагьлъун буго, давла щвани, гIун буго.

ГIаданлъи тIагIун буго, намус-яхI лъугIун буго,
ГIарцухъ гьудуллъи буго, гьойлъиги ханлъун буго.
Ханлъиялъул цIар буго, цIогьалъул кьимат буго,
ЦIар лъезе захIмат буго, замана хисун буго.



Заманани цо буго, цохIо нилъ хисун руго,
Хвалил ургъел тун буго, тавбоги рехун буго.
РахIат хиралъун буго, хур-хер гьаби тун буго,
Хурзалги хIорго руго. ХIакъикъат гьедин буго.

Гьалъулъги хIикмат буго, хIалкIолев – Аллагь вуго,
ИмтихIан нелъей буго – лъайзе къваригIун буго.
Лъай-гIакълоги кьун буго, хираги гьарун руго,
Гьаб нелъей давла буго, дин, Ислам нелъер буго.

Исламалъул нур буго, куфруялъул накIкI буго,
Берразда канлъи буго, каранда къалбу буго,
Къулубал согIлъун руго, басират лъугIун буго,
Бихьи загIифлъун буго, инкаралда чIун руго.

Аллагь, Мун МагIбуд вуго, нижги Дур лагъзал руго,
Нежер хIал – жагьло буго, Дур гIелму – къадим буго.
Къадарги Дурго буго, ниж гьелда рази руго,
Нежер гIажизлъи буго, хIавло-къуват Дур буго.

Фукъараал ниж руго, Гъанийюн Дур цIар буго,
Дур рахIму хIажат буго, РахIимги Дур цIар буго.
Ниж Дур махлукъат руго, Мун нежер Халикъ вуго,
Ниж сабро гьечIел руго, Сабур – Дур исму буго.

Дур тIадегIанлъиялъе ниж цIакъ мукIурал руго,
Ал-МугIиззу-л-Музиллу – гьалги Дур цIарал руго.

Дур интикъамалдаса хIинкъиги цIикIкIун буго,
ЦIоб гIатIидав вугелъул, хьулги къотIулеб гьечIо.

*Мавлая свалли ва саллим даиман абадан,*
*ГIала ХIабибика хайри-л-халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб свалат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв Дур ХIабиб – АхIмадида!*

## Аварагасул ﷺ лъималазул баян

Цинги Аварагасе анкьго лъимал гьаруна,
КIиго васгин ункъо яс Маккаялда гьаруна.
Гьезул бищун цевесев – Къасим, кIиго сон байдал,
Хадусан ГIабдуллагьги, гьевги гьитIинго хвана.

Къасимиде тIадего Зайнаб жиндий гьаюна,
Гьей Ислам бачIинегIан чIаго нахъе хутIана,
НикахI-магьари гьабун, Абул ГIасие кьуна,
Гьесие васги ясги Зайнабица гьаруна.

Ясалда цIар – Амамат, васасде – ГIали лъуна,
ГIали гIолохъанлъуде вахинегIан хутIичIо,
Расуласе хирияй Амаматин абуни,
АбутIалибил ГIалий, ФатIимат хойдал, кьуна.

Рукъийят, Уммукулсум, ХIабибас – кIияйгоги
ИмгIал Абулагьабил кIиго васасе кьуна,



КIиявго вас – ГIутбатги ГIутайбатги рукIана,
«Таббат» рещтIун хадуса ригьин хойзе гьабуна.

Ригьнал риххун хадуса, Шамалде тижаратальъ
Унев вукIарав ГIутбат АхIмадихъе вачIана,
Умумузул динги тун, дуца ригьналги риххун,
Гьанжи мун хIажат гьечIин ХIабиб инжит гьавуна.

Аллагьасдехун вуссун Расуласги гьарана,
Гьой тIаде тIамегиян гьесий дугIа гьабуна.
Гьенисан ГIутбат ана, Шамалдехун къокъана,
Къассе чIараб бакIалда гъалбацIалъ талагьана.

ГIутайбатин абуни, Исламалде вачIана,
Исламалде вачIарав – ГIутбатинги бицана.
ГIутбатги ГIутайбатги – кIиявгоги вацасул,
Кинаса батаниги, къисмат гьединаб ккана.

Гьелда хадуб Расулас ГIаффанил ГIусмание
Рукъийят лъадилъун кьун, гьесулъ йикIаго хвана.
Гьей хваралъуй ХIабибас Уммукулсумги кьуна,
Аллагьас вахIю гьабун, гьедин бачIун букIана.

Бищун хадуй гьаюрай, Хадижат-эбелалъул, –
АхIмадил берзул канлъи, ФатIимат-Загьраъ йиго,
Загьрауллагь ХIабибас вацгIал ГIалие кьуна,
ВахIюгун Жибрил вачIун, амро гьедин гьабуна.

Ункънусго мискъал месед магьаридае лъуна,
Мугьажирал, ансарал нугIзаллъунги рукIана.
Расулас кIиязего лъикIаб дугIа гьабуна,
ДугIаялъул баракат кавнуялдего щвана.

Саййидату ннисаи, ГIалица ячунелъул,
АнцIила щуго сонил гIумруялъулъ йикIана.
Асадуллагь-ГIалиги гIумруялъул къоязул
Къоло щуго сон барав чи вукIанин бицана.

Цинги ФатIиматие ХIасан, ХIусайнгин МухIсин,
Уммукулсумгин Зайнаб, Рукъиятги гьаруна.
Рукъиятги МухIсинги гьитIинго накълолъана,
«Нуру-л-абсаралдасан» накъло дица босана.

Данделъараб заманги Рамазан моцI букIана,
Расулас гьижра гьабун, кIиабилеб соналъул.
Эмен накълолъун хадуб анлъго моцI инелдего
Ана Загьрауллагьги панаяб дуниял тун,

Дунялалъул гьаб рокъоб къоло микьго сонги бан,
Мусруялъуй жемана ХIасан-ХIусайнил эбел,
Алжаналъул ахIи щун, ХIабибасул ФатIимат,
ХIайранго ГIалиги тун, къокъана Фирдавсалде.

АнцIго соналъул рекъел къурайшиязулги ккун,
Расулас, жив тIадвуссун Мадинаялде щойдал,



Дунялалъул мулукал Исламалде ахIизе
Кагъталгун чапарзаби рахъ-рахъалде ритIана.

Абу БалтагIатил вас ХIатIиб – Мукъавкъисихъе
Мисриялде ХIабибас рисалатгун витIана.
ХIатIибги Мукъавкъисги – кIиявго дандечIвана,
Диналде жив ахIарав кагътил мурад босана.

Мукъавкъис данде чIечIо, ХIатIиб къабул гьавуна,
Къиматал сайигъатал ХIабибасе къачIана.
Салам хъван, кагъаталъе жаваб хIадур гьабуна,
Жиндирго гьадиятал, – гьелги жанир рехсана.

Азарго мискъал месед, къого гьабураб ретIел,
РекIине – Дулдул, ЯгIфур, бацIцIадаб найил гьоцIо,
Бищунго къибтIиязулъ къадро бугезда гъорлъан
Гъаравашал – кIиго яц – Мариятги Сийринги.

Мукъавкъисил гьебщинаб сайгъат-саламги босун,
Мисриялдаса ХIатIиб ХIабибасухъе щвана.
ХIурайжи Мукъавкъисил, сайгъат битIун горони,
Исламалде вачIанин бицараб хабар гьечIо.

Мукъавкъисил сайигъат – Мисриялъул къибтIият,
ТIагьай, Мариятица Ибрагьимги гьавуна.
Ибрагьим гьавурав сон, гьижра гьабуралдаса,
Микьабилеб букIана, кIиго сон байчIев хвана.

Кlиабилей гъараваш Сийрин – Мариятил яц –
Сабитил вас Хlасаний Хlабибуллагьас кьуна.
Саййидату ннисаи – Загьраил гьел наслаби
Гlасрабазго жал суйнчlел суружаллъун хутlана.

Хадижатил авладал – Аварагасул лъимал –
Ункъго ясгин кlиго вас, Маккаялда гьарурал,
Гьезул бищун хирияй – Расуласул берзул нур –
Фатlиматил горони насло нахъе хутlичlо.

Наслабаз цуцахъе кьун, гьоркьоса къотlичlого,
Гьезул баркаталъ буго кавнуго бечед гьабун,
Бичасул рахlматалъе, Хlабибасул файзалъе
Баввабал, къусамаал – акътlабалги гьел руго.

Аварагасул сират, агьлоялъул хиралъи, –
Нелъер бицун хlалкlолеб хlакъикъат гьелъул гьечlо,
Гьединго бугониги, кlварабгlан къадар рехсон,
Расулгин агьлоялъул гьалмагълъи бокьун буго.

Рокьиялъул гlаламат – бицен гьаби бугелъул,
Гьеб тун батlаяб мурад тlокlаб нелъерги гьечlо.
Гьел рокьиялъул давла бичун боссе кlоларо,
Бетlергьанас вагьболъун кьурасе щун горони.

Щибаб кьолеб жоялъе цо-цо шартlги букlуна,
Кlулалъул ца камуни, киритги рагьуларо,



Кигlан иман загlипал агьло нилъ ругониги,
Авараг вокьулезда гьоркьоса рахъугеги!

Гьесул агьлоялда гьорлъ умматго гlахьаллъулин, –
Гlуламааз абула, Аллагьасе рецц буго.
Рукъалъул агьлолъунги Ахlмадица гьаруни,
Гьанжи щукру гьабизе щив чиясул хlалкlолеб?

## Аварагасул ﷺ расалъул баракат

Хlикаятазулъ буго, гlадада бицунаро,
Балх абураб баклалда цо чи вукlаравила,
Кlиго васгин гlемераб боцlи-малги нахъе тун,
Гьев чи, кьоялги лъугlун, къадарладе щванила.

Щвалилаз ирс бикьизе боцlи гьоркьоб банила,
Бащад гьабун кlиясго гьеб кодоб босанила.
Ирс бикьа-къотlун хадуб хирияв Тlагьаясул
Бетlералъул лъабго рас нахъе хутlарабила.

Лъабалъулго цо-цо рас кlиясго босун хадуб,
Цо нахъе хутlаралда тlасан кlалъаралила.
Кlи къотlизе бугилан кlудияс абунила,
Адаб тей букlинилан гьитlинав чlаравила.

Гьитlинасде кlудияс: «Лъабабго рас дуй телин,
Дуй щвараб тlолабго мал дий те», – абурабила.

Инсул тӀолго боцӀи-мал кӀудиясе танила,
Расуласул лъабабго рас гьитӀинас ккунила.

Гьоркьоб мех инелдего доб боцӀи-малги чурун,
ХӀулараб чахъу гӀадин, дов вац хутӀаравила,
Цинги хирияв ХӀабиб макьилъ вихьаравила,
ХӀал-хӀукму гьесий бицун, гьав зигардаравила.

Расулас: «Я махӀруму, загьадта фи щагӀарат
Ва асарта гӀалайгьа ддуня», – абурабила.
Дир расаздаса дуца тӀаса бищараб дунял,
Дуе гьебги щойчӀилан ШафигӀ кӀалъаравила.

ШагӀаратал кодоре росунщинахъе диде,
Дур вац, свалатги битӀун, лъикӀ вугин биценила,
БетӀергьанас гьелдалъун дунял-ахираталда
ТалихӀ гьесий кьунилан ХӀабибас абунила.

Кьижаралъуса махӀрум гьебсагӀат ворчӀанила,
ВорчӀаравго вацасухъ вахъун жив аравила,
Жиндир щибго жо гьечӀев чӀовогояв лагъ гӀадин,
Досул муънаталда гъоркь даим хутӀаравила.

Халид-асхӀабасгицин жиндир тӀогърода жаниб
ТӀагьаясул ботӀрол рас лъун букӀарабин буго.
Гьелъул баркаталдалъун, капуразукьа дир бо
Кидаго къунарилан гьес абиги бицана.



Цогидал асхӀабазги, баркаталъе рукӀине,
Батулил инсул расал цуцахъа рахъулаан.
Расул хӀурмат гьабунги баракат жиндир щолев
ШафигӀ нелъер вугелъул, битӀизин гьесде свалат!

*Мавлая свалли ва саллим даиман абадан,*
*ГӀала ХӀабибика хайри-л-халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб свалат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв Дур ХӀабиб – АхӀмадида!*

## АВАРАГАСУЛ ﷺ МИГIРАЖАЛЪУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН

Гьанже гIинтIаме, вацал, гIищкъо ножор батани,
Нелъерго ХIабибасул МигIражалъул бицинин,
МигIражалъул хабарал цIакъго гIемераллъидал,
Дагьаб къадар рехсезин баркаталъе букIине.

Рицун рагIалде щолел асрарал гьечIониги,
АхIмадида хасслъараб карамат гьеб бугелъул,
Лима-кайфа жибго тун, къудраталде иман лъун,
Аллагьасе рецц гьабун, – гьалдалъун байбихьизин.

БетIергьанас халкъалъе хиралъаби рикьана,
Хасс гьарун, анбияал гьездаса тIокI гьаруна.
ТIолалго русулазул мугIжизатал рукIана,
МугIжизатазул магIдан ХIабибуллагь лъугьана.

Гьесул хиралъи-тIокIлъи халкъалда загьирлъизе,
Халикъас зобалазде якъзаталда вачана,
Зобалги тун тIадехун – Сидраталдеги щвана,
Сирриял гIулумазул керенги жиндир цIуна.

Ражаб моцIалъул къоло анкьабилеб сордоялъ
Аллагьас, вахIю гьабун, Жибриласде абуна:
Гьидаяталъул байрахъ, гIинаяталъул буракъ,
Ва хилгIату-л-къабули, духъе къунин бицана.



Дир кIодолъи дуда лъай, Дие щукруги гьабе,
Дица дуй нигIмат кьунин, гIинтIамеян манлъана.
Лъабкъоялда анцIазар малаикал цадахъгун
МухIаммадихъ мун аян амроги жиндихъ щвана.

Амро гьабун, гьединго Микаил малайкасде:
«Анзил магIа сабгIина алфа малак, - абуна, –
Ила баби хIужрати Расули», - мазгьаб рехсон,
Гьесий жив ине кколеб бакIги баян гьабуна.

Гьединго Исрафилгун ГIизраиласде ахIун,
«А Жибрил-Микаилгун нужги», - йилан манлъана,
«МоцIгин цIвабзазул гвангъи цIикIкIинабе», – абуна,
Бакъ щвараб къо киннниги, къасе сордо лъугьана.

Гьеб мехалда Жибрилас Жаббарасда гьикъана,
«Къиямасеб къо чIезе мех щунищ?» - ан абуна.
Аллагьас, жаваб гьабун, гьесие баян кьуна,
Гьоболлъухъ ХIабиб ахIи бокьун бугин бицана.

Цинги Жибрил малаик: «Я Рабби – дир БетIергьан,
Гьеб балъголъиго щиб?» - ан, лъайзе бокьун кIалъана.
БетIергьанас: «Асрару-л-мулуки ла якъифу
ГIалайгьа-л-мамлуку», - ян, Жибрил чIезе гьавуна;

Мулуказул балъгоял асраразде гьоркьоре
РагIийят лъугьунарин лъайзе жинда гьабуна,

Гьаб сордоги, Жабраил, АбутІалибил ятим
ТІаде Дица восулеб сордо бугин абуна.

Дир балъгояб хазина, хирияв гьадиятал, –
Гьел сайигъат гьаризе вачейилан тІадкъана.
Къасе дир гьоболлъухъе гьев вачине щоялъул
Рохел дуе бугилан, далилллъун жив гьавуна.

Гьанжи, БетІергьанасул амроялда нахъвилълъун,
Алжаналде Жабраил буракъ бачине ана,
Гьениб кІикъоазарго буракъ жинда батана,
Жедер хІалалда рекъон, рохелгун гьел рукІана.

Гьезда гъорлъа батІалъун, лъин-койн жинца рехун тун,
Рохел магІиде буссун, цо буракъги батана.
Буракъалде асклув ун, Жабраилас гьикъана,
Гьаб хІалалъ гІодизе дуй ккараб щибан цІехана.

Щибалъул нодоялда: «Ла илагьа иллаллагь,
МухІаммад–расулуллагь» хъванги гьезул букІана.
Гьеб буракъ, жаваб гьабун, Жибриласде кІалъана,
Жиндий бугеб къварилъи, ургъел бикьун, бицана.

«КІикъоазар сон бугин гьаб хІалалда, – абуна, –
“Я МухІаммад” ахІулеб гьаракь рагІаралдаса.
Гьесухъ ккараб гІищкъоялъ щибаб жо кІочон тана,
Алжаналъул рахІатги дий гІазаблъун сверана».



ГІаламалъул хирияв ХІабибасухъ гІащикъаб
Буракъалъе Жибрилас рохел загьир гьабуна.
Гьев дур гІищкъо ккарасухъ къасе мун щойзе бугин,
Щибго кІвар гьабугеян гьелъий хабар бицана.

Цинги, зубаржадалъул чІолохъжо гьелда бана,
БагІараб якъуталъул кьилиги лъун къачІана,
Кьолон хІадур гьабураб буракъги бачун, Жибрил,
Алжаналъуса вахъун, Маккаялде рещтІана.

Расуласул кІалтІа чІун, нуцІаялда кІутІана,
ТІаде вахъаян абун, адабалда кІалъана.
«Анта шамсу-л-магІариф, анта бадру ллатІаиф,
Анта фи-л-къиямати малжау кулли хаиф». –

МагІарифазул шамсу, латІаифазул бадру,
Къиямасеб къояца хІинкъарал кІанцІулеб бакІ,
Къасе сордо дур бугин, давлаги къачІан бугин,
Къадирас гьоболлъухъе мунги ахІулев вугин;

Анбияъ-русулазул макъамалги нахъа тун,
Къассе мун щойзе вугин хасаб даражаялде,
Дуде гІищкъо бергьараб Алжаналъул буракъгун,
Аллагьас мун вачине витІун, дунги щун вугин.

«Щибизедай, Жабраил, дун ахІулев вуго?», - ян,
ХІинкъи-рохел жобараб суал ХІабибас кьуна.

«Ли-ягъфира лака ма такъаддама мин занбик
Ва ма тааххар», – абун, данде жаваб гьабуна.

Жибриласул жавабалъ XIабиб рази гьавичIо,
«Гьаза ли, фама ли-гIияли», - ян тIадвуссана.
«Валасавфа югIтIика Раббука фа тарза», - ян,
Жабраилас абуна, АхIмадги разилъана.

Якъуталъул тIасталъуб жавгьаралъул гулгумалъ
Мау-л-салсабилги тIун, какичуризабуна.
Нуралъул гIамаматги сундусалъул хIуллатги
XIабибасда ретIине Ризван малайкги щвана.

Алжаналъуса босун Ризваница бачIараб,
Нуранияб гIамамат гIажаибаб букIана,
ГIамаматалда тIадги илагьияб къудраталъ
Ункъо хIущ-мухъалдалъун хъвараб калам букIана.

ТIоцобесеб мухъалда – «МухIаммад–расулуллагь»,
КIиабилеб хIущалда – «МухIаммад–набиййуллагь»,
Лъабабилеб хIущалда – «МухIаммад–хIабибуллагь»,
Ункъабилеб хIущалда – «МухIаммад–халилуллагь».

Гьеб тIадегIанлъиялъул таж XIабибасда лъезе
КIикъоазар малаик Ризвангун цадахъ щвана.
Алжаналда жанирго тажалъул свахIибасде
Свалат даимго битIи – гьезул пиша букIана.



Гьедин свалат битIеян тIолго гьел амлаказде
ТIадгIанав Аллагьасул амро-буйрухъ букIана.
Амроялда нахърилълъун свалат жинде битIулев
ТIагьа вихьун, амлакал мурадалдеги щвана.

XIабибас какичурун мустагIмаллъун лъугьараб
Мау-л-салсабил, босун, Фирдавсалде битIана.
Фирдавсалде гьеб босун Ризван малаик ана,
Аллагьасул рахъалъан буйрухъ гьедин букIана.

Гьеб лъин гьормазда бахун, масхIу гьабеян абун,
XIурулгIинзабадеги Аллагьас буюрана.
Аллагьасул буюрухъ хIурулгIиназ тIобана,
ТIолазго, масхIу гьабун, гьормазда лъин бахана.

Лъин бахиндал хIуразул хIусну-жамал цIикIкIана,
Нуралде тIаде тIураб нуралъул мисал ккана.
Нелъедеги Аллагьас амро гьабун бугелъул,
Амроялда нахърилълъун, битIизин гьесде свалат!

Мавлая свалли ва саллим даиман абадан
ГIала XIабибика хайри-л-халкъи куллигьими!
Жабраилас, койрги ккун, XIабиб къватIив вачана,
Буракъ, гьев рекIунелъул, кьуркьудизе лъугьана,

«Кьуркьудулеб щай? – абун, Жибрил гьелда кIалъана, –
Гьав МухIаммадидаса нечоларищ?» – абуна.

Мухlаммадил цlар бахъун, Жибрилас гlайибчlвайдал,
Гlузру бачун, буракъалъ гьев лъай тlалаб гьабуна,

«Гьавищ кколев, Жабраил, гlарабияв Авараг,
Гlаламалъулго саййид – Мухlаммад? - ан гьикъана. –
Къиямасеб къояца Махlшаралде рахъиндал,
Шафагlат гьабулевги гьавищ?» – абун цlехана.

Буракъалъул суалал Жабраилас рорхана,
Жиндир матlлуб гьев ватун, буракъ цlакъ разилъана.
Расуласе мутlигlлъун, рекlайилан абуна,
Амма дирги цо мурад бугебилан тlадкъана,

Къиямасеб къояца шафагlат гьабулелъул,
Дунги кlочон тогеян аманатгун кlалъана.
Озденг Микаилас ккун, чlолохъжо Жибрилас ккун,
Исрафил малаикас ретlелалда койр бахъун,

Берзул канлъигlан хехаб буракъалдаги реклун,
Расулас Маккаялъул мугlрул нахъе регана.
Гали лъезегlан заман рагъарун инелдего,
«Инзил ва-свалли», – абун, Жабраилас абуна.

Ахlмад гlодов рещтlана, кlиго ракагlат бана,
«Как бараб бакl лъалищ?» - ан Жабраилас гьикъана.
Лъаларилан Тlагьаяс данде жаваб гьабуна,
Тlайбаталде щванилан, щварал бакlал рицана.



Дуца гьаниб гьижраги гьабилилан абуна,
Гьенисаги сафаралъ церехун рагьарана.
Цебе гlадин гьанжиги Жабраил малаикас
«Инзил ва-свалли», – абун, Хlабиб рещтlинавуна.

Рещтlаралъуб как бана, киб барабан гьикъана,
Гьанжиги, лъаларилан Тlагьаяс жаваб кьуна.
«Тlурасайнаъ магlарда, хlайсу калламаЛлагьу
Муса», – абун, Жибрилас щварал бакlал рицана.

Жигиги цере ана, «Инзил ва-свалли», – абун,
Ахlмадида Жибрилас гьанжиги лъай гьабуна.
Гьенибги, гlодов рещтlун, кlиго ракагlат бана,
«Киб бараб лъалищ?» – абун, Жабраилас гьикъана.

Лъаларин жаваб кьуна, «Бибайти лахlми хlайсу
Вулида Гlиса», – абун, Жабраилас бицана.
Жигиги цере ана, цо сас гlиналда чlвана:
«Чlа, Мухlаммад», - абулеб, – кванариса бачlана.

Чlезе хивал гьабичlо, бер гьенибе рехичlо,
Хадуб когlаб рахъалъан гьададинго ахlана.
Гьелъулги кlвар гьабичlо, цевехун валагьана,
Цо берцинго къачlарай чlужу данде лъугьана,

Гьелъги Хlабибасдасан лъалхъи тlалаб гьабуна,
Гьекъезе жо бугилан, хlиллаялъе кlалъана.

РахӀманасул гьоболлъухъ гьабулеб сапарги тун,
Гьазул макро-хӀиллаялъ ХӀабиб гьоркье рехичӀо,

ХӀазратуллагьалдехун хурхараб рекӀел ният
Марадатазул бода биххизабизе кӀойчӀо.
Хадуб Жабраиласда Аварагас гьикъана,
«Гьадал сасазул хӀикмат щиб букӀараб?» – абуна,

Аминуллагь – Жибрилас, «Авалалда ахӀарал
Ягьудиял рукӀанин, - ХӀабибасде бицана. –
«БукӀарабани дуца дозие жаваб гьабун,
Дур уммат ягьудиял рукӀинаан», – абуна.

КӀиабилеб нухалда квегӀисахун ахӀарал
Насраниял рукӀанин, гьелги баян гьаруна.
«Гьездехун мун валагьун, жаваб гьабурабани,
Уммат насранияллъун лъугьинаан», – абуна.

Имраатин абуни, дуде данде лъугьарай, –
Дунял гьеб букӀанилан, гьедин таъвил гьабуна.
«Гьабурабани жаваб дуца имрааталъе, –
Лахтарат умматука ддуня гӀала-л-ахират», –

Ахират тун, дуниял тӀаса бищараздаса
Уммат букӀинаанин Жабраилас абуна.
Берцинаб ретӀел тӀадгун, гьуинаб раихӀатгун,
Гьайбатав гӀолохъанчи ХӀабибасухъ вачӀана,



ХӀабибасул надалда убач жинца гьабуна,
Араб бакӀго лъайчӀого цевесаги тӀагӀана.
ТӀагьаяс Жибриласда, дов чи щиван гьикъана,
Динул-Ислам бугилан, рохел баркун, кӀалъана:

«Умматалъ гӀумру-яшав муъминаллъун гьабила,
Муъминаллъунги хойла, Алжаналдеги ина».
Байтул-Мукъаддасалъул гъапудухъ лъалхъаралъув
Лъабго чи, аскӀув вачӀун, ХӀабибасде кӀалъана,

Лъабасдаго кодобги лъабго инаъ букӀана,
Лъабалдаго жанибги – жагин рахь, лъим букӀана.
Бокьараб гьекъейилан ТӀагьада цебе ккуна,
Цо гъаибас ахӀулеб гьаракь жинда рагӀана:

«Жа гьекъани – къосина, лъим гьекъани – гъанкъила,
Рахь гьекъани – гьидаят умматалъе букӀина».
АхӀмадица рахь гьекъон, дагьаб нахъе хутӀана,
«Нахъе течӀебанищ, - ан Жабраилас абуна, –

БукӀарабани гьекъон рахьдал къадахӀ тӀобанго,
Умматалъул чиясда жужахӀ бихьилароан».
ХутӀарабги гьекъезе ХӀабибас къасд гьабуна,
Къадар гьадин бугилан, Жабраилас беччайчӀо.

Байтул-Мукъаддасалъул къватӀиб буракъги бухьун,
Акъсаялде жанире жал кӀиялго лъугьана.

Жанир анбияазул мухъал гӀуцӀун рихьана,
Малайкзабаз абуни, масжидго цӀун букӀана.

Жибриласде ХӀабибас, гьал щал абун, гьикъана,
Гьал – тӀолго анбияал – дур вацалин бицана.
Цинги Жибрил вахъана, АхӀмадида кӀалъана,
Имамлъи гьабун гьазий, как байилан абуна.

Имамлъи жинца гьабун, жамагӀатгун как бана,
Жив-жив авараг вахъун, рецц гьабун гаргадана.
РахӀманас жинди-жиндий кьураб нигӀмат рехсана,
Хасго ХӀабибасдалъун рохел загьир гьабуна.

ГьадагӀан хӀурмат тӀокӀаб авараг – нелъерлъидал,
Амроялда нахърилълъун, битӀизин гьесде свалат!

*Мавлая свалли ва саллим даиман абадан,*
*ГӀала ХӀабибика хайри-л-халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб свалат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв Дур ХӀабиб – АхӀмадида!*

Байтул-мукъаддасалъур какдаса тӀоран хадур,
ТӀагьа, Жибрил малайкас койр ккун, къватӀив вачана.
МигӀраж гӀодоб беччаян ИсмагӀилиде ахӀун,
Дунялалъул зодосан гьебги гӀодоб беччана.

Нусго, меседгин гӀарцул, гӀучӀал жиндида ругеб,
ГӀарищал зубаржадгин якъуталъул рукӀана.



Сахратуллагьалдасан мигӀражалда хӀетӀ лъуна -
ТӀоцебесеб гӀучӀалъул даражаялде щвана.

Щибаб даражаги тун – даражаялде рахун,
Дунялалъул гъоркьияб зобалде жал гӀунтӀана.
Нусго даража бугеб мигӀражалъ вахунаго
ГӀажаибал хӀикматал ХӀабибасда рихьана.

РахӀманасе бокьухъе рижарал малайкзабаз,
Койр лъезе бакӀ гьечӀого, гьаваго цӀун букӀана,
Нуранияб махлукъат щибаб даражаялда
Жеде-жедер тасбихӀгун тагьлилалда ратана.

Расуласда жиб хасаб, тӀоцобесеб зобалъул
Бабалда Жабраилас, «Рагье», – абун, кӀутӀана.
Азарго малаикгун, кодоб алату-л-хӀарбгун,
Нуранияб чу рекӀун, ИсмагӀил-малайк щвана.

Щив мунилан гьикъана, мурад щибан цӀехана,
МухӀаммадгун вачӀунев, Жибрил вугин абуна.
АхӀмад вукӀин лъарабго, калам тун, баб рагьана, –
ГьебсагӀат тӀоцобесеб зобалде жал рахана. –

Халикъасул къудраталъ гьаваялда жиб ккураб,
БацӀцӀадаб лъиналдасан бижараблъун батана.
ТасбихӀги, гьеб зобалда малайкзабаз гьабулеб,
«СубхӀана зиль-мулки валь-малакути» букӀана.

Бетlергьан Аллагьасе, тlадего рорхичlого,
Даимго суждаялда чlаралги гьел рукlана.
Гьезул тасбихl гьабулев чилъун щив вугониги,
Щойла, иншааллагьу, дозда бащадаб кири.

Курсалда гlодов чlарав цо малаик ватана,
Мухтарас, асклув щойдал, салам гьесие кьуна.
Салам буссинабуна, амма тlаде вахъинчlо,
Тlадегlанав Аллагьас вахlю гьесде гьабуна.

«Дир Хlабибасул салам буссине гьабулелъул,
Гьесий тlаде вахъинчlев щай? - илан бадибчlвана, –
«Дир тlадегlанлъиялхlа, тlадеги мун вахъина,
Вахъун чlун цо хlатlида чlезеги мун гьавила.

Гьеб хlалалъ Хlабибасе саламги дуца кьела,
Къиямасеб къо чlейгlан гlодовги мун чlеларо».
Гlайибалъул халгьабе, малаикасда чlвараб,
Мухlаммад-Хlабибасул хlурмат-адаб тунилан.

Балагьарав Ахlмадил цо чиясде бер щвана,
«Щив чи гьадав кколев?» - ан Жибриласде гьикъана,
Гьадав дур эмен – Адам вугин жаваб гьабуна,
Адабалда асклув ун, салам гьесийги кьуна.

Салам буссине гьабун, Хlабибасде кlалъана,
«Мархlаба, дир вас», - илан рохел гьесда баркана.



Жигиги Хlабибасда Адам аварагасул
Кванариса, квегlиса – кlиго нуцlа бихьана.

Цин, кванаралде вуссун, вохун жив велъулаан,
Хадув, квегlалде вуссун, гlодизе лъугьунаан.
«Гьаб хlикматго щиб?» – абун Ахlмадица гьикъидал,
Аминуллагь – Жибрилас жаваб гьадинаб кьуна:

«Жиндир зуррийяталъул Алжан насибаб агьло
Жанир унеб баб бихьун, Адам, вохун, велъула.
Хадуб, къосун ккараб халкъ жужахlалъубе унеб
Баб бихьидал, ракlбухlун, гlодизеги лъугьуна».

Нелъей гlоло гlодулев гlаламалъулго эмен,
«Уммати!» - ян ахlулев Хlабиб – нелъер авараг,
Унго, нелъер жагьиллъи, Исламалъул гьечlеб кlвар,
Ахир-заманалъидал, Аллагь-Рахlман гурхlаги!

Тlоцобесеб зобги тун, кlиабилелде щойзе,
Щунусго сонил манзил жеги цебе букlана,
Жибрилгин Хlабибуллагь гьениса цере ана,
Гьава борлъун эхеде кlиялгоги рахана.

Кlиабилеб зобалъул гъапудухъе жал щвана,
Жабраил малаикас нуцlаялда кlутlана.
«Нуцlихъ вугев щив?» – абун, Рукъяилас ахlана,
Мухlаммадгун жив вугин Жабраилас бицана.

Цинги гъапу рагьана, зобалда тӀад рахана,
Маххалдасан Аллагьас бижараб гьеб батана,
Гьормал гӀачиязулал малайкзаби рихьана,
Хвалчабигун, хучдулгун яргъид гӀуцӀун рукӀана.

Расулас Жибриласде: «Гьал щал?» – абун гьикъана,
Гьикъаралъе жаваб кьун, Жабраилас бицана:
Аллагьас дуе нусрат-комекалъе рижарал
Малаикзабазул бо гьаб бугилан абуна.

БагӀараб якъуталъул тахалда тӀад гӀодов чӀун,
КӀиго гӀолохъанав чи ХӀабибасда вихьана.
ХӀабибас Жибриласде гьезул хӀалги цӀехана,
Гьел – ЯхӀя авараггун ГӀиса ругин бицана.

Салам гьезие кьуна, асӀуве гӀагарлъана,
КӀиясго, жаваб гьабун, салам буссинабуна,
Сапар жинда баркана, мархӀабаян абуна,
Икрам-тахӀийят гьабун, ХӀабиб кӀодо гьавуна.

КӀудияб хӀурматалда ХӀабибасе салам кьун,
Сверун малайкзабазул къокъаби ракӀарана.
КӀиго ракагӀат какил гьелгун цадахъ тӀобитӀун,
ТӀагьа, Жибрилгун цадахъ, жегиги цере ана.

Цере гӀадин, гьанжиги гьава борлъун рахана,
Лъабабилеб зобалъул гъапудул кӀалтӀе щвана,



КӀутӀун, Жибрил малайкас рагьейилан ахӀана,
АхӀмад вукӀин лъан хадуб, хабар къотӀун, ричӀана.

Халикъас пахьалдасан бижараб зоб батана,
Балагьарав ТӀагьада цо малаик вихьана,
Анкьабго ракьалда гьоркь хӀатӀал гьес лъун рукӀана,
Лъабкъоялда анцӀазар малайкгунги вукӀана.

Киназулго тасбихӀги, гьоркьоса къотӀичӀого,
«СубхӀана-ль-ХӀаййи ллази ла ямуту» букӀана.
Умматалъул гьеб тасбихӀ гьабун щив вугониги,
Щойла гьев чиясеги, дозие гӀадаб, кири.

ГӀажаибго берцинав, моцӀ гӀадаб гьомер бугев,
Гьанжиги ХӀабибасул цо чиясде бер щвана,
Цинги щиван гьикъана, Жабраилас бицана,
Юсуф, гӀалайгьи ссалам, гьев вугилан абуна.

Гьесда асӀуве ана, салам ТӀагьаяс кьуна,
ТӀагьаясе икрамгун Юсуф тӀаде вахъана,
Салам буссине гьабун, Расуласде кӀалъана,
КӀудияб адаб-хӀурмат ХӀабибасул гьабуна.

Гьава борлъун жегиги жал эхеде рахана,
Ункъабилеб зобалде лахӀзаталъ щун ратана.
Щибаб зобалда гьоркьоб – щунус-нус сонил манзил –
Бер къайзегӀан сагӀаталъ нахъа толеб букӀана.

ТасбихӀ малайкзабазул ункъабилеб зобалда,
Назму данде ккечӀого, дица рагӀалда хъвана.
Дозие щолеб гӀадаб ажру бокьун батани,
Бокьанщинахъе абе, иман лъурал гӀадамал!

Меседалдасан бижун Аллагьас жиб къачӀараб
Ункъабилеб зобги цӀакъ берцинаблъун батана.
Цинги, дафтарханалда мугъги цун, гӀодов чӀарав
Цо чи вихьун, ХӀабибас Жибриласда гьикъана.

Гьадав Идрис вугилан Жабраилас бицана,
АскӀуве ун, ХӀабибас салам жиндие кьуна.
Салам буссине гьабун, мархӀабаян абуна,
АхӀмадий мустахӀикъаб хӀурмат-адаб цӀунана.

«Аллагьас мун вихьулищ тӀадегӀанаб бакӀалде
Вачарав, я ахи», - ян, ХӀабиб гьесда кӀалъана.
«Гьединго Алжаналде дидасаги цеве мун
Лъугьана горищ», – абун, берцинаб калам ккана.

Цинги: «Я ХӀабибуллагь, ма дахалту-л-жанната», –
Алжаналде жанив дун лъугьинчӀилан абуна,
Дун жанив лъугьараб бакӀ – ах бугилан абуна,
Алжаналде щолелде къватӀибго жиб батулеб.

Жиги Идрис аварагАхӀмадиде кӀалъана,
Алжаналъув тӀоцове мун лъугьунин абуна,



МухӀаммад лъугьинчӀого жанив чи лъугьинарин
Гьелъул нуцӀида хъвараб хатӀ бихьанин бицана.

Гьенисаги рилълъарал, щунусго сонил нух тун,
Щуабилеб зобалде лахӀзаталде рахана.
Якъуталдасан бижун Аллагьас гьеб батана,
Гьенивги цо херав чи ХӀабибасда вихьана.

«Дов щив?» – абун гьикъана, Жабраилас бицана,
Мусал вацги вазирги – Гьарун вугин абуна.
АхӀмадие салам кьун, мархӀабаян кӀалъана,
ЛъикӀаб дугӀаги гьабун, ХӀабиб нухда регӀана.

Малайкзабазул тасбихӀ – «СубхӀана ман жамагӀа
Байна ссалжи ва ннари» – гьаб зобалда букӀана.
Гьезие гӀадаб кири щойзе бокьун батани,
БокьанагӀан абе гьеб, иман лъурал гӀадамал.

Анлъабилеб зобалде гьениса рахъун щвана,
Гьебги жавгьаралдаса бижараблъун батана.
Жедер Аллагьасдаса хӀинкъиялъул кутакалъ,
Кутакал гьаркьал гьарун, гӀодулеб халкъ бихьана.

«Халикъасдаса хӀинкъун гьадагӀан цӀакъ гӀодулеб
Гьаб халкъго щиб, Жибрил?» - ан ХӀабибуллагь кӀалъана.
ХӀабибасе жаваб кьун, Жабраил малаикас
Курубиюнал ругин, гьезул хабар бицана.

Цинги, ХIабиб асклув ун, гьезие салам кьуна,
Гьез, бутIрул гьанкIезарун, жаваб тIобайзабуна,
Жедер хузугI-хушугIалъ щибниги жоялдехун
Хивал-пикро буссунеб сурат гьезул букIинчIо.

Гьел кантIизе Жабраил, калам гьабун, кIалъана,
Гьав чи МухIаммад вукIин лъаларищан гьикъана:
«Анбияазул хатам, рахIматалъул авараг –
Асухъ ралагьуларел нуж кинал?» – ан абуна.

Курубиюнал тIолго ТIагьаясде руссана,
ТIагьаясда рекъараб тахIийятги гьабуна.
Рас черхалда гIемерав, гьормалъан ролъул кьерав,
Гьанжиги Расуласул цо чиясде бер щвана.

«Бану Исраилазул, Аллагьасе бищунго
Хирияв дун вугилан, дагIба бугин», - кIалъана,
Дидаса Аллагьасе гьав хирияв вугилан,
Хирияв ХIабибасде ишараги гьабуна.

АхIмадица: «Я Жибрил, гьав чиго щив?» – абуна,
Ибну ГIимран Муса гьав вугилан жаваб кьуна,
Муса аварагасе ХIабибас салам кьуна,
«МархIаба, дир вас», – абун, салам буссинабуна.

Муса, гIалайгьи ссалам, ХIабибгун умматалда
ХIайранлъун, бераздаса магIу чвахун гIодана.



ГIулвиябгин суфлияб махлукъаталъул асло –
АхIмадил умматалъул рати нелъей гIеларищ.

НигIматазе щукругун, Аллагьасе рецц гьабун,
Умматлъун ратиялъул рохелги загьир гьабун,
РачIа, диналъул агьло, амроялда нахърилълъун,
Нелъерго ХIабибасде битIизин свалат-салам!

Мавлая свалли ва саллим даиман абадан
ГIала ХIабибика хайри-л-халкъи куллигьими!
Анлъабилеб зобалда малайкзабазул тасбихI, –
Тана гьабги къватIиб хъван, назму данде ккечIого.

Дозий щваралда релълъон щойзе бокьани ажру,
БокьанагIан абе гьаб, иман лъурал гIадамал.
Анлъабго зоб нахъа тун, анкьабилелде щвана,
Нуралдасан бижараб гьебги жинда батана.

Жиндаго цIакъ релълъараб гьормал сифатги бугев
Гьайбатав цо херав чи ХIабибасда вихьана.
ГIурччинаб зубаржадул тахбакIалда гIодовчIун,
Байт МагIмуралъул къеда мугъги цун жив вукIана.

Жибриласде ТIагьаяс гьав щивилан гьикъана,
Гьав дур эмен – Ибрагьим вугин жаваб гьабуна.
Гьесда асклуве ана, салам ХIабибас кьуна.
«МархIаба, дир вас, – абун, данде жаваб гьабуна, –

Жиндир рахъалъан салам умматалде бице», - ян
Ибрагьим – Халилуллагь адабалда кӏалъана.
«Алжан цӏакъаб бакӏ бугин, жигар гьабе абе, - ян,
Умматалде ругьел бан, Расуласда тӏадкъана, –

Алжаналъур кӏванагӏан гъутӏби гъе абе», - йилан,
Гъутӏби чӏолеб тасбихӏги Хӏабибасде манлъана.
Тасбихӏалъул сигъаги, назму данде ккечӏого,
Дица, анищ ккаразе, къватӏибехун хъван тана.

Алжаналъул ахазулъ гъутӏби гӏемер рокьани,
Бокьанагӏан абе гьаб, иман лъурал гӏадамал.
Анкьабилеб зобалда, зоб-ракь жиндие гӏоло
Бижарав Хӏабибасда цо махлукъат бихьана,

Цинги, гьелъул хӏакъалъулъ хабар нелъей бицине
Халикъас жиндий изно кьечӏилан, балъго тана.
Тасбихӏилан абуни гьениб малайкзабазул,
«Субхӏана Халикъи ннур» бугин жинца бицана.

Ажру, дозие гӏадаб, щойзе бокьун батани,
Бокьанагӏан абе гьеб, иман лъурал гӏадамал.
Абулеллъун ругони, воре, шартӏ ракӏалде щва,
Шартӏ камиялъул бицен цебе индал, кӏочонге!

Чартахъ гьабизе эрга къед байчӏого щоларин,
Щибаб жоялъул тартиб букӏине кколебги лъай.



Буго цойгиги хӏадис, Аварагас бицараб ﷺ,
Алжаналъул хазина гьадаб тасбихӏ бугилан.

Тасбихӏгин тагьлилалда, шартӏалги тӏорайзарун,
Тӏадегӏанав Аллагьас кӏал-мацӏ даим гьабеги!
Жибрил малаикасул кваркьиялдаги рекӏун,
Анкьабилеб зобги тун, Расул тӏаде вахана.

Тӏаде рахун унаго нух-нухар данде чӏварал
Чӏахӏиял малайкзабаз цӏакъго кӏодо гьавуна.
Гьеб хӏалалда унаго рихьарал гӏажаибал,
Жалго тани горого, хъвайзе рес рекъоларо.

Сидраталде жал щвана, кӏудияб гъойтӏ батана,
Гъойтӏалъул бижин-асло мискалда тӏад букӏана.
Рекӏун унев чиясе нусго соналъе гӏолеб
Рагӏад щибалъул гӏолеб гӏаркьел алфа букӏана,

Щибаб гӏаркьелалда тӏад – аза-азарго тӏамах,
Щибаб цоялъул рагӏад, гӏаламалъего гӏолеб.
Цинги щибаб тӏамхида тӏад малаик ватана,
Нураниял тажалги киназго лъун рукӏана,

Киназулго надалда нуралъул хатӏ бихьана,
Назму данде ккечӏого, дица къватӏиб хъван тана .
Гьекъарав мехтулареб, тату жиндир лазатаб
Жаялъулгун лъел, рахьдал, гьацӏул гӏорал рукӏана,

ГӀорал раккулеб бакӀги, Сидратуль-мунтагьаян
Абураб гьеб гъойтӀалъул кьолбодасан букӀана.
Сидратуль-мунтагьаян гьеб гъойтӀалде абуна
АхӀмадил суннат ккурал гьеб бакӀалде щолелъул.

Ялъуни, ман интагьа – гьениве жив щварав чи,
Щваравлъун рикӀкӀунелъул кӀудаб караматалде.
Жабраил малайкасул михӀраб гьеб гъотӀокь лъедал,
Гьес как ахӀун, киналго малайкзаби рачӀана,

Магърибгун машрикъалде гӀунтӀарал мухъал гьарун,
ТӀагьаяс, гьелгун цадахъ, кӀиго ракагӀат бана.
Какдаса тӀоран хадур малайкзабазул боял,
Батулил эмен сверун къокъаби ккун, гӀуцӀана,

Къадирасул гьоболлъухъ сапаралъ унев ХӀабиб,
Икрам-тахӀийят гьабун, гьезги кӀодо гьавуна.
Гьелда хадув ТӀагьада цо малаик вихьана,
Бащадаб рахъ цӀаялъул, бащадаб – гӀазуялъул.

Борхатаб гьаркьидалъун гьес гьабулеб букӀараб
Гьаб дугӀаги хъван тезин, баркаталъе букӀине.
Расулас Жибриласда: «Гьав щив?» – абун гьикъана,
Гьав малаикасде цӀар ХӀабиб бугин бицана.

Цинги, ракьалда ругел муъминзабазе гьавгӀан
НасихӀат-дугӀа цӀакъав малайк гьечӀин, абуна.



Ахир-Къиямасеб къо дунялалда чӀезегӀан
Дуда рагӀулеб дугӀа досул бугин бицана.

Нелъер ракӀал цолъизе, цуцадаги ричӀчӀизе
Зобал агьлоялъулцин бугеб анищ бихьулищ?
Аллагь-РахӀман, Мун – РахӀим, хӀелмуялъул БетӀергьан,
РакӀал цолъизарун, ниж цуцада ричӀчӀизаре!

Цо диналъул агьали, Исламалъул жамагӀат,
Я ЖамигӀ, данде гьаре гьидаяталъул нухда!
Гьанжи Сидраталдаса церехун рагъарана,
Цо макъамалде щойдал Жабраил гьенив чӀана,

«Гьадинаб бакӀалдайищ гьалмагълъи толеб?» – абун,
АхӀмад, Жибриласдехун хитӀаб гьабун, кӀалъана.
ТӀокӀав цевехун ине дида хӀалкӀоларилан
ХӀабибасе Жибрилас жаваб берцин гьабуна,

Цо гали бахъаниги жив нуралъ вухӀулилан,
Жиндирго макъам бицун, адабалда кӀалъана.
АхӀмадида рагӀана, Жибриласде ахӀана:
«МухӀаммад нуралъуве рехе», - ян лъайзабуна.

Рехун араб чӀор гӀадин, нуралда жанив ккана,
Жабраилги гьенив тун, ХӀабиб цевехун ана.
Цо хӀижабалъул манзил щунусго сонил бугеб
Лъабкъоялда анцӀ-азар – ХӀабибас нахъа тана.

ХIижаб рикIкIун малаик жинда гьенив ватана,
Гьез, цуцахъе кьолаго, цеве-цеве регIана.
Нураниял хIужубал ХIабибас нахъа тана,
Меседалъул босенгун цо малаик вачIана,

Цинги гьес луълуалъул хIижабалде вачана,
ХIижабалде жаниве, койр ккун, малайкас цIана.
Гьев малайкас, койрги ккун, ХIабиб нухда вачана,
Лъабкъоялда анцI-азар хIижабал нахъа тана.

ХъахIаб нуралъул ралъад жиги цебе букIана,
Ралъад рагIалда чIарав малаикги ватана.
Аманат гьавун, ХIабиб гьесда кодове кьуна,
Койр ккун, нуралъул ралъад жинда бахинабуна,

БагIаралгин тIогьилал, батIа-батIа кьералъул
Нураниял ралъадал Рафрафалда рахана.
Рицине хIалкIоларел аза-азар хIужубал
ХIабибас, Рафрафалда рекIунги, нахъа тана,

ТасбихIалъул берцинлъи бицине хIалкIоларел,
Малайкзабазул цIурал цIорол мугIрул къотIана.
Аллагьасул къудраталъ гьалмагълъи берцин гьабун,
Гьаб хIалалда унаго, Исрафиласухъ щвана.

Сур пуян Аллагьасул амро кидадайилан
Интизаралда гьевги хIадурго чIун ватана.



ХIижабу-л-вахIданият – Аллагь цо вукIиналъул
ГIорхъиялде щойзегIан ХIабиб цевехун ана,

Цинги, гьаваялдасан гIодоб дализабураб
Чирахъ гIадин, Авараг живго жинда вихьана.
Жиги, бакъул нур ссунеб, гIажаибаб, гвангъараб,
ГIурччинаб Рафраф бачIун, тIаде дализабуна,

ТIагьа гьелде вахана, гьури гIадин хех ана,
ГIаршун-гIазималде жив цо лахIзаталде щвана.
Цинги жинда ГIаршалъул гIажаибал рихьана,
ГIорхъи-рахъго лъалареб кIудиябги батана.

Дагьаб ракIги хIинкъана, Къадирасде гьарана,
Гьарараб къабул гьабун, къувват жиндие щвана.
ГьацIудаса гьуинаб, гIаздадаса цIорораб,
ЦIакъ лазатаб цо къатIра ТIагьал мацIалда лъуна,

ТIадегIанав Аллагьас гьелдалъун ХIабибасда
Дунял-ахираталъул гIулумал лъайзаруна.
Зоб-ракьалъул махлукъат хун батилилан ккана,
Хабар-каламалъул сас кисангоги къотIана,

ТIагьа гIицIго хутIана, вахIшаталде жив ккана,
Жибрил малайкас гъоркьан ахIулеб гьаракь щвана.
«Аллагьгун кIалъайзе мун хIадурлъе, - ян абуна, –
ХIинкъичIого, гIенеккун, жаваб кье, - ян манлъана, –

Кьеян гьарарабщинаб къассе дуе щолебин,
Щибго барахщичIого гьаре», - янги абуна.
«АттахIийяту» цIалун, ХIабибас байбихьана,
ХIалкIвараб санаъ гьабун, РахIманасде кIалъана,

«Ас-саламу гIалайка, аййугьа-ннабий», – абун,
РахIмат, баркат данде къан, Аллагьас салам кьуна.
«Ас-саламу гIалайна ва гIала гIибадиллагьи
СвалихIина», - ян абун, ХIабибас тIаджобана.

Жаббарас, тIаде ахIун, ХIабибасе гьабураб
Гьоболлъи-икрамалъе Жабраил нугIлъун чIана.
НугIлъи гьабун, кIиябго шагьадат жинца битIун, -
ТIолалго зобалазул агьлоялда рагIана.

Аллагь-РахIман цо гьавун, ХIабибги ритIухъ гьавун,
Гьесда релълъон, шагьадат киназгоги битIана.
Лъабго батIаяб гIелму ХIабибасде манлъана,
Цо – халкъалъухъе кьезе, цояб – балъго цIунизе,

Лъабабилеб гIелмуги – гIаламалъе бицине -
БицинчIого тезеги эхтияр ТIагьахъ тана.
«Удну МухIаммад», – абун, ХIабиб гIагар гьавуна,
ГIатIги бутIги кинниги, такъарруб хIасуллъана.

Къарибун фи бугIдигьи багIидун фи къурбигьи, –
Къурбат – ГIаршалда хасаб даражайилан ккоге!



Халикъасде гIагарлъи, ГIаршалда хIасуллъараб,
ХIабибасе рокъобго щойзеги рес букIараб.

Расуласул хIакъикъат гIаламалда тIатине,
ГIаршалде тIаде ахIун, гьев кIодоги гьавурав.
АнцIила кIиазарго калам цуцаде гьабун,
Гьаб гIаламалъул Сирру Аллагьгун гаргадана,

Умматалъул хIакъалъулъ гьеб кинабго букIана,
КIикъоялда анцIго как сордо-къоялъ тIад лъуна.
«Сардилъ тIаде ахIарав мун Дир гьобол вугелъул,
Дуй бокьараб гьаре», - ян ХIабибасде абуна.

ХIабибасги гьарана, гьаранщинабги кьуна,
Кьурабщинаб бицине къалмил гьунарги гIечIо.
Къудраталъул БетIергьан ГIаршалда тIад вугевин,
Воре, хивал гьабуге, хириял бусурбаби!

Халикъасе зобалги, ракьалги, ГIаршги, Курсги, –
Щибго батIа гьечIебин тасарруф-къудраталъулъ.
«Къосун ккараб агьлоялъ гIунтIизабураб бугьтан
Дида тIаса иналъе дуца нугIлъи гьабе», - ян

МигIражалъул сордоялъ ГIаршалъ Аварагасде ﷺ
Лисану-ль-хIалалъ аби тIахьазда бицун буго.
ТIадегIанав БетIергьан жинда тIад чIун вугилан
Жагьилаб къавмалъ аби ГIаршалъецин бакIлъана.

ГӀуламау-ль-уммати, аиммату-ль-гӀасраби, –
Аллагь ГӀаршалда вугин цонигияз абичӀо.
Абулезул рагӀиги гьал киназго нахъчӀвана,
ГӀакъидат мекъса ккараб агьлолъунги рикӀкӀана,

Аллагьасул сифатал нелъееги рицана,
Бицаралда нахърилълъин нелъедаги тӀалъана.
ГӀатӀгин бутӀалъул гӀадаб такъарруб хӀасуллъидал
ХӀабибасе анислъун цохӀо Аллагь хутӀана,

Цевехунгин нахъехун, кваранисa, квегӀиса, –
Киве валагьаниги, Гьев гореб жо бихьичӀо.
Гьелдаса ватӀалъизе ТӀагьаясе бокьичӀо,
Гьаб макъаму-ль-унсалда даимго лъикӀин ккана.

Аварагасул анищ Аллагьасда бихьана,
Гьесул анищ холареб хитӀаб гьабун кӀалъана.
«Гьаб макъаму-ль-унсалда мун даимго чӀун хадуб,
Дир Рисалат халкъалъухъ кинан щолеб? - абуна.–

РещтӀа, ХӀабиб, ракьалде, тӀобитӀе Дир Рисалат,
Дица дуй макъаму-ль-унс какда жаниб гьабунин».
Киб баниги, гьаб макъам какилъ жиндий бугелъул,
«Дир берзул канлъи какилъ бугин», – жинца абуна.

Аллагьасде гӀагарлъи какда жаниб батизе,
Тазкияту нафсалъе кьеги нелъее тавфикъ!



Нафс зобалазда тана, рухӀ Сидраталда тана,
РакӀ къаба къавсалда тун, сирру къурбалде щвана.

Нафсалъ къалбу цӀехана, къалбуялъ рухӀ цӀехана,
РухӀалъ сирру цӀехана, сирруялъ Рабб цӀехана .
РахӀманасул гьоболлъи ХӀабибасе тӀобана,
ТӀадвуссине изно кьун, нух битӀаян абуна.

ТӀаде живго вачараб гӀурччинаб Рафраф бачӀун,
Жибрил тараб бакӀалде Расул щойзе гьавуна.
РахӀманасул гьоболлъи Жабраилас баркана,
Аллагьас дуе гӀадаб давла кьечӀин кӀалъана,

Дунял-ахираталъул ханлъиги дуй щванилан, –
«Анта хирату-лЛагьи мин халкъигьи», – абуна.
Алжан-жужахӀалде ун, жаниве валагьана,
Жаниб бугебщиналъул бихьичӀеб жо хутӀичӀо.

Алжаналъул ниГӀматал, жужахӀалъул гӀакъоба,
МустахӀикъал къавмазе къачӀан, хӀадур батана.
ХӀабибуллагь, тӀадвуссун, Мусада аскӀув щвана,
Умматалда тӀадкъараб фарз щибилан гьикъана,

КӀикъоялда анцӀго как тӀад лъунилан бицана,
Цинги Муса аварагТӀагьаясде кӀалъана.
«ТӀадвуссун Аллагьасде, умматалъе бигьалъи
Гьабейилан, гьаризе а», - ян жинца манлъана.

Аллагьгун жив кӀалъарав, макъаму-ль-унсалде ун,
Умматалъе бигьалъи гьабейилан гьарана.
Аллагьасул рахъалъан АхӀмадий жаваб щвана,
АнцӀго, я щуго какал жинда тӀаса рехана.

ТӀадвуссун нахъе щвана, «Щиб ккараб?» - ан гьикъана,
Щуго, я анцӀго какил бигьалъи ккей бицана.
Гьебги дур умматалда баччизе кӀоларилан
КӀиабизеги ХӀабиб нахъвуссине гьавуна.

Гьарулев – ХӀабибуллагь, кьолев – БетӀергьан Аллагь,
Гьарейилан манлъулев – Муса, гӀалайгьи ссалам.
Гьаб хӀалалда, тӀатӀала ХӀабибуллагь тӀадвуссун,
ТӀаса рехун, хамсина щуго какалде ккана.

Щуябго какда жаниб хамсинаялъул кири,
КамичӀого, Аллагьас умматалъе гьабуна.
Гьаб рехсараб хӀалалда сапар рагӀалде щвана,
Зобалдаса зобалде жив гӀодове рещтӀана,

Адамгин НухӀ, Ибрагьим, ГӀисагун данде чӀвана,
Салам кьун асклӀуве ун, доз «Щиб ккараб?» – гьикъана.
Ккарабщинаб гьезие Аварагас бицана,
Аллагьасе рецц гьабун, гьезги рохел гьабуна.

Гьалдасаги гӀемераб ТӀагьаясе кьейилан
ТӀолгояз Халикъасде хушугӀалда гьарана.



Гьенисаги, зобал тун, гӀодорехун лъугьана,
Рисалаталъул ламгӀат Маккаялде рещтӀана.

Лъабнусазар сонил нух сверун, рокъоре щвана,
Расул вегун буклӀараб босен цӀорон батичӀо.
Мунагьазе тавбо кьун, таямумалъе ракь кьун,
Турбатул-арзи тӀолго масжидлъун жиндий гьабун

Нажаслъараб чуризе лъиналда гӀейги гьабун, –
Гьалщинал бигьалъаби умматалъе сайгъатгун,
Аллагьасул хӀикматаз керен-ракӀги гӀатӀилъун,
ГӀулвиялгун суфлиял гӀажаибалги рихьун,

ГӀадамазул, женазул, жеги малайкзабазул,–
Кафатан ли-л-гӀаламин авараглъунги гьавун,
Гьаб кӀодолъи-хӀурматгун, ХӀабибин цӀарги ахӀун,
Анбияазул хатам рокъове тӀадвуссиндал,

Исраъгин МигӀражалъул, радал тӀадеги вахъун,
ТӀолго къурайшиязе хабар жинца бицана.
Гъоркьгоги жал къосарал къурайшазул ашрафал,
Исраъалъул бициндал, дагьалги капурлъана,

Куфруялъ мехтаразул тамада – Абужагьал
АхӀмадица бицунеб балъаргъун гаргадана.
Байту-л-Мукъаддасалъул сипат-сурат цӀехана,
ЦӀер гӀадинан, ХӀабибас хӀушухъ битӀун бицана.

Нохда унаго жинда гlир бихьанин абуна,
Эзда гъорлъа цо багlир тlагlун бугин бицана.
Багlир араб рахъалде жинца ккезе гьарунин,
Гьезул къай-матахlалъулъ лъел къадахlги букlанин,

Къадахlалда жаниса лъинги жинца гьекъанин, –
Гьал мухlканал сияхlал Хlабибас гьезий кьуна.
Гьалдаги гlей гьабичlо, «Гlир Маккаялде щолеб
Щиб заманаялъ?» - илан Хlабибасда гьикъана,

Бакъ тlерхьунеб гlужалда гьел раккизе ругилан
Расулуллагьас гьезий, чlванкъотlун, жаваб кьуна.
Бакъ тlерхьиналъухъ халккун хlаррасал гlадин чlана
Хlабибасул рагlи хвей – гьезул мурад букlана.

Бакъ тlерхьанилан – цояс, гlир бакканин – цойгияс,
Цадахъ кlиясго абун, Ахlмадил рагlи чlана.
Гlир баккиялда цебе бакъ тlерхьун унеб букlун,
Аллагьасул къудраталъ гьеб тlерхьине беччайчlо,

Бакъ тlерхьингин гlир бакки цадахъ ккезе гьабуна.
Гьанжиги къурайшазул анищал мекъса ккана.
Иман лъураздасанцин цо-цоял муртадлъана,
Мигlражалъул харбиде уян абизе кlойчlо.

Амма Абубакарни, Аллагь разилъи щваяв,
Исраъгин Мигlражалда ракl разилъун божана.



Расулас бицун хадуб, гьелдаса кlудиябги
Дие уяб бугилан сидкъуялда кlалъана.

Сиддикъ абураб исму Аллагьас зодисанго
Гьесде лъун бачlанилан Гlали-асхlаб гьедана.
Гьидаят насиблъараз Мигlраж къабул гьабуна,
Къосун ккараб агьали инкаралдаго чlана,

Аллагьас тlоритlарал Тlагьаясде руссана,
Расуласул баркаталъ курмул гlелмудул цlуна.
Гlакъидат-гlамалалъулъ бищунго цере ана,
Уммат нахъбилълъиналъе гьудаталлъун хутlана,

Халикъас Къуръаналда аят рещтlун реццана,
Умматалъул цlвабиян цlар Аварагас кьуна.
Цlвабзаздалъун нух бачин гlадат билълъун бугелъул,
Нелъедаги гьездалъун шаргl цlунеян манлъана,

Ширгlату-л-исламалъул автадалги гьеллъидал,
Гьезда нахърилълъаразе мекъса ккей букlунаро.
Исраъгин Мигlражалде инкар жиндир бугев чи,
Бегьуларо гьеб хlалалъ, гьабизе ккела тавбо,

Гьабичlони, квеш ккела, ракlалдаги бухlила,
Бусурбанаб диналъул цlарги дуе хутlила.
Цlаралъ гlей гьабулареб къоялъ цlакъ пашманлъила,
Шафагlат хlажалъидал, Хlабибас мугъги байла,

ХIабибасде рещтIараб Къуръаналда божичIел
Мунафикъзабазда гъорлъ исмуги дур букIина.
Аллагьас, МигIражги кьун, ШафигIлъун жив гьавурав
Гьев ХIабибуллагьасул умматлъун нилъ ругелъул,

Амроялда нахърилълъун, ризаллагь матIлуб гьабун,
БитIизин нелъецаги гьесде свалатгун салам!

*Мавлая свалли ва саллим даиман абадан,*
*ГIала ХIабибика хайри-л-халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб свалат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв Дур ХIабиб – АхIмадида!*

## Аварагас ﷺ Мадинаялде гьижра гьаби

Мадиналъул ансарал Расулгун рекъей лъайдал,
Къурайшазул капурал кутакалда хIинкъана.
ХIабибасул Рисалат цебетIола бихьидал,
Бахьикъосараб агьло ургъалилъе тIерхьана.

Авсалги Хазражалги, МухIаммадгунги цолъун,
Цадахъ нужгун рагьизе хIадурлъулел ругилан, -
Гъоркьгоги рахIат хварал къурайшазул ашрафал,
Иблисалъ ахIи байдал, тIадеги гьалаклъана.

Гьезул зулму-хIал бергьун, хIехьезе захIмалъидал,
ХIабибасде шикаят асхIабзабаз гьабуна.



Гьезий гьижра гьабизе изно Расулас кьуна,
Ясрибалдехун ине лъикI бугилан абуна.

Аллагьасул Расулас изно жедей гьабидал,
Гьижра гьабун, къокъизе къокъаби хIадурлъана.
ХIабибасул ишара Ясрибалде букIиндал,
Рес бугевщинав чияс сапар гьениб бухьана.

Сардилъ рахъун балъгого ине кколел рукIана,
Маккаялъул капураз кванквал гьабулеб букIун.
Абубакаргун ГIали Аваргаггун хутIана,
ХутIанщинал, дагь-дагьккун, Мадинаялде ана.

Амма ГIумар асхIабас, гьижра гьабун унелъул,
«Гьале дун унев вугин, рахъай, - илан ахIана, –
Эбел жиндир гIодизе, лъималги бесдаллъизе,
ЧIужуги къороллъизе бокьани», - ян абуна.

Иманалъ вугIун цIурав, хваниги ургъел гьечIев
ХатIабил ГIумарие мубариз кисса щолев.
Кванквал досий гьабизе данде лъугьине ккани,
Досул хвалчен лъаларев чи вукIине ккеларищ.

Киналго мугьажирал Мадинаялде щвана,
Мушрикиназда гьоркьов ХIабибуллагь хутIана,
Аллагьасул рахъалъан изно жиндий щойзегIан,
Абубакар, ГIалигун, Маккаялда вукIана.

Мугьажиразда хадув Расул иналда хIинкъун,
Аллагьасул тушбаби хIилаялъе ургъана,
АхIмакъал пикрабигун, гьоркьор лъун, гьел дандрайзе
Дару-л-надваталде жал балъгого ракIарана.

БатIа-батIа пикраби киназулго рукIана,
Койшав Абужагьалил гIакъло тIаса бищана,
Щибаб къабилаталъул цо-цо фатаги вищун,
Щивасухъе кодобе хвалчен кьелин абуна.

Хвалчабаца цадахъго, цояс гIадин, киназго
ХIабибасда кьабилин къвакIизабун бицана.
Цинги къабаилазулъ, бидул тушманлъи биххун,
РецIел босизе тушман вукIинарин абуна.

Наждалдаса шайхасул сипатгин сураталда,
Тушман – малгIун-иблисги букIана гьезда гьоркьоб.
Гьелъги, Абужагьалил вахIшияб гIакълоялъе
КIудияб къиматги кьун, гьедин лъикIин абуна.

ЛъикIал чагIазе макро койшаз гIемер ургъула, -
Аллагьас беччайчIони, рагIалде бахъунаро,
РагIалде бахъарабги нахъа битIун кколаро, -
БетIергьанасул рахъалъ истидражлъун батула.

Жибрил малаик вачIун ХIабибасде бицана,
ХIилла-макро къурайшаз ургъун бугин абуна.



Къассе дурго босада ГIали вегизавеян,
ГIакъло кьун, Жабраилас манлъа-хъвайги гьабуна.

Гьижраялъе Аллагьас изно жиндие кьуна,
Абубакарихъе ун, къачIайилан абуна,
«Къассе къватIир рахъине хIадурлъе», - ян манлъана.
ХIайдар –ГIалигун цадахъ живги рокъов вуссана.

Къурайшазул ахIмакъаз къассе рукъ сверун ккуна,
Расулуллагь чIвайчIого теларин жал рукIана.
Жиндирго босеналда ГIалиги рахIат гьавун,
ХIабибуллагь МухIаммад къватIивехун вахъана.

Хъат цIураб ракьги босун, «Ясин» - ги цIалулаго,
Расулас капуразде, койр хьвагIун, тIаде щвана.
Шанша квараб кинниги, киналго кьижун ккана,
Кьижаралъур гьелги тун, ХIабибги нахъе ана.

Абубакаргун цадахъ Савралдехун къокъана,
Савруялъул нохъода лъабго сордо-къо бана.
Расуласул босада, малайкзабаз цIунарав,
ГIали-асхIабги хьихьун, сордо азги рогьана.

Радал гьазда лъаларев цо гIадан аскIув щвана,
Щиб ножоца гьабулеб гьанибилан гьикъана.
Гьаз, МухIаммад къватIиве вачIиналъухъ ралагьун
ЧIун ругилан, гьасие согIабго жаваб кьуна.

Нуж мурадалде щойчIин, анищалги тIорайчIин,
Ножор щивав чиясул ботIроде ракьги банин,
Кьижаралъур нужги тун, довги гьаниса анин,
Гьазие дов ражулас хIасил баян гьабуна.

«Гьас бицунеб щиб?» - абун, щивас койрал рахъидал,
Киназулго бутIрузда ракьул асар батана.
Рихха-хичун лъугьана, нечон гIодор къулана,
ГIали босада ватун, тату хун нахъруссана.

Халикъасул къудраталъ, Къадирасул хIикматалъ,
ХIабибас гьеб сордоялъ тIаде ракь баралщинал,
Бадроялъул къояца, гъорлъа чи камичIого,
Киналго асхIабзабаз, гIачи гIадин, гъурана.

Расулуллагь валагьун ахIмакъал къурайшияз,
Къобихьун, Маккаялда раккичIел баклал течIо,
Борхалъуде рахана, гIодорлъаби сверана,
Савралдехун араб цо лъалкIалда хадур ккана.

Цуцаде ахIи бана, ахIуд хадур рахъана,
ХIабиб чIван вачIарасе, яги ккун вачIарасе
Нусго варанииялъул сайгъат бугилан абун,
Абужагьал-малгIунги цIакъго чIухIун кIалъана.

АхIуд бахъараб къокъа гъару-Савралде щвана,
Щивниги чи гьечIилан гьениса нахъруссана.



Нусиречалъ босен лъун, маккаца ханал гьарун,
Гьеб нохъоялъул кIалтIу бацун гьезда батана.

Гьадинал сабабалги багьанадае тIамун,
ТIагьа тушбабаздаса БетIергьанас цIунана.
Гьоркьоб пардав гьечIого, берадза цере ругел
Расулгин Абубакар гьезда рихьизе кIойчIо.

Жиндирго рухIалдаса Аварат хиралъарав
Абубакар гъаралъув живго цеве лъугьана.
Жанир ратарал картIал, чIартал ругIун, рацана,
ЧIарталги, тIад ретIараб партал бихъун, гьаруна.

Гьедин картIалги рахчун, цохIо нахъе хутIана,
Цинги, гьелъул кIалтIаги хIетIе лъун, гIодов чIана.
ХIабиб, жиндир кварчIиниб бетIерги лъун, кьижана,
Борохьалъ Абубакрил эгъеялда хIанчIана.

ХIабибасул кIаркьаде магIу жиндир тIинкIана,
ТIуркIун ворчIун, ХIабибас щиб ккарабан гьикъана.
Борохьалъ хIанчIанилан Абубакар кIалъана,
АхIмадица хIацIу тун, унти жиндир тIагIана.

Сардилъ Абубакарил ГIабдуллагь, къурайшазул
Къад ккараб хабар босун, гьазухъе вачIунаан.
Гьединго, лъин-койн гIадаб, къварагIараб-тарабгун
Къассе, тохаб гIужалда, Асмаъги хьвадулаан.

Абубакарил гъулам – Гlамир бину Фагьират -
Гьевги Савруялдехун гlиги бачун унаан.
Гlи добе-нахъе бачун, Гlабдуллагьгин Асмаил
Хlатlазул лъалкl хойзаби – гьесул мурад букlана.

Бахьикъосараб агьло нохъодул кlалтlе щойдал,
Щиб гьабилеб лъайчlого, Абубакар хlинкъана.
«Аллагь цадахъ вугелъул нелъей ургъел щиб?» – абун
Аварагас абидал, эсул ракl парахлъана.

Лъабго сордо Савралъул нохъоялъуб рогьана,
Фагьиратил вас Гlамир варанабигун щвана.
Варанабиги рачун, гьеб къоялъ вачlа абун,
Гьесие гьабун тараб къотlи-къайги букlана.

Къассе, итни сордоялъ, Савралдаса рахъана,
Ралъдал рагlалдехун къан тохаб нухасан ана,
Нух манлъизе далилги цадахъ вачун вукlана.
Чанги захlмалъиялда Хlабибас Макка тана.

Инсул росу-ракьги тун, Расул къватlив унелъул
Тlолго мугlрулгин щобал щущан инчlел кинандай?!
Кинабго гlаламалъе рахlматлъун жив витlарав,
Женаз магlу гьабуна, гьесда хадур ралагьун.

Гьаб пашманаб хlалалда Хlабибуллагь унаго,
Умму Магlбад абулей гlаданалъухъ рещтlана.



Расулас: «Бичун боссе рахь, гьан гьечlищ?» – абуна,
Гьелъул койр балеб бакlалъ щибниги жо батичlо.

Жиб хlалакъаб, яхl хвараб лемагалде бер щвана,
«Бечlчlизе бегьилищ?» - ан Аварагас абуна.
«Бечlчlизени бегьила, гьелда рахь гьечlо», – абун
Изну кьун, Хlабибасде Умму Магlбад кlалъана.

Хlабибас, дугlа гьабун, гъваруда койр бахъана,
Бечlчlун бахъунареб рахь лемагалде бачlана.
Кинацаго гьекъана, вакъарав чи хутlичlо,
Къавмалдего баракат Тlагьаясул рещтlана.

Гьелдаса хадуб лемаг радал-къассе – кидаго,
Гамущ гlадин, бечlчlулеб, рахь гlемераб лъугьана.
Расул гьоболлъун вачlун, баракат рещтlараб къо
Рохалилаб байрамлъун агьалиялъ гьабуна.

Гьанжи цойги риваят, Расуласул мугlжизат,
Нелъейго баркаталъе гьебги рехсон бихьизин,
Фансуб ила затигьи ма шиъта мин шарафин
Вансуб ила къадригьи ма шиъта мин гlизамин.

Умму Магlбадил бакlалъ лъалхъун вугеб гlужалда
Гlаламалъул хирияс какичури гьабуна.
Койрал чурун хадуса жиндир кlал хулараб лъин,
Чодрода цебе бугеб зазил гъотlокье тlуна.

Кьижун сордо рогьана, радал тIаде рахъана,
Расуласул мугIжизат къавмалъе загьирлъана –
Заз букIараб бакIалда кIудияб гьойтI батана,
Тамашалъун, гIадамал рихха-хичун лъугьана.

Варсалъул тIогьилаб кьер, гIанбаралъул цIакъаб махI,
ГьацIдал тату-тIугIм бугеб тIад бараб пихъ букIана.
Ракъараца кванани, къуталъе гIей гьабулеб,
Къечаразе абуни, лъел бакIалдаги чIолеб;

Унтараца кванани, тIиббалъул бакIал кколеб,
ТIамах квани хIайваналъ, хIисаб хун, рахь цIикIкIунеб.
Баркаталъул гьойтIилан агьалиялъ цIарги лъун,
Агьлу-л-бавадиязе давлалъун гьеб букIана.

Гьаб баракат-рахIматгун рохалида рукIаго,
Радалалде цо къоялъ гьойтI сасалда батичIо, –
ТIамах гIисинлъун буго, гIодобе гьун пихъ буго,
Бихьарасда къосунеб къагIида лъугьун буго.

Лъугьараб щибдай абун, гIадамал хIайранлъана,
ХIабибуллагь накълолъун ккараб гIузру батана,
РахIматалъул авараг ахираталде индал,
Баркаталъул гьотIоде гьая ккейи хIакълъана.

Лъеберго сон-замана цого хIалалда ана.
Цо къоялъ радалалде тIад заз бижун батана,



Берцинлъиги тIаса ун, тIад букIараб пихъги гьун,
Гьоркь букIараб суратги гьелъул хутIун батичIо.

Гьанжеги гIадамазул рахIатхойи лъугьана,
Лъугьа-тараб щибдаян цIех-рехалда рукIана,
Хаварижазул койшав Ибну Мулжимил васас
АбутIалибил ГIали чIванилан хабар щвана.

Шагьидлъун Расуласул варису-л-гIилми хварав,
ГIалахалда букIараб гьотIол хIалалда лъана.
ХIабибасул вацгIалас чIалгIараб дунял тедал,
ЧIегIер бараб гIаламат гьелдасан загьирлъана.

Гьелдаса хадуб гьотIол тIобанго нур ссун ана,
ТIамах тун батIаяб жо тIад балареб лъугьана,
ТIамахалъул къуватги пихъил гIадаб букIана,
Пихъалъ гIадинаб пайда гIадамазеги кьуна.

Зазил цIунаниги гьойтI, баракатгун хутIана
ТIад бижулеб пихъил бакI тIамахалъ ккун букIана.
Хадуб, кього соналъул замана гьоркьоб индал,
Гьеб гьойтIалъул рохтолъан бацIадаб би баккана.

Би баккидал гьойтIалъул тIамах гургурун ана,
ТIобанго берцинлъи ун, хъарахъ гIадин лъугьана.
ГIадамазда гьелъулъги цо хIикмат букIин лъана, –
Карбилаалда ХIосен чIван вугилан рагIана.

ГІаркьалаби ракъвана, гурараб тІамах гьана,
ТІокІаб гьойтІ цебелъичІо, цойидасан бакъвана.
Батулил берзул канлъи ахираталде индал,
Баркат ракьалдаса ин гьеб мехалъги тІатана.

Гьаб хІалалда холаго хулафаалги тІагІун,
Ханзаби загьирлъараб замана байбихьана.
Заламатазул гІадлу шаргІалдаса бахъана,
ШафигІасул нух ккураб агьалиги камичІо.

Аварагас бицухъе умматги бикь-бикьана,
Аллагьас тІоритІарал хІакъаб нохдеги ккана,
ХІабургъараб лъин гІадин, дин-Исламги лъугьана,
Дунялалъул абнаал элъ кордеги росана.

Расуласул агьлу-л-байт, асхІабал, табигІинал, –
Тавфикъ кьеги Аллагьас ээ ккураб нух цІунизе.
Ээул хІакъикъат лъарал гІарифуназул баркат
Умматалда гІамм гьабе, гІалам бижарав Халикъ!

Гьанжи нилъ тІадруссинин нелъерго мурадалде,
Мадиналде бухьараб сапаралъул харбиде,
Умму МагІбадил рокъоб рехсараб чІейги гьабун,
Гьелдаса хадуб ТІагьал ккарабщинаб бицине.

Гьенисан жал унаго АхІмадий гьараялъе,
Гъоркь чІолареб чу рекІун, Суракъат гІагарлъана.



Расуласул нафсалда Абубакар хІинкъана,
Аллагь нилъгун вугилан сабро ХІабибас кьуна.

ХІабибуллагь чІвайчІого тІадвуссине къасд гьечІев
Суракъатил вачІинги цІакъ чІухІараб букІана.
Гьев чІварасе къурайшаз кьезе кьотІи гьабураб
Нусабго вараниги ас нахъе лъун букІана.

Бахъараб гьури гІадин, бихьила горищ абун,
КІалалги гьикъулаго Суракъат аскІув щвана.
Аварагас гьарана, жаваб Аллагьас кьуна,
Жив рекІараб чуялъул бохдул ракьулъе къана.

КъвакІараб ракьда жаниб, салулъ гІадин, чу къайдал,
Чара хварав Суракъат хІелхІедизе лъугьана.
ХІабибасде гьардана: «Хвасар гьаве!» – абуна.
Гьесул мутІигІлъи бихьун, ТІагьал рахІму цІикІкІана.

Ракьалъ чу беччан тана, Суракъат хвасарлъана,
Хадусанги Аварагь теларилан лъугьана.
Гьанжиги, добго хІалалъ, чу ракьалъ жаниб ккуна,
Жиги Суракъат хІелун ХІабиб жинда гурхІана.

ХІабибас гурхІел гьабун, Суракъат данде вахъун,
Ракьалда чу ккойзаби чанцІулго такрарлъана.
Тавбо гьабун, Суракъат ахиралда кантІана,
АхІмадил хІакъикъат лъан, иманалде вачІана.

Вачlаравго нухдасан Суракъат тlадвуссана,
Расулуллагь цlунизе кlвараб жигар гьабуна,
Жинда данде ккаралги нахъруссине гьаруна,
Гьанисан гьев ун гьечlин хабар гьезий бицана.

Суракъат тlадвуссана, Тlагьа нухде лъугьана,
Бурайдат бину Хlусайб Хlабибасда дандчlвана.
Хlабиб чlварасе кьолеб нусго варанияlда,
Рекlел хьул-анищалда данде лъугьун вукlана.

Лъабкъоялда анцlго чи къавмалъул цадахъги къан,
Цеве лъугьарав гьесда Хlабибуллагь кlалъана,
Насаб-тухум цlехана, «Мун щив?» – абун гьикъана,
«Ибну Хlусайб Бурайдат вугин», – жаваб гьабуна.

Гьесул жавабалдаса Аварагцlакъ вохана,
Рохел нелъей бугилан Сиддикъасде абуна,
Исламалде вачlана, Бурайдат гlенеккана,
Гlакъло бергьун, жагьлокъун, дагlват къабул гьабуна.

Гьалмагълъиги живгоги Алжан гlадин лъугьана,
Исламалдеги рачlун, асхlабзаби рахъана.
Аллагьасул рахlмат-цlоб цlадлъун тlаде чвахана,
Тlагьагун гьижра гьабун, Мадинаялде ана.

Мадяналдехун арав Муса авараг гlадин,
Ахlмад, Къубаалде щун, тущбабалъа ворчlана.



Рабигlул авалалъул анцlила кlиабилеб
Итни къо гьеб букlанин цо риваят бачlана.

Расулас, вадаигlал тlадруссине гьаризе,
Гlали Маккаялдаго вакиллъун тун вукlана.
Лъабабилеб къоялде, вадаигlалги рикьун,
Зугlафаалгун цадахъ гьевги тlаде гlунтlана.

Такъваялда кьучl тlамун, масжиду-л-Къуба бана.
Исламияб тарихги гьелдасан байбихьана.
Гьенир рарал къоялги хилафалда рицана,
Цояз, анцlила микьго къо банилан, абуна.

Авараг рузман-къоялъ радал Къубаалдаса
Мадиналде унаго рузман нухабго бана.
Бану-салимал чlараб, Ранунаан цlар бугеб,
Къубаъгин Мадиналда гьоркьоб бакl гьеб букlана.

Гьелде щойзегlан рузман Хlабибас бан букlинчlо,
Тlоцебесеб жумгlатлъун жиндие гьеб букlана.
Нусго жамагlатчигун жинца гьебги тlобана,
«Нуру-л-абсар» абураб тlехьалъ гьадин бицана.

Гьаб тlоцобесеб рузман Расулас Къубаалда
Барабин абизеги имкан гьечlеб жо горо,
Анцlила ункъо гlун къо, ялъуни къоло кlиго
Къубаалда бан хадуб, рузман-къо бачlунелъул.

Лъабго-ункъо къо гореб, Къубаалда Расулас
БайчIебилан абуни, рузман-къо щоларелъул,
Ранунаалда рузман бан букIине бегьиги, –
Гьаб риваят босани, данде ккунгутIи гьечIо.

Кинаса батаниги, нилъ инкарчагIи горо,
Инкаралдаса хIинкъун, рехсезе ккана хилаф.
Маккаялда вукIаго ХIабибас рузман байчIо,
Рузман базе гьесие рес къурайшаз кьечIого.

Расул тIаде щоялъухъ гIащикъал бусурбаби
Лъабго къоялъ тIатIала интизаргун рукIана,
Эсдаса хьулги къотIун, рукъзабахъе руссана.
Расуласул къапила гIагарлъулеб букIана.

Борхатаб гохIде вахун, халгьабун валагьарав
Ягьудиясда рихьун, магъущ гIадин ахIдана.
Авсалгин Хазражазда хабар лъайзе гьабуна,
Гьадаб къапила ножор рохел бугин абуна.

Рохалида Авараг Мадинаялде щвана,
Щивав чиясе ТIагьа тIаде рещтIин бокьана.
ТIолазулго хIал цIунун, ХIабиб гьезда кIалъана,
РакIбащадаб жаваб кьун, киналго разилъана.

«Вараниялде амро Аллагьас гьабун бугин,
Амро гьабуралъубе ине беччай», – абуна.



АхIмадги тIад ракIухъе варани цебе ана,
Масжид базесеб бакIалъ, накалда чIун, лъалхъана.

Гьениса тIаде бахъун, варани цебе ана,
Абу Айюбил бакIалъ добго лъалхъи гьабуна.
Гьанжиги, тIаде бахъун, варани тIадбуссана,
ТIоцобе жибго чIараб бакIалда къарарлъана.

Рахъ-рахъалде балагьун, варани уръудана,
Дир манзил гьаб бугилан Расул гъоркье рещтIана,
Масжид байзе гьеб бакIал жинца тIалаб гьабуна,
Гьибатлъун кьолеб букIун, ТIагьае къабуллъичIо.

Зараратил васасул тIалабалда гъоркь ругел –
Ракьалъул бетIергьаби – кIиго ятим вукIана.
КIиявго ятимасе анцIго динар малги кьун,
Масжидалъе кьучI лъезе ХIабибас байбихьана.

Байбихьараб замана, цо риваят халгьабун,
РабигIу-л-авалалъул ахиралда букIана,
КIиабилеб сональул Сафар моцIалъ тIамуна,
«ИсгIафу-ррагъибиналъ» гьедин баян гьабуна.

Бинаалъулъ Авараг живгоги гIахьаллъана,
АсхIабзабада цадахъ гамачI баччун хIалтIана.
ХIалтIухъабаца кирпич цо-цоккун босулелъул,
Цадахъ кIи-кIи горони, ГIаммарица босичIо.

ГІимараталда цадахъ, масжидалъул ракьанда,
Савдатгин ГІаишатий кІиго хІужраги бана.
ХІужраби-масжидалъул бинаъ тамамлъизегІан
Абу Айюбил бакІалълъ ХІабибас чІей гьабуна.

Расул Мадинаялде щвараб къоялъ абуни,
Шагьаралда щибаб жо нуралъ гвангъизабуна.
Гъилманалгин живараз, ХІабиб веццун ахІулел,
ХІасратал шигІрабазул бакъназ гохІ-щобал цІуна.

Щваралъувгин аралъув рахІмат цадахъ бачІунев,
ЧІагоялгин хваразе жиндир баракат гІаммав,
ГІаламалда жив вокьи Халикъас тІад гьабурав,
Вокьун, битІизин свалат хирияв ХІабибасде!

*Мавлая свалли ва саллим даиман абадан,*
*ГІала ХІабибика хайри-л-халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб свалат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв Дур ХІабиб – АхІмадида!*



# МАВЛИД

АлхІамду дуе, Аллагь, авал-ахир гьечІев Хан,
Халикълъун тІаса инчІев махлукъаталъул МагІбуд,
Дур гІицІаб заталдасан Расуласул нур бижун,
Нахъияб гІаламалъул, гьеб нур аслу гьабурав!

Гьеб берцинаб нуралда МухІаммадан цІар тарав,
ТасбихІ гьабун гьеб нуралъ Дур кІодолъи цІунарав,
Лъабкъоялда анцІ-азар сон гьеб куцалда индал,
Миръатул хІаят бижун нуралда цебе ккурав!

Цинги жиндирго гьайъат гьеб нуралда бихьидал,
Берцинлъи, цІакъго тІокІаб, тІавусалъул батидал,
Дудаса гІемер нечон гІиркъалъул асар бегьун
Балагьизе кІвечІого Дуй суждаби гьарурав!

Гьеб нуралъ Дуй гьабураб щуябго сужда рикІкІун,
Щибаб къойил щуго как камил гьабун тІобитІи
ТІагьаясе сайгъатлъун, умматалъе рахІматлъун,
МигІражалъул сордоялъ парзлъун тІадкъай гьабурав!

Цинги гьеб тІавусалъул суратияб нуралда
Бан тараб гІетІалдасан ЛавхІгин Къалам бижарав.
«Ла илагьа илла ллагь, МухІаммад - Расулуллагь»
ЛавхІалда хъвазе тІамун Къалам хІайран гьабурав!

Гьесул хиралъи, тIокIлъи халкъалда загьирлъизе,
Хириязул камилав Расул вукIин тIатине,
ТIолго махлукъаталъул саййид гьев вукIин лъайзе
Гьесде тIоцебе салат дуцаго битIун тарав!

Нужоцаги битIеян аят рещтIун кIалъарав,
"Саллу гIалайгьи", - абун, амру берцин гьабурав,
ЦохIо салават битIун ТIагьа кIодо гьавуни,
Гьесде анцIго битIизе Дуца къотIи гьабурав!

Гьанже хирияб салат-салам дуде, Авараг,
Агьлу мун вукIин лъайдал битIизин нижецаги.
Амруялда нахърилълъун, ризаллагь матIлуб гьабун,
ТIамизин дуде ахIи, уммат хирияв ХIабиб.

*Мавлая свалли ва саллим даиман абадан,*
*ГIала ХIабибика хайри-л-халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб свалат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв Дур ХIабиб – АхIмадида!*

Аллагьасул мулкалъул кверщел духъе кьурав хан,
Кавнуялде баккараб гьидаяталъул шамсу,
Шамаилал дур хъвазе къалмил гьунар кин гIолеб,
Къуръаналда рехсарал сифатал дур ругелъул.

Дур нуралдаса цебе махлукъ бижинчIеб лъайдал,
Лъай-идрак нахъе рехун жагьлу къабул гьабула.



Жавгьаралъул нуралде дур цIар лъейи бициндал,
Бицине рагIи тIагIун гIажизлъула кIалдиб мацI.

Дуй гIоло БетIергьанас гIалам батизабидал,
ГIибаратал кин лъолел камалат дур рехсарал?!
Кодобе Къуръан кьурав, Къурайшияв Авараг,
Аллагь тун нахъиясда дур хIакъикъат кин лъалеб?!

Киналго анбияал-мурсалиназ гьекъолеб,
МагIрифаталъул бахIру дур каранда бугелъул,
Квер бегьун гIунтIулареб гIажизаб дурго уммат
ГIафвуялъу кьоги лъун раче, Расул, гIагарде!

ГIарифунал рахунеб дур файзалъу магIарде
РахIматалъул мигIраж лъун лъезе тIаме галаби!
ТIагьа мун вихьиялде хьул лъурал къулубазул
Къасаватал рухIулеб махIаббат жаниб биччай!

Мун вокьун салат битIун сухIбат гьаби гIадинаб,
ГIужбу-рияъ гьорлъ гьечIеб гIамал дида лъаларо.
ГIибадат гьаби дагьав дун гIадав гьаимасе
ГьечIо хьул лъезе бакIал гIафву -рахIму гурони.

*Мавлая свалли ва саллим даиман абадан,*
*ГIала ХIабибика хайри-л-халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб свалат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв Дур ХIабиб – АхIмадида!*

Дуда къадру бащадаб щибго гьечIеб лъаялде
Щвараб нигIмат лъаларо дунял-ахираталда.
Дур умматлъун Аллагьас гьариялда рекъараб
Гьабизе хIалкIоларо хIакъикъаталда щукру.

Щиб гьабилеб, Авараг, ина ругел къоязда,
Къаси кьижун, къад хIалтIун, кьварагIел гьечIелъ гуккун.
ГIайиб кибе рехилеб, ахяразул МустIафа,
Нафсул аммаратаца чIвараб черхалда бугеб?

Дудаса гьукъараб жо Къадирасул гьечIелъул,
Гьари дуде, я ТIагьа, тIаса лъугьа нижеда!
ТIолго хазаиназул бабуль агIзам мунлъидал,
Аман гьарун рачIарал раче, Расул, жанире!

Мунагьал гIемер гьарун гIайибалде кканиги
Даимаб тавбу нижер Таввабу-РрахIимасде,
Дур суннат тун хьвадиялъ хIаяъ бегьананиги,
ХIабиб, дуде хьул лъола рауфу-ррахIимлъидал.

Дунялалда тIад бугеб тIолго махлукъ лъаниги,
Мун лъачIеб къалбуялда дунни разияв гьечIо.
Зоб-ракьалъул тIабигIат тIубан бихьананиги,
Мун вихьичIел беразе бугеб рахIат лъаларо.

Рогьел баккун, дур нуралъ дунял гвангъи гIадинаб
ГIалам бижаралдаса байинчIо тIаде рохел.



Хирияб Равзаялде мун вуссун щвараб гIадаб
ЩвечIо тIаде мусибат бусурманаб халкъалде.

Хвалил лълъар гьекъонилан къабруялъув лъуниги,
Къуват — дур чIаголъидал чIагояб ракI бугезе
ЧIалгIараб дуниял тун Фирдавсалде аниги,
Пардавал рорхаразда мун даим вихьулелъул.

Дур бицун ракIгъей бугел гъаримал ниж рохизе
Рахъе, АхIмад, пардавал фуадазда лъугьарал!
Дуде салават битIун сухIбаталда ругезул
Судурал гIатIид гьаре гъафлат ун мун вихьизе!

*Мавлая, ссали васаллим даиман, абадан*
*ГIала ХIабибика, хайрил халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб салат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв - Дур ХIабиб - АхIмадида!*

Аллагьасул диналде къурайшиял ахIулел
АхIулъ рукIараланищ, иман лъун чIел босизе!
Инсул росу жибго тун гьижраялъ мун къокъулел
Къоял рихьараланищ, рахъун цадахъ рилълъине!

Исламалде рачIине чIухIун чIарал ханзаби
Хвалчабаца гъурулел гъалбацIазул къукъагун,
Гъазаватал гьаризе, диналъе квербакъизе,
КъотIи дуеги гьабун, дунял рехун телаан.

Дунни хIайран хутIула, хIисаб гьабун бихьидал,
Гьунар гьечIеб черхалъул чорокаб гIамалалда.
Чан Аллагьасул нигIмат дие ризкъилъун кьураб,
Дирго щукру дагьлъиялъ дун нечохъе хутIараб.

Чан къварилъи-захIмалъи хIалбихьизе тIамураб,
ХIалихьатаб нафсалда сабру гьабизе кIвечIеб,
Чан хатIарат, чан мунагь лугбаздасан лъугьараб,
Саттарул гIуюб гурхIун гIадамазда тIатинчIеб.

ТIаса лъугьун тей гуреб, тавбу къабул гьабуни,
Гьабурабщинаб квешлъи лъикIлъабилъун хьван толев,
ЛъикIабщинаб бокьулев, квешалда рази гьечIев,
ГьечIин Мун гурев МагIбуд, бадал гьаре зунубал!

*Мавлая, ссалли васаллим даиман, абадан*
*ГIала ХIабибика, хайрил халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб салат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв - Дур ХIабиб - АхIмадида!*

Дуде салат битIила БетIергьан разилъизе,
ТIокIаб мурад гьечIого, мун агьлулъун ватидал,
Амру тIубайзабила мутIигIаллъун рукIине,
Мун рехсон унс гьабила Аллагь вокьи цIикIкIине.

Алжан босизе гIоло гIибадат гьабиларо,
ГIабдлъун вукIин бокьила Сайид жинда разияв.



Жужахl бижун батиялъ тани квешал гIамалал
ГIадлуялъукьа хIинкъун хIалтIулев лагълъун ккела.

ГIибадатул ахIрари — дир рокьи ккараб макъам,
МустахIикъав вукIиналъ Халикъасе гьабизе.
Гьелдалъун рекIел матIлуб — ТIагьа, мунгун данделъи,
Дур игIанаталдалъун Аллагьасул зат бихьи!

ИхIсан камил гьабизе кумек дуде гьарила,
Карим - Аллагь вихьизе матIулъун мун гьавила,
Гьидаят хIасуллъизе суннаталда тIад чIела,
Салават дуде битIун баркат тIалаб гьабила!

ТIолго дунял къалъараб бакъул нурги дурилан
Дуде ракI битIизабун магIиййаталда чIела.
Машаихзабаздалъун тавассул тIалаб гьабун,
ЛатIаифазда балан гьарила дуда файиз .

*Мавлая, ссали васаллим даиман, абадан*
*ГIала ХIабибика, хайрил халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб салат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв - Дур ХIабиб - АхIмадида!*

Мун вокьарал рокьила, элгун цадахъ хьвадила,
Хьул Аллагьасде лъела, хIинкъи рекIелъ цIунила,
КIиялдаго гьоркьов чIун гIамал бацIцIад гьабила,
ВацIцIадав лагълъун чIела, Аллагь рази гьавила.

Русулазул ханилан хиралъи дуй баркила,
Халилуллагь - мунилан, мархIабаян ахIила,
Мавла я салли бачун рохел загьир гьабила,
Халкъ диналде ахIарав АхIмадилан цIалдела.

Умматалъул хьул лъолев шафигI вугин бицина,
Шагьру-РабигI чIухIарав ХIабибилан рехсела,
ХIарамалда вижарав гIиззул гIарабин тела,
ГIабдуллагь инсул валад авараг вукIин лъайла.

Уммул Къураялдаса гIакъибилан гьардела,
Къурайшил тухумалъул хIаширилан веццила,
Гьашимил кьибилалъул МахIмудилан кIалъайла,
Миллат Ибрагьимияв ТIагьир вугилан хъвайла.

ТIолго анбияазул хатамилан абила,
Хиралъаби рикьулев каримилан хьул лъела,
ЛъикIлъаби гIемер щолев мубащирин ракIчIела,
РахIматуллагь - мунилан игIтикъадгун рукIина.

Адамил наслуялъул инсанилан рикIкIина,
Аллагьасул махIбубан хIел-хIел дуе гьабила,
ХIажаталъув ватулев ТIагьайилан рохила,
ТIабигIат Къуръаналъул сафиян нахъ рилълъина.

Рохун салат битIила, сухIбат берцин гьабила,
СиратIалъул кьотIасан нургун цадахъ рахине.



Хадуб саламги кьела, рокьи загьир гьабила,
Рокьаралгун рахъине анищ бугин бицина.

*Мавлая, ссали васаллим даиман, абадан*
*ГIала ХIабибика, хайрил халкъи куллигьими!*
*Даимаб абадияб салат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв - Дур ХIабиб - АхIмадида!*

Хадубги шукру Дуе, шарик гьечIев Мун – Къагьгьар,
Ширкалдаса бацIцIадаб агьлулъун ниж гьарурав,
Гьидаят насиб гьабун, Исламалда тIоритIун,
ТIагьаясул умматлъун Дуца рижун ратидал.

Дур шуунатаздалъун афгIалал загьирлъизе
Замангин маканалъулъ сабаб рекъезабурав.
Азалияб Дур хIукму, макнунияб Дур гIилму
ГIаламалдаса балъго хазиналъун цIунарав.

Халкъ бижилелде цебе зарраби данде ахIун,
“Аласту бираббикум”  Дуца абураб къоялъ,
“Бала”- йилан жаваб кьун, жал мутIигIлъун хадуса
Хилифлъаразде гъорлъе ниж манлъун ратичIелъул.

МагIдинул гIулумилъун, манбагIу шаригIатлъун
Шамилил давлаталда дин билълъанхъизабурав.
Дунялалъул бокIназда иманалъул нур свиндал
Маъва агьлу-тIарикъат икълималда гьабурав.

Гьаб кинабго баракат гьиммат, гьират, аманат,
ГӀицӀго Дагъистаналда нахъе хутӀизабурав.
Гъазимухӏаммад, Шамил - кӀиявго имамасул
ХӀурматияб ВатӀанлъун Алжаналда цӀар хъварав.

АхӀмадил хулафаал — халкъалъе муршидзаби
Дур ирадаталдалъун агьалиялъе кьурав.
Агьлуялда гурони эл рихьизе гьаричӀев,
Эзул баркат щвеялъе шартӀ — игӀтикъад гьабурав.

Гьелгун данделъаразе диналъулъ тавфикъ кьурав,
Диналъул вацал лъугьун, цоцалъ гьуин гьарурав,
Гьезда инкар ккуразда Дур щцин бахьин хӀакълъарав,
ХӀакъаб нух ккун инчӀесе вуссунеб бакӀ бицарав.

Бицен халалъанагӀан хиралъи даимлъулев,
Хабар гӀемерлъанагӀан рокьи жиндилъ цӀикӀкӀунев,
Жиндирго рухӀалдаса Сиддикъас цеве ккурав,
Салат-салам битӀизин гьанжеги ТӀагьаясде.

*Мавлая, ссалли васалим даиман, абадан*
*ГӀала ХӀабибика, хайрил халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб салат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв - Дур ХӀабиб - АхӀмадида!*

Рохалил мажлисал лъе, Исламалъул жамагӀат,
Авараг жиндилъ щвараб шагьру-РабигӀ бачӀиндал!



Шамаилал цӀалун те анцӀила кӀиабилелъ,
АхӀмадгун гӀаднуялда гӀодор чӀезе бокьараз!

ГӀишкъуялдалъун ахӀе ХӀабибасул сиярал,
ХӀавзалъул лъин гьекъолеб къокъагун данделъизе,
Къадру гьабун гӀодор чӀа, гӀазизав Расуласул
ГӀарасат майданалда гьалмагълъи берцинлъизе.

Берцинаб гьаркьидалъун гьуинаб салат битӀе
Гьесул шафагӀаталде анищ бугел ихваназ,
Адабалда ахӀи бай, хӀелараб гьари тӀаме,
Гьалаглъи щвараб къоялъ мурафакъа лъугьине!

*Мавлая, ссалли васаллим даиман, абадан*
*ГӀала ХӀабибика, хайрил халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб салат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв - Дур ХӀабиб - АхӀмадида!*

Гьанже гӀинтӀаме, вацал, берцинаб хабар бугин
Бицине рагӀичӀезе, чӀалгӀунге, муъминзаби.
Зобал-ракьазул кверщел кодобе кьурав ТӀагьал
ТӀифлуялъулгун ккараб мукалама рагӀизе.

Цо къоялъ Расулуллагь асхӀабзабигун цадахъ,
Берцинаб жулус гьабун унсалда вукӀанила,
Эсдехун щцин гӀемерай, гӀемерго эв какулей,
Мушрикатазул цояй ячӀина йихьанила.

КIиго моцI тамамлъараб лъимерги мугъалда чIван
ЯчIун тIаде щолаго ТIагьахъ ялагьанила,
Гьесул бакъ гIадаб гьумер сурун жинда бихьидал,
Рухьун гарцIцIал ранила гъарималъул надалда.

*Мавлая, ссалли васаллим даиман, абадан*
*ГIала ХIабибика, хайрил халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб салат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв - Дур ХIабиб - АхIмадида!*

Цинги гьелъул мугъзада бугеб гьитIинаб лъимер,
ПасахIатаб, берцинаб, битIараб мацIалдалъун
Ас-саламу гIалайка, я МухIаммаду бину
ГIабдуллагьилан, абун кIалъазе байбихьана.

Ас-саламу гIалайка, я ХIабибуллагьилан,
Гьесул рисалаталде сахIихIаб иман лъуна.
Эбелалда гьеб калам кутакалда рихана,
Керен хахулеб лъимер чIвазегIан ццин бахъана.

Цинги ХIабибуллагьас лъимадехун абуна:
"Лъай кисан дуе щвараб, дун Расул вукIиналъе,
Лъица дуда бицараб дир цIар МухIаммад бугин,
Кинан гьабураб нугIлъи дир авараглъиялъе?

ИгIтираф дур кин ккараб дир гьаб рисалаталде,
Дидасан мугIжизатал рихьаравги мун гьечIин?



Гьединго дир нубувват дуца тасдикъ гьабизе
ГIакълуялде кин щвараб каранда бугеб лъимер?"

*Мавлая, ссалли васаллим даиман, абадан*
*ГIала ХIабибика, хайрил халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб салат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв - Дур ХIабиб - АхIмадида!*

"Я МухIаммад, — абуна, эбел гIенеккун чIана,
Адабалда кIалъана, берцинаб жаваб кьуна, —
Дур шаргIалъул цIа рекIун, рухIун ккана хIужубал,
Нубувваталъул нураз бихьизабуна хIакъаб.

Я МухIаммад, мун лъарав чилъун щив вугониги,
Мун лъай — дудалъун буго, цогиясдалъун гьечIо.
Дида мун лъай абуни — Аллагьасдалъун буго,
ГIала лисани рухIил амини гIарифтука."

АскIов вукIун Жибрилас Расуласде абуна,
Амин щивилан гьикъе, гьев васасде, лъалищан.
Лъиде дуца абулеб Аминилан гьикъидал,
Абуна, Расулу Раббил ГIаламин вугилан.

Гьев кивха вугев, абун цойги хитIаб гьабидал,
Гьеле дуда аскIов-ян васас жаваб гьабуна.
"Гьал дур асхIабзабазул цохIонигияв гьечIо,
ЦохIого дун гурони, гьев вихьулев, Авараг".

*Мавлая, ссалли васаллим даиман, абадан*
*ГӀала ХӀабибика, хайрил халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб салат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв - Дур ХӀабиб - АхӀмадида!*

Аварагас, я гъулам, дур цӀар щибан абидал,
Эбелалъни диде цӀар ГӀабдул-гӀузза лъун буго,
Лъе Расулуллагь дуца гьанже дида рекъараб,
Дуй бокьараб цӀар абун, иш тун гӀенеккун чӀана.

ГӀабдуллагь вугин мунан, АхӀмадица абуна,
Аллагьасул лагьилан васасде цӀар ахӀана.
ЦӀакъ разилъун ГӀабдуллагь ХӀабибасде кӀалъана,
ХӀеренаб рагӀи бицун цойги нигӀмат гьарана.

Гьаре дуца, я Расул, БетӀергьан Аллагьасда,
Дур гьариялъе жаваб гьабичӀого толарин,
Гьавейилан абе дун дур худамазда гьорлъа,
Хирияб Алжаналъув, аб дунял тун хадуса.

Хирияв Жибриласги васасул рагӀи ккуна,
Расуласда, гьарани жаваб щолин, абуна.
Аллагьасде гьаризе Гьадил Умам лъугьана,
ГьитӀинав ГӀабдуллагьий дугӀа берцин гьабуна.

*Мавлая, ссалли васаллим даиман, абадан*
*ГӀала ХӀабибика, хайрил халкъи куллигьими!*



*Даимаб, абадияб салат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв - Дур ХӀабиб - АхӀмадида!*

Цинги гьев вас гьедана Аллагьасул цӀаралда,
Дуде иман лъурав чи, бахьи кьурав вугилан.
Ва шакъа валлагьи ман кафара бикайилан,
Инкар бегьунгутӀиги гьедун баян гьабуна.

Гьелда хадуб васасул цо гьаракь борчӀун ккана,
Аллагьасул къадар щун, къанщун бералги ана,
АхӀмадил дугӀаялъе жаваб гьекко бачӀана,
Жаннатул-ГӀаднуялде ГӀабдуллагьил рухӀ щвана.

Расулуллагь гӀодана, гӀемерго къварилъана,
ГӀадамал такбир,тасбихӀ,тагьлилалде руссана.
Тамашаго ракӀбухӀун, хӀасратаб магӀуги тӀун,
ГӀабдуллагьил эбелалъ иманалде къасд лъуна.

Лъимадасан рагӀараб гӀажаибаб каламалъ,
Куфруялъ мехтарай гьей йигьине балагьана.
Гьидаяталъул аслу — Расул вокьи батидал,
Кьижараб къалбуялда якъзаталъул цӀал щвана.

Мавлая, ссалли васаллим даиман, абадан
ГӀала ХӀабибика, хайрил халкъи куллигьими!
“Дир эбел-эмен дуе къурбанлъаги, Авараг,
ГӀалайка салам, — абун икрамалда кӀалъана. —

Дун йикӀана, я Расул, мун гьереси гьавизе
Гьал мушрикиназда гъорлъ бищунго гӀедегӀарай.
Дуда ццин бахъин цӀакъай, къабихӀ гьавун кӀалъалей,
ГьечӀел бугьтаналги лъун, лъаларезе бицуней.

Гьанжени, ХӀабибуллагь, хӀакъикъат цӀакъ бичӀчӀана,
ХӀакъав Расул мун вукӀин ракӀалъ къабул гьабуна.
Къудраталъул БетӀергьан — Аллагь цо вукӀиналда,
Мунги халкъалъул Сайид Расуллъун витӀиялда.

Дир нугӀлъи бугин хӀакъаб, къабул гьабе", - ян абун,
Гьабуралда ракӀбухӀун битӀана гьелъ шагьадат.
Дуда нахъйилълъинчӀого араб дир гӀумруйилан,
МагӀил цӀурал бералгун рокъобе хиял лъуна.

Хварав васги кодов ккун, керен иманалъги цӀун,
Бахьи кьурай сагӀадат нахъюссине къачӀана.
Мавлая, ссалли васаллим даиман, абадан
ГӀала ХӀабибика, хайрил халкъи куллигьими!

Унеб нухда унти чӀван, рокъое щвелелдего,
Щвана гьелъухъ ГӀизраил гӀазизаб рухӀ босизе.
ХӀасратаб дунялги тун, тавбу-шагьадаталда
Шапана гьелъул берал, гьитӀинав вас кодов ккун.

Гьанже хирияв ХӀабиб тажгьизалде вуссана,
Жанаизалъул как бан, гьел рукъизе къачӀана.



Гьезул жаназабада хадув унев ТӀагьаяс
ТӀогьиса хӀатӀал гурел, ракьалда гъвайзе течӀо.

Тамашалъун гӀадамал шуршудизе лъугьана,
Щиб хӀикматдай бугоян цоцаде цӀехолдана,
ЦохӀониги бихьичӀеб гӀаламат гьаб бугилан
ГӀазизасдасан баян лъазе тӀалаб гьабуна.

ТӀагьаяс жаваб гьабун, гьезул ракӀал хӀалхьизе,
ХӀетӀе ракьалда чӀезе дие бакӀ щвечӀин абун,
Эл рукъизе рилълъунел хириял малайкзабазул
ИздихӀам букӀанилан хӀикмат загьир гьабуна.

ФасубхӀана ман яжри хӀукмугьу фил гӀалами
Ваюри къудратагьу гӀибратан лилгӀакъилин,
Ва азгьарал Ислама биакрамил мурсалин
Вафаза ман ажаба лидагӀватил мустӀафа.

*Мавлая, ссалли васаллим даиман, абадан*
*ГӀала ХӀабибика, хайрил халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб салат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв - Дур ХӀабиб - АхӀмадида!*

Мавлидалъул хиралъи лъалебго бугониги,
РакӀалдещвей цӀилъизе цӀализин дагьаб хабар.
Халикъасе хиралъун халкъалдаса тӀокӀлъарав,
ТӀагьал рохел щварасе щолеб ажру бицинин.

Абубакар асхIабас абунин бицун буго,
Цо диргьам мавлид ахIун садакъаялъе кьурав —
Гьев дир гьалмагъ вугила хирияб Алжаналъув.
Аллагь, насиб гьабеги Сиддикъасул гьалмагълъи!

Гьединго ГIумар асхIаб кIалъанин бицун буго,
Ман — щив чи вугониги мавлид кIодо гьабурав —
Гьев вуго динул-Ислам чIаго гьабурав чиян.
Гьабе, Аллагь, игIанат Ислам чIаго гьабизе!

Гьединго Зуннурайни — ГIусманил рагIи буго,
Цо диргьам мавлид ахIун садакъадае кьурав —
Бадругин ХIунайналда гъазават гьабуравлъун
Гьев чи вугин абураб, Аллагь, къабул гьабеги!

КъагIру лъалареб ралъад — ГIалидасан бицана,
Мавлид кIодо гьабурав, гьелъий сабаблъун ккарав —
Гьаб дунял тун инаро иманалда гурони.
Аллагь, гурхIа нижеда рухI бахъулеб сагIаталъ!

УхIуд мегIергIанасеб меседил гохI дир букIун,
Мавлид гьабун гьеб тIолго садакъадае кьезе
Бокьилаан абурав — ХIасанул Басри вуго.
Кье, Аллагь, нижееги гьесий гIадаб ирадат!

Жунайдил Багъдадияс абуниланги буго,
Авараг кIодо гьавун мавлидалде вачIарав —



Гьев жиндир иманалда кверщел батарав вуго.
Квербакъе нижей, Аллагь, АхIмад кIодо гьавизе!

МагIруфул Курхиясул калам гьадинаб буго,
Квен къачIан мавлидалде ихванал ахIарав чи —
Анбияалгун цадахъ вахъуна гьев тIадеян.
Гьаре, Аллагь, Дуца ниж гьелгун цадахъ рахъине!

Пахрудини Рразияс гьадин бицунеб буго,
Цо кваналеб жоялде тIаде мавлид ахIарав,
Цониги чи гьечIила гьелда баракат лъечIев.
Баркат лъураб тIагIамлъун гьабе, Аллагь, нижер квен!

Гьеб тIагIамалъул лукъма гъорлъе ккарабщинаб квен,
Кванарасул, гьелъ мунагь чурун вацIцIалъулила,
Мавлид тIаде ахIараб лъин гьекъарав чиясул,
Къалбу нуралъулги цIун, унтаби тIагIунила.

ТIаде мавлид ахIарал шагьабазул баракат,
Гьел гъорлъе ккарабщинаб гIарацалда лъолила.
ГIазизав Расуласул мавлид тIаде ахIизе
ХIалалал кье диргьамал, къудраталъул БетIергьан!

Мавлидалъе квен къачIан, ихванал данде гьарун,
Гьезий рукъ хIадурарав, Жаннату-НнагIималда
Гьесул вуссин бугилан ШафигIияс абураб.
Аллагь, ниж данде гьаре гьеб Дур хирияб рокъор!

Мавлидалде къасд гьабун къватIив вахъарав инсан —
Алжаналъул ахикье къасд гьабурав чи вуго,
Гьедин абулеб буго Сарию СсакъатIияс.
Аллагь, Дуца ниж гьаре гьеб ахикь рачIараллъун!

Гьединго ХIабибасул мавлид жаниб ахIулеб
Рокъобе Аллагьасул рахIматал рештIунила,
Малайкзабаз сверун ккун, нуралъулъ тIерхьунила,
ТIолго хIазириназе баракат гIамлъулила.

Гьелъий сабаблъун ккараб рукъалъул агьлуялде
Аминуллагь — Жибрилас, Микаил-Исрафилас,
Цингиги ГIизраилас салават битIулилан,
СуютIияс бицараб мухIканаб хабар буго.

*Мавлая свалли ва саллим даиман абадан,*
*ГIала ХIабибика хайри-л-халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб свалат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв Дур ХIабиб — АхIмадида!*

Я Рабби авсил ила хIазрати Саййидина
Саваба ма къараънагь гьадиййатан макъбулат,
Рабби жгIал мажлисана сабабан лилликъаигь
Фильявми ла райба фигьи разиятан марзиййат!

Сумма ила арвахIи алигьи васахIбигьи
МагIа азважигьи уммагьатил муъминина,



Вахасатан ила рухIи Ссиддикъил Акбари,
Фа ГIумара, ва ГIусман, ва ГIалийил Муртаза!

Сумма ила арвахIи машаихинал кирам
Мина Ннакъшубандиййина ва Шазилиййин каза
МагIал Къадириййатил кубравиййат жаштиййат
Къадасаллагь тагIала асрарагьум закиййат!

Сумма ила арвахIи абаина гIамматан
МагIа уммагьатина важибатил ихIтирам!
Сумма ила арвахIи саирил муслимина
Вал муслимати ма байнал машрикъ вал магърибиǃ

# МАВЛИД

Бисмиллагь цебе бахъун хъвазин дагьал рагlаби,
Расуласде хlажатаз хlалхьезегlан цlализе,
Хlабибуллагь вокьараз данде руссун ахlизе,
Эсул хlакъикъат бицун цо дагьав гаргадизин.

Баркат кlудияв Тlагьа тlолгояз рехсолелъул,
Тlоцебе Аллагьасе рецц гьабизе рекъола.
Рахlматалъул авараг вокьун мавлид ахlулез,
Эсде свалат битlиги — суннатабилан буго.

Алхlамдулиллагь, щукру, щибаб рецц Дуе, Аллагь,
Гьаб эркенаб гlумругун гlатlидаб ризкъи кьурав,
Гlакълуги кьун, лъайги кьун, лъикlаб-квешаб бижарав,
Кинниги батlулалда тlад рекъей Жиндир гьечlев.

Гьелда хадуб салават Расуласул заталде,
Зоб-ракьалъул тlабигlат тlубан жиндий мукlурав,
Тlолго гlалам хlайранав, хlурулгlинал урхъарав,
Аваргзабацаги василатлъун гьавурав.

Хирал малаикзабаз икрам жиндий гьабурав,
Исламияб диналде данде нилъ ракlарарав.
Данделъун салат битlун Тlагьа кlодо гьавизин,
Гьесул баракатги шун шафагlаталъ росизе.



*Мавлая, ссалли васаллим даиман, абадан*
*Гlала Хlабибика, хайрил халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб салат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв - Дур Хlабиб - Ахlмадида!*

Аллагьасул вокьулев ракьалда загьирлъизе
Замана гlагарлъидал гlаламатал тlатана.
Гlилму бугел кашишал китабазде раккидал,
Киназего хlакълъана Хlабиб гьавураб заман.

Хlакъав Бичасул Расул дунялалде вачlиндал,
Чlезе бакlал тlагlана тlолго инкарчагlазе.
Ахир заманаялъул авараг гьави лъайдал,
Лъукъарал эзул курмул киданиги сахлъичlо.

Сагlадат насиблъарал, иман бугеб агьлуялъ
Аллагьасе рецц гьабун гьавуна Ахlмад кlодо.
Эсул умматлъун рати — кlудияб рохел буго,
Рохалида битlизин Тlагьаясде салават.

*Мавлая, ссалли васаллим даиман, абадан*
*Гlала Хlабибика, хайрил халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб салат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв - Дур Хlабиб - Ахlмадида!*

Адамил наслуялъул васлъун вижананиги,
Жиндиралдаса цебе цойги нур загьирлъичlев,

Зарраби рижинелде вижарав нилъер ГІазиз
ГІаламалъ хира гьави — Халикъас тІад гьабуна.

ТІолго анбияазде илгьам гьабураб гІилму
МигІражалдеги ахІун АхІмадиде манлъана,
Эзде рештІарал тІахьаз ТІагьал хабар бицана,
Хадуб Къуръан рештІиндал тІолго эл насхулъана.

ХІарф рикІкІун магІна бугеб гІилму бергьараб Къуръан,
Къадру гьабун цІализе нилъеда кодоб щвана.
Къуръан-тІабигІат бугев ТІагьа — Расулги вокьун,
Кьезин берцинаб салам свак тун киналго вацаз.

*Мавлая, ссалли васаллим даиман, абадан*
*ГІала ХІабибика, хайрил халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб салат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв - Дур ХІабиб - АхІмадида!*

Макка шагьар гвангъараб гургинаб моцІрол канлъи,
Киназего хІакълъараб, мархІабан, шагьру-РабигІ!
ШафагІатазул цІад бан дунял-гІалам бохараб,
Барка хирияб итни — АхІмад гьавураб сордо!

Сумма алхІамдулиллагь, Дур лагьзаллъун ратидал,
Даимаб салат-салам Расуласул заталде,
Зодоб букІун бакъалъги къадру цІунун тарасде,
Къаси шагьри-моцІалъги цІар ахІун веццарасде!



ХІутІ-хъумур гІашикъасде, гІалхул чан урхъарасде,
Бахъун кьолболъа бачІун гьветІалъ жаваб кьурасде
БитІизин нилъецаги гІашикъаб салат-салам,
Хирияв АхІмадиде, агьлу-асхІабзабазде.

*Мавлая, ссалли васаллим даиман, абадан*
*ГІала ХІабибика, хайрил халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб салат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв - Дур ХІабиб - АхІмадида!*

Я нижер динул гІайну, дуй гІоло гуребани,
Аллагьас гьаб халкъалде тІамилаан гьалаклъи.
ТІолго дунял гвангъараб дур нур букІинчІебани,
ЧІаго цІа рекІинаан цІер гІадин капуразда.

Зобал-ракьал, ГІаршгин Курс, Алжан, ЖужахІ, ЛавхІ, Къалам
ХІакълъун дуй гІоло бижи — гІураб хиралъи буго.
Халикъасул заталде пардав борхун ваккарав,
Маккаялъул таржуман, тоге дуца ниж рехун.

Барка РабигІул-аввал, АхІмад гьавураб шагьру,
Барка хирияб итни, уммат бохараб сордо!
Салат дуде Авараг — Аллагьасул вокьулев,
Салам дуде, я Сайийд, мурсалиназ лъолеб таж.

*Мавлая, ссалли васаллим даиман, абадан*
*ГІала ХІабибика, хайрил халкъи куллигьими!*

*Даимаб, абадияб салат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв - Дур ХІабиб - АхІмадида!*

Алжаналъул аслуго Расуласул нурлъидал,
Салават битІанагІан гІатІилъулеб чІоларо.
ГІибадат гьабулесулъ гьури гІадин хьвадулеб
ШайтІаналъул сихІруги салаваталъ бухІула.

АхІун жиб битІанагІан ТІагьа вохи гурони,
ГІужбугун рияалъул рагІал элда хъваларо.
Ахир, гІамал цІалелъул ЦІадирабада аскІоб
ЦІикІкІун ккарал мунагьал гьелъ рахчизарулила.

РакІ гъапулаб гІибадат гІадада хун унила,
Хириясде салават сундулъго хІалтІулила.
ХІузур гьечІеб зикруялъ асар гьабуларила,
Амма салат битІизе батІалъиго гьечІила.

ГьедигІан жиб хирияб, Халикъасги битІараб,
БитІизин нилъецаги Аварагасде салат,
Абизеги бигьаяб, багьа жиндир кІудияб,
Жинда бащадаб давла дунял кьунги щолареб.

*Мавлая, ссалли васаллим даиман, абадан*
*ГІала ХІабибика, хайрил халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб салат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв - Дур ХІабиб - АхІмадида!*



РахІманасул цІаралда цІар хурхарав Авараг,
Умматан ахІулаго рухІ босун арав ШафигІ,
ШафагІат гьараразе гьоболъи цІакъав ХІабиб,
Гьидаят бокьаразе бикьулев Расулуллагь.

РакІалда нифакъ бугел къабихІ гьарурав асад,
Къосарал инкарчагІи копой гъурарав гъалбацІ,
Гъазаватазул эмен, умматалъул берзул нур,
Барка дуе, Авараг, Аллагьас кьураб къуват.

Эбелалда ургьивго Аллагь рехсей гьуинав,
Гьавун хадуб гІибадат гІадамазда балъгояв,
ГІилму-караматалъул керен жаниса цІурав,
Жабраилас ракІалда сирру лъун, мугьру чІварав.

МархІаба, ХІабибуллагь, хІелму бергьарав инсан,
Сумма алхІамдулиллагь, дур умматлъун ратидал.
Барка РабигІул-аввал - АхІмад гьавураб шагьру,
Барка хирияб итни - уммат бохараб сордо.

Къуръаналда РахІманас, я МухІаммад, абичІо ﷺ,
Эсул къадру хвеялъулъ хилифлъи ккелебилан.
Хириясул адаб кквей — умматалъул фарзлъидал,
Адабалда битІизин тІолгояз эсде салат.

*Мавлая, ссалли васаллим даиман, абадан*
*ГІала ХІабибика, хайрил халкъи куллигьими!*

*Даимаб, абадияб салат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв - Дур ХIабиб - АхIмадида!*

Берциназул сси хварав, сабру бугел гIашикъав,
ГIакълу бугел хIайранав, хIелму бугел урхъарав,
Агьлуллагьазул султIан, садатазулги имам,
Анбияазулги хан, халкъалъул Расулуллагь.

Къуват бугел хIинкъарав, хIал бугел гIажизлъарав,
ГIелму бугел мукIурав, макру бугел загьирав,
Залимзаби паркъарав, пакъирзаби рохарав,
Ханзабазул нур сунев, сиражул мунир бугев.

Мунагьазул дараби дунялалде щущарав,
ШафагIатазул гIорал гIаламалъе риччарав,
ГIилмугун караматал умматалъе рикьарав,
Авлияазул рахас нахъаса къотIуларев.

Аллагьас гьобол гьавун гьаваялде воржарав,
МигIражалдеги ахIун АхIмадилан цIар тарав,
ХIалкIун салат битIизе тIолгоял данделъизин,
ТIагьаясул равхIани ахIизин мажлисалде.

*Мавлая, ссалли васаллим даиман, абадан*
*ГIала ХIабибика, хайрил халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб салат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв - Дур ХIабиб - АхIмадида!*



Сордо буго хIадурлъун ХIабиб нухда регIизе,
Зобал руго рагьун ун гьобол тIаде вахине,
Буракъ буго къачIан чIун КъутIбу жинда рекIине,
Жибрил вуго гIагарда далиллъун цадахъ ине.

Амлакал руго хIайран ХIизбуллагь вачIиналъухъ,
ХIурулгIинал руго щун Шафигl кIодо гьавизе.
Гьардарав Аллагьасул илагьияб рахIматалъ,
ЛахIзаталде вахана Хирияв, АгIлаялде.

МархIаба, шагьру - Ражаб МигIражалъул нур бараб,
Барка дуе, Авараг, Аллагьасул гьоболлъи!
Гьидаятул халкъилан, Хирияв, мун вищидал
Шукру БетIергьанасе тIолабго умматалъул.

ТIагIам гьуинаб нигIмат — гьоцIо гIадаб дин-Ислам,
Сайгъат нижей гьабидал гьарилеб щиб, БетIергьан?
Щуго батIаяб гIужалъ гIибадат - как тIубайзе
ГIумру эркенаб щвейи щай нилъеда кIочонеб?

Нечон, хIинкъун хIелизин хIалимав Аллагьасе,
ХIелун салат битIизин тIолгояз Расуласде,
ТIоритIеян гьаризин, гьидаятан ахIизин,
ХIабибасул ишара Аллагьас нахъчIваларин.

*Мавлая, ссалли васаллим даиман, абадан*
*ГIала ХIабибика, хайрил халкъи куллигьими!*

*Даимаб, абадияб салат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв - Дур ХIабиб - АхIмадида!*

ХIикматазул керен цIун, кашфуялъул къалбу цIун,
Къасиго нахъвуссана Расул МигIражалдаса.
Сапаралъ арав ХIабиб хIалхьун рокъове щведал,
Шукру гьабун ГIаишат Халикъасде гьардана.

Дунял буго къалъун ун, къоял руго гвангъун ун,
КъутIбуясул гьурмаде гьайбатаб нур рештIиндал.
Гьава буго бацIцIалъун, цIцIадал руго гIемерлъун,
ГIазизас умматалъе анварал рикьулелъул.

Ракьал руго хIалуцун, хIалбахъин буго лъикIлъун,
ХIабибасул хвалчаца чурун бацIцIад гьабидал.
Чарамул хъанчал руго нечон гIодоре гъунел,
Гъазаватазул байрахъ гьаваялде борхидал.

Гьунар бугел бахIарзаз рухI бичараб куцалъул,
Кисан дида хIалкIолеб, хIакъикъат бицун хъвазе?
ХIабибасул къуваталъ къачIарал гъалбацIазул
Гъазаватал рехсезе рес кисса дир рекъолеб?

Киналго асхIабзабаз Исламалъе къараб хIал,
КъабихIаб дир кIалалда кIолеб гьечIо рехсезе,
Хирияб БакъигIалда рукъарал шагьидзабаз
Гьабураб рагъул кутак кидал бицун лъугIулеб?



Бадруялъул кIкIалабахъ хъвехъарал капуразул,
Кагътида хъван лъугIулеб гIадад эзул батичIо,
ГIин ккун Абужагьалил жинца бетIер къотIарав,
ТIокI гьабеги Аллагьас Ибну МасгIудил къадру!

Умматалъулго султIан — Сидикъасул хиралъи,
Харилъ тIогьол кинниги, тIибитIана халкъалъулъ,
ТIагьаяс Савруялда сиррияб зикру манлъун,
Зобал-ракьаз кколареб канлъи эсда бихьана.

Бищун цебе иман лъун АхIмад кIодо гьавидал,
Аллагь жинда разилъун ризванул акбар щвана,
Умматалъе сайгъатлъун, силсила къотIи гьечIеб
ТIарикъаталъул аслу — эв гьавуна Расулас.

Исламалъул шартIалъги шаргIалъул ахIкамалъги
ХIукму къотIи хасс гьабун ХатIабил ГIумар тана.
Жиндир гIадлу битIиялъ ТIагьал дин берцинлъарав,
Бицун тана эсдаги Алжаналдасан рохел.

Бичасул хазиначи — хирияв ГIусман-асхIаб,
Аварагас ясал кьун вокьулев дурц гьавуна,
Дунялалъул боцIуда цIар тIамурав мубарак,
ТIокIлъана Исламалъулъ, иман лъуразда гъорлъан.

АбутIалибил ГIали — гIилму чвахулеб ралъад,
ГIуламаазул аслу — эв гьавуна Расулас.

“Ла илагьа илла ллагь” эсухъе щвезабуна,
Щазалияб силсила ирсалъе нахъе тана.

Аллагьас жиндий кьураб хlалалаб боцlудалъун
Хlабибасе квербакъи кутакалда цlикlкlарав,
Керен гlилмудул цlурав гlакълучагlазул амир,
Гlавфил Гlабдурахlманги тlокlлъана иманалъулъ.

Макаялъул ханзаби хасаб гьабун хъвехъидал,
Халидида квер балев капурчи данделъичlо.
Лъел хвалчада бихьичlев бахьи бугев багьадур,
Дур гьунарал рицине цо гlумру къварагlина.

Къо ккаралъув вортулев Батулил бетlергьанчи,
Чан гlамру дуца чlвачlев чlухlараб агьлуялъул.
Иман гьечlел боязе берзул ишара гlолев,
Гlали гlадав багьадур бояда загьирлъичlо.

Кьал ккаралъуб хlадурлъи Хlамзат-Гlаббасил лъайдал,
Хlабибасда квер базе капурзаби хlинкъана.
Хlал щваралъур кlанцlулел Сагlду, Сагlид рихьидал,
Ракlалъ ватан таричlев тушман хутlулароан.

Тlалхlатгун Зубайирил загьрулъи тушбабазе,
Зайд Ибну Хlарисатил хlадурлъи гъорлъе ине,
Аллагьасул диналъухъ рухl бичизе къотlигун
Къватlиб бахъараб хвалчен, хун инегlан кьабурав.



Инсул къисас босизе Расулас изну кьедал,
Анцlила анкьабго сон Усаматил букlана.
Муътаталде балагьун боялгун жив унелъул
Авараг накълулъун ккун, ккана эв нахъвуссине.

Расуласул рагlиги гlадада хунгутlизе,
Хадусанги Сиддикъас Усамат витlун ана,
Инсул ирсалъе щвараб васасул бахlарчилъи
Бихьана гьеб рагъдаги дандиял тушбабазда.

Биял гlодоре тlуна, гlумру диналъухъ кьуна,
Дуниял рехун тана, Мухтарасул нух ккуна,
Мушрикинал квегъана, капурзаби гъурана,
Квер цlураб давла босун Усамат нахъвуссана.

Расуласе хlалги кьун асхlабзаби рагъидал,
Гъазаваталги гьарун гьевги рази гьавидал,
Гьесул суннат цlунизе цlакъ бахъун нилъ хlалтlизин,
Хlалкlун салатги битlун Тlагьа рази гьавизин!

*Мавлая, ссалли васаллим даиман, абадан*
*Гlала Хlабибика, хайрил халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб салат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв - Дур Хlабиб - Ахlмадида!*

Ислам буго гlатlилъун, гlилму буго камиллъун,
Куфру буго хlакъирлъун Хlабибасул къуваталъ.

Иман буго щулалъун, шартIал руго мухIканлъун,
Щибго васвас хутIичIо халкъалъ дагIба гьабизе.

Кьунни руго ХIабибас хIалхьезегIан нигIматал,
ХIалихьатаб нафсалда росизе лъалебани,
Лъунни буго тIотIода ТIагьаясул хазина,
ТIаде ун кодоб боссе камалат гIолебани.

Кьунни буго Аллагьас эркен гьабураб гIумру,
ГIакълу гьечIеб ботIрода битIун хIалтIизе лъани,
ЛъикIаб магIишаталда тунни руго Халикъас,
Къулубал сахаватлъун садакъа бугебани.

Нухни буго битIараб, витIун хьвадизе лъани,
Лъимни буго тIокIкIараб ТIагьаясул ХIавзалъул.
ХIасратаб салат-салам сайгъат гьабун битIизин
ТIаса лъугьун, гьев гурхIун, рахIму нилъейго щвезе!

*Мавлая, ссалли васаллим даиман, абадан*
*ГIала ХIабибика, хайрил халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб салат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв - Дур ХIабиб - АхIмадида!*

Рохел буго, гIадамал, гIакълаби хIайранлъулеб,
ХIакъав МагIбуд рехсезе рухсаби ратиялъулъ.
ХIикмат буго, кьерилал, кьун бугеб талихIалъулъ
Тохлъун гIумру биччайзе гIайибгури нилъеца?



ГIилму буго рекIел тIегь, тIарикъ буго чорхол рухI,
Бичун боссе кIолареб кIудияб нигIмат буго,
ГIаламалъул Хирияс халкъалъе нахъе тараб
Тавбу багьа гьабураб гьуинаб тIагIам буго.

ТIагьал баракаталъул камиллъи бихьуларищ,
КигIан бечедасдаги бичун боссе кIолареб?
КIудиял нигIматазул халгьабун кин толареб,
Тавбу гьабун гурони гьарарасе щоларел?

Шагьру-РабигI бачIиндал чIухIуларел нилъ кинал,
ЧIунтарал ракIал чучун чурхдузул хIалал хьезе?
ХIабиб гьавураб итни, гьабулареб кин кIодо,
Киналго данде руссун салат-саламги битIун?

*Мавлая, ссалли васаллим даиман, абадан*
*ГIала ХIабибика, хайрил халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб салат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв - Дур ХIабиб - АхIмадида!*

Дунялалъул боцIи щун, пашманаб хIал борхула,
Ахират босарасул нафсалъе рохел щола.
Рохел гьечIо АхIмадий уммат хвасарлъи гуреб,
Ургъел тун хIалхьоларо хIайранлъун нилъ рукIаго.

Нафсалъул хIисабалде анбияал ккараб къо,
Умматалъул рухIиялъ АхIмадида кIочона.

Нечон, хIинкъун ургъалилъ улул гIазмаби ккедал,
ГIаламалъулго Сайид суждаялде речIчIула.

Умматалда хIал бугин, хIисаб гьекко гьабеян
ХIабибасул зигара зобалазде бахуна.
Хирияв БетIергьанас ТIагьал адаб рехилищ,
Халкъалъул хIисаб гьаби гьесдалъун байбихьула.

Гьалделаго жужахIалъ жеян гьаракь гьабидал,
Гьелъул бухIи хIехьезе, ХIабиб, нижед кIвеларо,
ХIисаб-суал мекъса ккун СиратIалде ниж щведал,
ШафагIат дур гьечIони гьабулеб жо лъаларо.

Гьанжего къачIадизин къварилъи бачIинелде,
КъачIан хIадур рукIинин хIал черхалде щвеледе,
ШафигIасде салават сваказегIан битIизин,
СиратI бахунеб къоялъ гьалмагълъун жиб батизе.

*Мавлая свалли ва саллим даиман абадан,*
*ГIала ХIабибика хайри-л-халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб свалат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв Дур ХIабиб — АхIмадида!*

Зодиб бугеб цIва рикIкIун цIоб рещтIаги, я Аллагь,
ЦIар берцинав ТIагьаде, тIолго хIаваижазде!
Дуниял цIураб боцIул цIоко-тIомалда бугеб
ТIолго расгIан гIемераб салатги лъе, я Рабби!



РагъдалгIе ччугIби рикIкIун, ччугIбузда куркьбал рикIкIун,
Кинабго сасу рикIкIун саламги лъе, я РахIман!
Рохьоб бугеб гъветI рикIкIун, гъотIода тIамах рикIкIун,
ТIад бижараб пихъ рикIкIун рештIаги тIаде рахIмат!

МугIрул цIураб гIи рикIкIун, гIуру цIураб хер рикIкIун,
Харида кьибил рикIкIун рештIаги тIаде баркат!
Их бачIиндал цIцIададалгIан, цIорой ккедал гIаздалгIан
ГIадад хIасру лъалареб хIасуллъаги даража!

Боржун унеб хIинчI рикIкIун, хIанчIида куркьбал рикIкIун,
Куркьбазда хIули рикIкIун, хIулиялда рас рикIкIун,
Ракьалда бижанщинаб боржун унеб рухI рикIкIун
Расулгун агьлуялда, Аллагь, лъеги Дур Салам!

Анкьалго зобал цIурал малаикзаби рикIкIун,
Малайкзабаз гьабулеб даимаб тасбихI рикIкIун,
ТасбихIазул хирияб — субхIаналлагьги рикIкIун
Расулгун агьлуялда, Аллагь, лъеги Дур Салам!

Алжан рикIкIун, цIар рикIкIун, цIер гIадин тIагIам рикIкIун,
ТIуба абураб гъотIол тIолго гIаркьел-кар рикIкIун,
Рахьдал, жадул гIор рикIкIун, гIурул къатIраби рикIкIун
Расулгун агьлуялда, Аллагь, лъеги Дур Салам!

ХIурулгIинал данде къан, буракъал гьорлъе рачун,
Гъоз рарал санабазул сардалгин къоял рикIкIун,

Къоял сардазда жанир сагlтал-минутал рикlкlун
Расулгун агьлуялда, Аллагь, лъеги Дур Салам!

Халкъалда дин малъарал Дур илчизаби рикlкlун,
Эзда тlадкъай гьабураб тlолго Дур Калам рикlкlун,
Кинабго данде къараб Къуръаналъул хlарф рикlкlун
Расулгун агьлуялда, Аллагь, лъеги Дур Салам!

Хlарфалда хlарак рикlкlун, хlаракул магlна рикlкlун,
Магlна хъвараб тlехь рикlкlун, тlехьалда рагlи рикlкlун,
Тlахьал данде гьарурал гьал гlуламаал рикlкlун
Расулгун агьлуялда, Аллагь, лъеги Дур Салам!

Гlуламааз ахlараб, Аллагь, Дурго цlар рикlкlун,
Кlалдиса рухl инегlан ээ цlараб хlухьел рикlкlун,
Хlетl лъураб балдат рикlкlун, бахъараб гали рикlкlун
Расулгун агьлуялда, Аллагь, лъеги Дур Салам!

Доз хъварал тlахьал цlалун тlокlлъарав гlалим рикlкlун,
Гlалимас тlовитlарав тlолго жагьилав рикlкlун,
Гьел киназего хъварал Дур даражаби рикlкlун
Расулгун агьлуялда, Аллагь, лъеги Дур Салам!

Я Бичасул Авараг, уммат хирияв Хlабиб,
Хlалкlолеб гьечlо нижер низамалда хьвадизе.
Замана квешлъун ккедал, куфру гlемерлъун ккедал,
Кинабго чулпа лъугьун чара къотlун ккун руго.



Чорокаб-бацlцlадалъе цlоб гlатlидав Аллагьас
Гlафву гьабун течlони, рорчlизе бакlго гьечlо.
Гьеб рахlмуги нижее Рахlманасул щвеялъе
Щибниги далил гьечlо дур мунажат гурони.

Диналъул къадру гьечlел къулубал ратаниги
Къабул гьабе, я Аллагь, ахlараб нижер мавлид!
Хlалал-хlарам жубараб тlагlам батананиги
Тlаса лъугьа, Бетlергьан, гьелда ниж рази гьечlин!

Мун вокьун данделъарал диналъул вац-яцазе
Дурго шафагlатазул щвезабе, Хlабиб, бутlа!
Хlисаб-суал гьабизе Гlарасалде рачиндал,
Нечон, хlинкъун ниж тоге, хlакъав русулазул хан!

Ахир заманалде ккун зунубал цlикlкlарал ниж,
Забаниятал рачlун басра гьаризе тоге!
Тавбуялъе кlвахlалаб агьлу ниж ругониги
Жужахlалъул цlедаса цlуне дуца, Авараг!

Аллагь, Гъафуру-Рраxlим, Хlабибасда цlоб лъеги,
Цlадул балагьалдаса уммат хвасарлъиялъул!
Хасго рецц Дуе, Халикъ, халкъ бижарав Бетlергьан,
Тlагьал бицун кlалъазе кlал-мацl нижее кьурав!

Расуласул тlабигlат тlубан лъарал гlалимаз
Гlемераб бицун буго берцинаб гьесул хабар,

Хирияла авлияаз Аварагасул мавлид
Азаркьераб куцалда бицун буго тIахьазда.

ТIагьаясда рекъараб сифат гьабун кIалъарав
Лъугьа дидаги тIаса, тIолго диналъул вацал.
Досдехун хилифлъулеб хабар жаниб батани,
Тоге кIвар гьабичIого, гьечIебин дирги инкар.

РухIго гьечIеб хIанчIида хIал бугеб рас бижилищ,
ХIалакъаб чахъдада тIехь тIом бицатаб лъугьинищ?
ТIалхиябго хIориниб хIалхьун гама лъеделищ,
ЛъикIаб ярагъ байчIого бодулъ чиги рекъелищ?

Пакъир дирго мискинлъи дидаго бихьун буго,
Дунялалъ квегъулезул кумекчилъун ккун вуго.
Кинниги рекIел анищ, Аллагь, Дуда лъалелъул,
Иншааллагь, хьул буго мурадалде вахине.

Гьаб хъварав пакъир дунги дугIадулъ гIахьал гьаве,
ГIумру гIадада арав гIажизав мискин вугин.
Расуласде хьулги лъун гьабураб мавлид бугин,
Гьаре, вацал, диеги досдасан шафагIалъи.



# АВАРАГАСДЕХУН ﷺ ГЬАБУРАБ МУНАЖАТ

АлхIамдулиллагь — рецц БетIергьанасе,
ТIолго махлукъалъе ризкъи биччалев,
Заррабаз хIалтIараб, ЛавхIалда хъвараб
ХIукму-къадар гьабун гIалам хьихьулев!

Цинги салат-салам Аварагасде
Динул-Исламалъул саййидлъун вугев,
Инсанлъун ракьалда вижи гурони,
Жиндир хIикматазул хIисаб лъаларев!

ХIабиб, дур умматлъун дун вижарасе
Фидят гIемер буго, гIумру ун буго,
ГIадилав Ханасда цеве чIеялъул
Ургъел цIикIкIун буго, дун хIинкъун вуго.

Диналъул кIвар гьечIеб, кIарчанаб чорхол
Чанги гIузру буго Бичасда лъалеб.
Бицун хIалкIоларел хатIаратазул
Хивал гIемер буго каранда жаниб.

Кинниги БетIергьан — Гъафур вугелъул,
Гъуфраналдаса хьул къотIун кколаро,
Къадирасул ХIабиб мунги вугелъул,
Дур шафагIаталде анищ гьабула.

Аллагь разилъиги — мун вокьилъидал,
Вокьаралгун рахъин хIакъабгилъидал,
ХIабибилан ахIун, АхIмадин цIалдон,
ЦIоб гIатIидав Аллагь гурхIи гьарила.

Дунял къалъулеблъун бакъ бихьаниги,
КъутIбуясул гьурмал гьелъулъ нур буго,
Гьаваялда цIваби цIикIкIун кканиги,
ЦIар берцинав ТIагьал тIокIлъана гвангъи.

ТIолго анбияал хиралъаниги,
Хас гьавуна ХIабиб РахIманас аскIов,
Эзул даражаби цIикIкIун хъвалелъул
Хъвана Расуласул исму ГIаршалда.

ГIаламалъул саййид — эв вукIин лъайзе,
Эсул бицен камун китаб рещтIинчIо.
Камилазул асил загьир гьавизе,
Зобал, ракьал цIурал махлукъ бижана.

Живго БетIергьанас салатги битIун,
ТIокI гьавуна АхIмад анбияазулъ.
Удну МухIаммадан хитIабги гьабун,
Халкъалъе рахIматлъун вищана тIаса.

Алжан-жужахIалъул ихтиярги кьун,
Уммат хвасарлъулеб рохел баркана,



Кунузазул акъфал сайгъатги гьабун,
Саламалъул гьудул вохизавуна.

Уммат хириясул хивалахъ балан,
Хадуб тавбуялъул гъапу рагьана,
Гьудуласул рекIел рахIатхун ккедал
Хулафаал кьуна Ислам цIунизе.

Уммат къосиналда Расул хIинкъидал,
Сиддикъ гIахьал гьавун гIуцIана тIарикъ.
ГIилму тIагIинилан ТIагьа пашманлъун,
Мужтагьидал кьуна дунял гвангъарал.

Гьеб хIукму-къадаргун КъутIбуясул нур
КъватIиб загьирлъизе заман гIунтIидал,
ГIабдуллагь инсуе Аминатица
ХIикматазул бахIру — АхIмад гьавуна.

Гьашимияб кьолбол къурайшиязде
Къалъараб бакъ щвана шагьру-РабигIалъ,
Шигьабазул раис кодовеги щун
ШафагIат хIакълъана мугьажиразе,

Гьидаят насибал ансариязе
Аллагьасул Расул сайгъатлъун ккана,
Исламияб нухда тIоритIанщиназ
ТIагьаясе чурхдул къурбанлъун кьуна.

Къутlбуясул нуралъ гвангъараб Кагlба
Бихьизе къасд лъола, къуват гlоларо.
Гlилмудул хlур чlараб Хlарамалъул ракь,
Рокьи духъ гьабула гьанивги вукlун.

Гьижраялъ мун арав Мадинаялде
Дунги ахlе, Ахlмад, хlалхьун вукlине,
Хlарбуялъ босараб Маккаги бихьун
Хьул нахъбуссинабе ссудулеб реклlел.

Мун вокьи рихараб халкъалда гьорлъа
Хвезениги ваче дун Бакъигlалде,
Гlакъидатго гьечlеб къавмалда гьоркьов
Къварид вугин, Хlабиб, гурхlа мун дида!

Динул-Исламалъул сасго къотlараб
Тlун аги гlодобе гlумруялъ туснахъ,
Гlилму-тlалабалъе чараго гьечlеб
Чlунтун хараблъаги хъублъараб Ватlан!

Тlагьаян ахlизе хlалхьи толареб,
Таллагь, рихун буго гlадатазул нух,
Гlаксалда хlалтlулел хlукмучагlазул
Хlалай баклlлъун ккола бицунеб хабар.

Хваразухъ хlайранаб, хlаят ч1алгlараб,
Хlадисалъ бицунеб ахир замана,



Зулматал гlемерлъун, гlалам жагьиллъун,
Гlибадат басралъун, сурун бугеб куц.

Свинго гьечlеб чирахъ жаниб бакараб
Каранда къан буго къиматаб Равза,
Къадру тlоклав Тlагьа жанив къанщараб
Щола мун раклалде Гlаишатил рукъ.

Шафагlат бокьарал, гьоболлъухъ унеб
Гьадиясул къубба гlагарда анищ,
Гlишкъу бергьаразул мурад тlубалеб
Тlайбаталде сапар бухьине анищ.

Авараг хьвадараб Хlижаз ракьалде
Хlалкlолеб куц анищ гьижра гьабизе,
Гьесул жигьадазул лъалклlниги анищ
Аллагьасул нухда дуниял тезе.

Дур нур бихьуларел берзул канлъухъе
Кин гали босилеб, я Расулуллагь?
Дур фуюза чвахун чуричlеб раклалъ
Чорокаб нафсалде кlал кин гьикъилеб?

Кавсаралъул лъеде уммат ахlулев
Рухlазул эменги дур варислъидал,
Дирго загlиплъиялъ зузуданиги
Залимаб нафсалда гlайиб цlакъ буго.

Бичасде щвеялъе далилллъун ругел
Дур хулафаалги ратун ругелъул,
РекIел къварилъиялъ къиркъиданиги
Къадар Аллагьасул, алхIамдулиллагь.

Дур суннат цIунизе хIалкIвечIониги,
ХIалхьини теларо тураяб логой,
Тавбуялда чIезе рес гьечIониги,
РахIат хвезабила хвараб черхалъул.

ХвезегIан ракьалда вихьичIониги,
Хьулни къотIуларо, ТIагьа, дудаса,
ТIаде рахъун хадуб ГIарасаталда
ГIела вихьаниги дирго Аварагь.

Дур манакъибазул биценги гьабун
Берцинго рукIина гIажал щвезегIан,
Аллагьас кьуралде сабруги гьабун
Салат-салам дуде гIемер битIила.

Алжан гIатIилъулев, жужахI ссун унев,
Салат-салам дуде, я Расулуллагь!
СиратI шагьралъулев, шайтIан лъутулев,
Салат-салам дуде, я ХIабибуллагь!

Хириязул къутIбу , тIолгоязул нур,
Салат-салам дуде, я Каримуллагь!



Камилазул асил, русулазул хан,
Салат-салам дуде, я Набийаллагь!

ГIилмуялъул бахIру, хIилмудул ралъад,
Салат-салам дуде, я РахIматуллагь!
ХIикматазул керен, кашфуялъул ракI,
Салат-салам дуде, я ХIафийаллагь!

ХIасрат бергьаразе шафагIат щолев,
Салат-салам дуде, я Сафийаллагь!
Салат битIарасе баракат хIакъав,
Салат-салам дуде, я Нажийаллагь!

Дин бокьарал васал силкалда ххолев,
Салат-салам дуде, я ГIалималлагь!
ГIазабалъе хIакъал тархъан гьарулев,
Салат-салам дуде, я Аминаллагь!

Аман гьарун щварав пашманлъуларев,
Салат-салам дуде, я Калимуллагь!
Кумек хIажатасе хIадурлъи цIакъав,
Салат-салам дуде, я СиратIуллагь!

ТIолго мунагьазул гьиралги раччун
Гьумерни киб бугеб калам гьабизе,
Кинабго къасават рекIелъги бессун
Ресги кин рекъолеб КъутIбу веццизе.

Тlагьаян ахlулеб дир хlухьелалъул
БухIини киб бугеб каранда жаниб.
Кинниги дир хивал — тавбу гьабизе,
Гьунар Дуца кьеги, вокьулев Аллагь!



# АЛЛАГЬАСДЕ ХІЕЛИ - МУНАЖАТ

Алхlамдулиллагь, Аллагь, тlолго рецц дуе буго,
Тlокlал нигlматалги кьун ниж кlодо гьарун руго.
Кlудияб рохел бицун, берцинаб амру гьабун,
Аманат тlубайзелъун тlолго халкъ бижун буго.

Хирияб Дурго Калам киназего гlамм гьабун,
Гьел диналде ахlизе илчизаби щун руго.
Адамидасан кlвараб, Хlабибасде щвезегlан
Хlакъал Дур расулазул силсила къотlун гьечlо.

Салатгун салам лъеги хирияв Ахlмадида,
Агьлу-асхlабзабазда, тlолго табигlиназда,
Тlагьаясул шаригlат умматалъе бикьарал
Агьлу-загьиргун батlин, - тlолго гlуламаазда!

Гlилму тlалаб гьабулел тlалибиназул къукъа
Тlоритlе Дуца, Халикъ, Хириясул нухалда!
Хирияб динул-Ислам боссе анищ гьабурал
Щвезаре мурадалде Дурго фазлуялдалъун!

*Мавлая, ссалли васаллим даиман, абадан*
*ГІала ХІабибика, хайрил халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб салат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв - Дур ХІабиб - АхІмадида!*

Аллагь - Рахlман, Мун - Рахlим, хlилмуялъул Бетlергьан,
Хlелун Духъе вачlарав чlваге Дуца дунги нахъ!
Чlовогояв гьардухъан, гьунар гьечlев дун пакъир
Ризкъи - гlибадат гьабун гьаве, Аллагь, вохизе!

*Мавлая, ссалли васаллим даиман, абадан*
*Гlала Хlабибика, хайрил халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб салат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв - Дур Хlабиб - Ахlмадида!*

Гьардухъан нахъвитlулеб тlабигlат Дур гьечlелъул
Гьабе, Аллагь, диеги Дур рахlматалъул бутlа!
Битlараб тlарикъалде тlоритlиги Дурлъидал,
Дунги ахlе, я Карим, кумалазул нухалде!

Киналго хlукмабазул хlакимги Мунголъидал,
Хlасрат бергьун щварав дун пашман гьавуге, Аллагь!
Шафагlаталъе изну кьолевги Мунголъидал,
Дида квершел гьабиги муршидасде тlамун те!

Тlолго хазинабазул ихтиярги Духълъидал,
Дир каранда къан бугеб къадар гьабе, я Гъани!
Къурбаталде ахlизе хlалкlолевги Мунлъидал,
Хlасул гьабе, я Къадир, къалбул салим диеги!

Къабулаб тавбуялъул гьапуги Дурголъидал,
Дийги рагье, я Гъафур, гъуфран щун ракl бохизе!



Шайтlан нахъе кьотlулеб къуватги Дурголъидал
Дунги цlуне, я Латlиф, тlолго хатlаялдасан!

*Мавлая, ссалли васаллим даиман, абадан*
*Гlала Хlабибика, хайрил халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб салат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв - Дур Хlабиб - Ахlмадида!*

Тlахьаз жаниб бахчараб бечелъиялъул бутlа
Биччай, Аллагь, диеги диналъе квербакъизе!
Къуръангун хlадисалъул хlукму бичlчlизе бокьун
Хlалтlуда араб гlумру гlибадатлъун хъвай, Аллагь!

Гlафвуялъул кверщелги кодоб бугев Мунлъидал,
Киналго дир мунагьал гьаре, Аллагь, рахчизе!
Черхалъул гlузру лъалев гlалимги Мунголъидал,
Гlилму-нафигl цlиклун кьун, цlцlан ваче тавбуялде!

Тавхlидалъул кутубал каранда накъищ гьарун,
Камил гьабе дир ихлас Дурго хlилмуялдалъун!
Дирго мунагьазе нугl дунго вуклин бихьулев
Басирги Мунголъидал, лъугьун те, Аллагь, тlаса!

Дир чорхол гlайиб бихьун гlазаб Дуца кьунани,
Гlанкъра-борхьазул ирга инсанасде щвеларо.
Щибаб дир мунагь рикlкlун данде жаза гьабуни,
Жужахlалъул цlаялъе цlуллъун ккела дир лугбал.

Дур нигIматазде данде дир гIибадат босани,
ГIасигун-фасикъасул исму дие хIакълъила.
ЛъикIаб гIамал дандбитIун Дуца ужра кьунани,
Дидаса фасикъав чи къавмалъулъ ватиларо.

Дир хьвадиялда рекъон разилъи Дур бугони,
Дидаса басрияв чи росабалъ вижиларо,
Жагьлуялда рекъараб такъсир Дуца гьабуни,
Дидаса хIакъ гIемерав гIаданго вукIинаро.

ГIамал гьечIеб гIилмуялъ гIалимги гьалаглъулин,
ГIазаналлагь, БетIергьан, гьеб гIумро-хIалалдаса.
ГIилму гьечIев жагьилги камиллъун вахъунарин
Кумек гьабе, дир Аллагь, динул-Ислам бичIчIизе!

ЖамигIул азгьаралъухъ рокьи ккарав дун гIажиз,
ГIисъяналда къоял ун къварид тоге, я Рабби!
РекIел хивалал лъалев халкъалъулго Мун - ХIаким,
ХIабибасул ирсалъул варислъун дунги гьаве!

*Мавлая, ссалли васаллим даиман, абадан*
*ГIала ХIабибика, хайрил халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб салат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв - Дур ХIабиб - АхIмадида!*

Беразул нур суйнегIан сверун балагьаниги,
Сифат лъайзе кIоларев, кIодолъи цIакъав, Аллагь,



АхIмадил тIарикъалъул бутIадулавлъун гьавун
Ваче дунги рухIазул хIал хьаразде гьоркьове!

Къоял сардада рацIцIун сапар бухьананиги,
Вугеб бакI батуларев, вати тIадав БетIергьан,
ТIагьаясул шаргIалъул шулияб хIаблуялда
Щула гьабе дирги ракI Дулъ махIаббат цIикIкIине!

ХIуснул хулкъ камиллъулеб, каранлъ ракI чIаголъулеб
“Ла илагьа илла ллагь” чорхолъ хьвадизе гьабе!
Гьидаят хIасуллъулеб, ХIабибуллагь вохулеб,
Хирияб салаталъулъ сухIбат цIикIкIине гьабе!

ЦIикIкIун ккарал мунагьал чуризе дарулъулеб
Дуде истигъфар гьаби, гьуин гьабе мацIалъе!
Гьарараб къабул гьабун, къабулаб тавбуги кьун,
Къоял гIадада унеб гIамал сверизе гьабе!

Салат-салам лъе, Аллагь, нижер Аварагасда,
Инсанасул мацIалда рехсезе хIалкIолареб!
ХIабиб вохун те, Аллагь, умматги хвасар гьабун,
Гьесул адаб гьечIого гьадин ниж хьваданиги!

*Мавлая, ссалли васаллим даиман, абадан*
*ГIала ХIабибика, хайрил халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб салат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв - Дур ХIабиб - АхIмадида!*

# ГЬАДИЯТЛЪУН БУКІИНЕ КІАЛЪАЗИН ТІАГЬА ВЕЦЦУН

Алхlамду — Дуе, Аллагь, дунял-гlаламалъул Хан,
Махлукъаталъул саййид Расуллъун нижей кьурав!
Салат-салам даимаб Ахlмадида лъе, Аллагь,
Дунял-ахираталъул хайрат нижей бикьулев!

Жинда рекъараб сипат гьабизе лъачlоники,
Гьадиятлъун букlине кlалъазин Тlагьа веццун.
Гьарурал мунагьазе кафаратлъун букlине,
Бицинин дагьаб хабар халгьабурал вацазе.

Рагlи камилав Хlабиб, калам гьуинав Хlабиб,
Кинабго гlаламалъулъ гlакълу тlокlав Мустlафа,
Тlолго махлукъаталде дур шаргlалъ щвей гьабурав,
Гьидаяталъул гьафу мун вокьиялъ рагьулев.

Дуде инкар гьабурав куфруялда хутlарав,
Хивал дулъ квешлъарасул Ислам къабул гьабичlев,
Къуръаналъул аятаз Ахlмад вукlин бицунев,
Рецц гьабизе хlакълъиялъ Мухlаммадан цlар тарав.

Рахlманасул мулкалъулъ дуда жо барщалъичlев,
Шафагlатазул манбагl мун гуресда хаслъичlев,
Халилуллагь мун вукlин далаилаз бицунев,
Дур суннатал цlунарав, цlаялдаса тархъулев.



Салат битlун Бетlергьан мун гуресде кlалъачlев,
Мигlражалъул асрарал мун гуресе хlакълъичlев,
Хlуралгун малайкзабаз дур гуреб цlар ахlичlев,
Анбияазул зумрат дур нуралъ берцинлъарав.

Рицун тарал хlадисаз хlуфазал камиллъарав,
Каранда гьел цlунарал макъамалде рахарав,
Къуддусиял хабараз хулафаал тlокlлъарав,
Тlолго мужтагьидзаби гьездалъун бечелъарав.

Балагьун бер гlорцlарав гlалим лъугьун хlалхьарав,
Гlамал гьабун хьвадарав рахlматалъулъ тlерхьарав,
Тlолго махлукъаталъе мун гьавун рохел щварав,
Щибаб жо бижиналъе сабаблъун мун ватарав.

Мугlжизатал гlемерав, гlаламатал загьирав,
Зоб-ракь нуралъ гвангъарав мун гурев расул гьечlев,
Сидраталде щвезегlан якъзаталдаги вачун,
Рахlманас гьоболлъиги гьабичlеб дуй гурони.

Чlаго Халикъ вихьулеб макъам дуй гуреб щвечlев,
Шафагlатал рикьизе къасим мун гурев течlев,
Русулазул хатамлъун ахиралда щваниги,
Азалалда зарраби дур наввабаллъун ккарав.

Башаразул эменлъун Адам вижананиги,
Жавгьаралъул нуралде дур гуреб исму течlев,

Юсуф аварагасе берцинлъи кьунаниги,
Берцинабщиналъул нур дудасан загьирлъарав.

Сулайманил мулкалда кверщел батананиги,
Зобал-ракьазул ханлъи Халикъас духъе кьурав,
Хаварикъул гӀадатаз гӀадамал гӀажизлъарав,
ГӀилму камиллъиялда кашишзаби мукӀурав.

Киналго муъминзаби мун камун ятимлъидал,
Каламулагьил къадим ирсалъе нахъе тарав.
Аллагьасул къотӀи щун къадаралде ккун хадув,
Къваридаб умматалъе хулафаал ратарав.

Халикъасде щвеялъе муршид кквейи — шартӀлъидал,
Шукруни тӀадаб буго ТӀагьал варис лъарасда.
Лъалареб нух манлъизе далил хӀажалъулелъул,
ХӀамдгин рецц Аллагьасе, авлияал ратидал!

*Мавлая, ссалли васаллим даиман, абадан*
*ГӀала ХӀабибика, хайрил халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб салат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв - Дур ХӀабиб - АхӀмадида!*

ТӀарикъаталъул эмен, авлияазул султӀан,
Салат-салам, Аварат, умматалъул рахъалъан.
Анбияазул саййид, мурсалиназул хатам,
Салам дуде, Аварат, умматалъул рахъалъан.



Аллагьасул мун махӀбуб, хӀакъав Бичасул Расул,
Салат-салам, Аварат, умматалъул рахъалъан.
Алжан-жужахӀалъул хан, махлукъаталъул гӀирфан,
Салам дуде, Аварат, умматалъул рахъалъан.

СиратӀ-низам камилав караматалъул бахӀру,
Салат-салам, Аварат, умматалъул рахъалъан.
ГӀарш-Курсалъул мун аслу, асраразул бетӀергьан,
Салам дуде, Аварат, умматалъул рахъалъан.

ЛавхӀ Къаламалъул авал, умуразул байбихьи,
Салат-салам, Аварат, умматалъул рахъалъан.
Анбияал-русулал мун сабаблъун тӀокӀлъарав,
Салам дуде, Аварат, умматалъул рахъалъан.

Агьлул кабаиразе шафагӀатал гьарулев,
Салат-салам, Аварат, умматалъул рахъалъан.
Аллагьасул хазина халкъалъе тӀибитӀарав,
Салам дуде, Аварат, умматалъул рахъалъан.

РахӀмат чвахулеб сахӀаб, саликиназул матӀлуб,
Салат-салам, Аварат, умматалъул рахъалъан.
Агьвалазул кьояца аманат дуде бугев,
Салам дуде, Аварат, умматалъул рахъалъан.

Абадияб рукъалъул рохел дудалъун щолев,
Салат-салам, Аварат, умматалъул рахъалъан.

Ливаул хIамд кодосев, Кавсар-ХIавзалъул малик
Салам дуде, Авараг, умматалъул рахъалъан.

Макъамул-махIмудалъе къотIи гьабурав, Мухтар,
Салат-салам, Авараг, умматалъул рахъалъан.
Аб нижер улкаялъе канлъи кьурав, Нуруллагь,
Салам дуде, Авараг, умматалъул рахъалъан.

Аллагьасул диналде ниж ахIарав Сайфуллагь,
Салат-салам, Авараг, умматалъул рахъалъан.
Агьлу тасаввуфалъул судурал гвангъулеб бакъ,
Салам дуде, Авараг, умматалъул рахъалъан.

Иршадалъул силсилат сайгъат нижей гьабурав,
Салат-салам, Авараг, умматалъул рахъалъан.
Аллагьасде унеб нух манлъизе эл ритIарав,
Салам дуде, Авараг, умматалъул рахъалъан.

Эзухъе нилъ рачарав БетIергьанасе щукру
Камилаб адаб кквезе гьунарго гIечIониги.
Гьезде инкар гьабулеб къавмалъулъ ратунгутIи
КIудияб давла буго диналъул вац-яцазе.

*Мавлая свалли ва саллим даиман абадан,*
*ГIала ХIабибика хайри-л-халкъи куллигьими!*
*Даимаб, абадияб свалат-салам лъе, Аллагь,*
*Халкъалъулго хирияв Дур ХIабиб – АхIмадида!*



# АВАРАГАСУЛ ﷺ ХИРАЛЪИ

Дунял-ахираталда нажат жиндалъун бугев,
Жив вокьарав чиясе баракат хIасуллъулев,
Бахьи кьураб къавмалъул аманат жинде бугев,
Жиндехун божи гьечIев мурадалде щоларев;

РахIматлъун гIаламалъе жив витIи – хIакъаб бугев,
Къуръаналда Аллагьас гьедин витIи бицарав,
Вижилелде цевего, анбияъ-русулаца
Василатлъун жив гьавун, Аллагьасде гьарарав;

Гьавун хадув, хойзегIан Халикъас жиндий кьурал,
Халкъалъе мугIжизатал бакъ гIадин загьирлъарав,
БакъуерагIадгьабун, цадахъ накIкI билълъанхъарав,
Бугьналогода гьоркьоб мугьру-нубувват чIварав;

МигIражалъул гьоболлъи жив горесе гьабичIев,
Жинде рещтIараб Къуръан къанунлъун тIаса инчIев,
Инжилгин Тавраталъе тахIвил къавмалъ гьабидал,
Гьеб жинцаго цIунизе БетIергьан гьоркье чIарав;

Бану-исраилазул цересел умматазде
Аварагзабаз рохел жиндалъун бицун тарав,
Жиндир заманаялда загьирлъун жив вихьани,
Гьесий койрбакъилилан ругьбанал хIайранлъарав;

Къиямасеб къоялъги шафигӀлъун жив гьавурав,
Гьелъул хӀакъалъулъ хӀадис жинцаго бицун тарав,
Жив вокьун дунялалда свалат гӀемер битӀарав
ГӀарасат-майданалда, койр ккун, аскӀов вачунев;

Кинабниги рахъалъан махӀасинуль-ахлакъал
Аллагьас жиндир чорхолъ данде гьарун вижарав,
Дунял-ахираталда пайда бугебщиналъул,
Щибго нахъе течӀого, халкъалъе бицун тарав;

Бицунеб жиндир хӀадис нургун цадахъ букӀунев,
Цинги, дагьал рагӀабаз гӀемер магӀнаби кьолев,
ГӀарифунал горезе магӀнаби тӀокӀкӀунарев,
РекӀел басират гьечӀез гьел ратӀа рахъуларев. –

Гьединав ХӀабиб вуго, хӀикматал гӀемер руго,
ГӀорал щакъилъаниги, хъвайзе нелъер рес гьечӀо.
Русулазул хан вуго, хатамлъун витӀун вуго,
ТӀокӀал нелъер гӀакълаби хадур гъолеб жо гьечӀо.

Халикъасул лагъ вуго, тӀокӀ гьавун вижун вуго,
Вижарасда гӀадин лъикӀ гьесул макъам лъаларо.
Гьесул уммат нилъ руго, иншааллагь, хьул буго
Аллагьасул фазлуялъ гьевгун рахъинелилан.



# ХАЛИКЪАС ХАСС ГЬАВУРАВ ХӀАБИБАСУЛ ﷺ ХИРАЛЪИ

Халикъас хасс гьавурав ХӀабибасул хиралъи
Халкъалъ бицун, къимат кьун, рагӀалде бахъунаро!
БахӀрул-мухӀитӀалдасан рагӀа-ракьан лъаларел
Расуласул асрараз инсан хӀайран гьавула.

Авалалда вижарав, ахиралда вачӀарав,
Адам вижилелдего авараглъун вукӀарав.
«Аласту бираббикум?» БетӀергьанас гьикъулеб
Къоялъ, тӀоцобе жаваб, жинца «Бала», – ян кьурав.

Жиндий гӀоло тӀолабго махлукъат бижиналъул
Бицен тӀахьазда жаниб бокьарасда батулев.
Анкьалго зобалазда, хирияб ГӀарш, Курсалда,
Алжаназда жанирги, – жиндир цӀар кибго хъварав.

Киналниги цересел русулазде рещтӀарал
ТӀахьазда жаниб рехсон, рохел жиндир бицарав.
Дунялалъул букӀназда бусурманаб агьлоялъ
Азан–икъаматалъулъ исмо жиндир рехсолев.

Аллагь-ТагӀалаясул асмаазда гьоркьосан
Лъабкъоялда анцӀго цӀар жиндий гӀахьал гьабурав.
Гьел киналго данде къан, мустахӀикъал цӀаразул
ГӀадад азаргоялде жив горесул бахинчӀев.

Халикъас жив вижарав сураталда Жабраил
Жиндир беразда вихьун, хассаисал тIокIлъарав.
ТIадеги, кIиго нухалъ Халикъ жинда вихьарав,
Хварал эбелгин эмен чIаго жиндий гьарурав.

Гьел хун жив ятимлъарав, умиявлъун вукIарав,
Аллагьас кIодо гьавун, гIалимавлъун вахъарав.
Малакун-мукъаррабун яги набиййун-мурсал –
Гьезда бихьичIеб макъам – такъарруб камиллъарав.

Киналниги адянал жиндалъун насхулъараб,
Хиси жиндие гьечIеб Къуръан кодобе кьурав.
Кутубазул магIнаби киналго жанир лъураб
МугIжизатазул асло – гьеб Халикъас цIунарав.

Къад гIадин, бецIаб сардилъ кинабго жо бихьулев,
Жиндица хIацIо туни, цIам ун, лъин гьуинлъулев,
Гьуинаб мискалъул махI гIетIалдасан бахъунев,
Нахъа бугеб жамагIат цебе гIадин бихьулев.

РагIад жиндир лъугьинчIев, ретIелалда тIутI чIечIев,
Вакъун жив кьижаниги, гIорцIун тIаде вахъунев.
ГIадамазда кидаго хIажат жиндир бихьичIев,
Жив макьилъ вихьанани, – хIакълъунго вихьи кколев.

Вихьун жинде бер щварав, ракIалда унти гьечIев
Инсан – тIаса жагьло ун, гIалимавлъун лъугьарав,



ГIадамазе, жиндаса гьаракь борхун кIалъайзе,
Гьединго жив нахъа тун такъдим хIарам гьабурав.

МухIталимлъун лъугьинчIев, гьакIасдизе байинчIев,
Гьеб кIиялдасаго жив гIумроялъго вацIцIадав.
Дунял тун, жив накълолъун, уммат бесдаллъаниги,
Барзахияб чIаголъи кидаго тIаса инчIев.

Умматалъул киналго квешал-лъикIал гIамалал,
КамичIого жиндихъе малаикас рачIунев.
РачIарал гIамалазул лъикIалдаса вохулев;
Сайиатал рачIани – гьел чуреян гьарулев.

Гьединго Равзаялде зияраталъ вачIарав –
ЧIаго жиндихъ зиярат гьабуравлъун вукIунев.
Магъриб-машрикъалдасан умматалъул бокьарас
Свалат-салам битIани, гьеб буссине гьабулев.

Явмул-къияматалда халкъ тIаде бахъинелде,
ТIоцобе ГIизраилас хитIаб жинде гьабулев;
Жив тIаде вахъинчIого, нахъеяб гIаламалъул
Анбияал-русулал – гьелгицин рахъунарев.

Цинги гIарасаталда, сиратIгин мизаналда
Жиндир шафагIаталде гIаламго хIажалъулев.
Алжаналъул каваби квералъ жинца рагьулев,
Жив жанив лъугьинчIого цойги чи лъугьунарев.

Гьединав ХIабиб вуго, хIавзалъул малик вуго,
ХIажаталъув ватулев ракIчIарав ШафигI вуго.
ШафагIат гьабулезул имамлъунги жив вуго,
Аллагьасе хирияв Хайрул-барийййат вуго.

Хирияб жиндир уммат, цересезе рукIинчIел
Рухсаби гIатIид гьарун, бигьалъиялда тарав,
Такбир-таъминалдалъун, рукугI-сужудалдалъун,
ЖамагIатгун как бай кьун Каримас тIокI гьавурав.

Гьединго рузман къо кьун, сагIатул-ижабат кьун,
Азарго моцIалдаса Рамазан хира гьабун;
Хиралъи-тIокIлъиялъул бицун хIалго кIолареб
Лайлатул-къадриялъул сордоги сайгъат гьабун;

КIал беччан къо, Къурбан къо, кIиябгоги гIидлъун кьун;
ГIидалъул хIурмат гьабун кIал ккойи хIарам гьабун;
Кафарату-санатайн савму-гIарафат гьабун,
ГIашураалъ ккураб кIал соналда барщад гьабун;

Гьарурал мунагьазе истигъфар тавболъун кьун,
ИжтимагI къосиналда ккеялдаса жал цIунун;
Цересел уматазе гIазаблъун жиб букIараб,
РахIматлъун ихтилафги Аллагьас жедей кьурал.

Ракъул балагьалдалъун гьалаг гьариларилан
Рижарав Халикъасул къотIи жедее бугел,



Жал горел, цойгидазул тущманасул рахъалъан,
Истиъсал букIинарин БетIергьанас абурал.

Нисян-хатIаялдаса Аллагь тIаса лъугьарал,
Дагьабго гIамалалъухъ гIемераб ажро хъвалел;
ГIамал гьабиялдаса гIажизаллъун хутIани,
Нияталда данд битIун кири жедее кьолел.

Умматазда гьоркьосан бищунго гIумро къокъал,
ГIилмо – авалиналгун ахириназул кьурал;
Ахиралде щвезегIан шаргIалъул нухда чIарал
ТIаифатун гIалал-хIакъ жедер камизе гьечIел.

Гьезда гъорлъ акъTIабалги, автадал, нужабаал,
Абдалал рукIиналда ракI чIезеги бегьулел;
Дунял зулмуялъ цIедал, дин-Ислам цIи гьабизе
Абулкъасим МухIаммад, Магьдиги жеделъ вугев.

Мунагьалгун жал холел, хабалъе гьедин унел,
Хадуб муъминзабаца дугIа жедей гьабулел,
Гьелъ мунгьалги чурун, рацIцIададаллъунги гьарун,
Къиямсеб кьояца тIадеги жал рахъунел.

ТIаде рахъинги жедер, тIолалго умматазул
Анбияазда хадуб, бищун цебе букIунел.
Бакъ-моцI гIадал гьормалгун, гьайбатаб нур-гвангъигун,
Халкъго хIайранаб куцалъ гIарасалде рачIунел.

ГIарасат майданалда, хIисаб тIоцобе гьабун,
ТIоцоре алжаналъур жал лъугьине гьарулел.
Жал жанир лъугьинчIого, цогидал умматазе
Алжаналъур лъугьине эхтияр букIунарел.

Уммат гьединаб буго, гьезда гьорлъа нилъ руго,
Гьелда рекъараб щукру гьабизе кIолеб гьечIо.
ГьабичIого хутIараб гIибадат квеш ккун буго,
ГIадада арал къоял ракIалда къалел руго.

Къоял дагьлъун кканагIан хIинкъи цIикIкIунеб буго,
БачIин хIакъаб хвелалъул ургъалица ккун вуго,
Ургъалил гьаб донкIоги дида чIалгIунеб буго,
БетIергьангун дандчIвазе нечараб хIалги буго.

Нечонин, хIинкъунилан ворчIизе бакIги гьечIо;
БачIун, тIаде щун хадуб, нахъ чIван хвелги унаро;
Хун, рукъулел гIадамал къойил рихьулел руго,
Къваридаб лахIдоялъул суратги цебе буго.

Цебеса лахIдо араб сагIат-минутги гьечIо,
Малакул-мавт кидаян интизаралда вуго.
Аллагьасул рахIмат-цIцIоб гIорхъи гьечIеб бугелъул,
ЛъикIаб занно гьесдехун мискинав дирги буго.



# АХIМАД ﷺ НЕЖЕЙ КЬУРАВ, РЕЦЦ ДУЕ АЛЛАГЬ!

Дунял-ухраялда ханлъун гьавурав
Халкъалъул МустIафа, русулазул таж,
Рисалат, нубувват камилав инсан –
АхIмад нежей кьурав, рецц дуе Аллагь!

Реццгиму хIамдалъе хIакъав БетIергьан,
ХIукъукъал тIорайзе гIажизал нежер,
ГIафво-рахIмоялъул гъафуги рагьун,
Гъафлатал, гъалатIал тIаса лъугьун, те!

ТIагьаясе хIакъаб хIурмат гьабизе
ХIал кIвечIел нежее гIадло гьабуге;
ГIадлоялъе хIакъаб агьлолъаниги
Ахир-заманлъидал, бечча-бехъан те!

БетIергьан Аллагьас, Къуръанги рещтIун,
Къадро тIокI гьабурав Сайййидул-анам,
Самавияб лутIфу тIадеги чвахун,
ТIолго гIаламалъе баракат щварав;

Ширкалдаса лагъзал хвасар гьаризе
Халикъас витIарав Баширун –Назир,
Бусурман халкъалъе нигIмат бикьизе
Бокьухъе веччарав Къавийюн-Амин!

Цересел адянал насхоги гьарун
Ахиралда щварав Халилу-РахIман,
Русулаз: «Нафси», – ян ахIулеб къоялъ
«Уммат», – ан ахIулев Насирун-Мансур!

Макка-ХIарам жиндий хIалалги гьабун,
ХIурматалъул рахъалъ тIокIлъи босарав,
*Сидратул-мунтагьа* сайгъатлъунги кьун,
Гьоболлъун Халикъас тIаде ахIарав!

Агьло-кабаирал жужахIалдаса
Жиндир шафагIаталъ къватIир рахъулев,
ШафагIат гьабеян гьаранщиназе
Гьабизе Аллагьас, изно кьун, тарав!

Адам аварагас живги гьоркьов ккун,
Гьаридал, Халикъас къабул гьавурав!
Къварилъи гIемераб гIарасаталда
ГIаламалъе комек жиндалъун кколев!

Жанисангин тIасан тIабигIат-гIамал
ТIобан Къуръаналда жиндир релълъарав,
Балъгоял асрарал рекIелъеги тIун,
РахIманас ХIабибин цIар жинда лъурав!

Жиндир илагьияб нуралда сверухъ
Свараб чирахъалда гIамал релълъарав,



ГIаламул-мулкалда, малакуталда
Таватур борхарав СвахIибул-бургьан!

Сулукалъул агьло къалъулеб бадро,
Къулубал гвангъулеб *Нурул-гьидаят*,
Адам, НухI, Ибрагьим, Мусагин ГIисал
Машрабазул магIдан, Далилул-хайрат!

Дудасан нечараб хIал бугониги,
ХIабиб, дур бицине анищ букIуна,
ШафагIат щвеялде хьул букIунелъул,
РекIел хивалаца цIан ун ватула.

Халикъун-Жаббарги гьесул Расулги
Рес гьечIо, гIадамал, лъайчIого нелъей;
Лъалез цуцахъе кьун, нелъехъе щварал
Гьесул фазаилал, цIализе ккела!

Заман бахъанагIан тIатуна ругел
ТIагьал мугIжизатал кин рихьуларел?!
ГIасраби сверияль суйне гьабичIеб
Самавияб чирахъ гвангъула гьечIищ?!

ЧIаго хвараб халкъалъ бекьананиги
Халикъасул нохда заз бижинаро;
Бахьи гьечIеб къавмалъ хъуб гьабунилан,
БацIцIадаб дин Ислам чуруклъиларо!

Чуруклъи тӀад бахун, кьер свераниги,
Месед бацӀцӀалъула, лъеца чуридал;
Лъин меседил бахун, къачӀаниги, махх
Маххлъунго хутӀула, – балъголъи горо!

ЛъикӀлъаби чвахулеб баркаталъул накӀкӀ,
Баракат дур кьотӀун, ниж хутӀугеги!
Нахъе дуца тарал варисзабазул
Ирсилал камураб къо бихьугеги!

Къуръан-хӀадисалда гӀамал куцизе
Комек дуца гьабе, я Расулаллагь!
Суннат чӀаго гьабун, шаригӀат кквезе
РухӀияб къуват кье, къудратав Аллагь!



# ХӀАКЪАВ РАСУЛАСУЛ ﷺ РАГӀАНИЩ ХАБАР?

Я гьал гӀолохъаби, суалал ругин,
Бугищ дие изно рагӀи абизе?
ГӀайнул-хӀаяталъул бицен гьабуни,
ГьечӀищ ножода гьорлъ тӀул бухӀарав чи?

БахӀрул-МухӀитӀалъул тӀино гвангъараб
Маргъалалъул сияхӀ щванищ ножохъе?
Алжанал хӀайранав, хӀурал урхъарав,
ХӀакъав Расуласул ﷺ рагӀанищ хабар?

Халкъул-гӀаламалъул бищун хирияв –
Хатамул-анбияъ лъалищ нужеда?
ЛъикӀал тӀабигӀатаз тӀалъи босарав,
Инсанун-камилин лъиде абулеб?

Дунял бижиналъе жив сабаблъарав,
Лъил авараг кколев ГӀаламул-гьуда?
ГӀулумазул асло, русулазул хан,
Халкъалъе рахӀматлъун витӀарав чи щив?

ТӀолалго адянал насхоги гьарун,
Ахиралда Къуръан лъихъе рещтӀараб?
Алжаналъул Буракъ рекӀинеги кьун,
РахӀманас гьоболлъухъ ахӀарав лагъ щив?

Инжил-Таврнаталда тасдикъги гьавун
Таватур борхарав халифа лъалищ?
Хандакъ-УхIудалъул захIматал къояз
Тушбабазда лъарав Мансур лъил кколев?

Макка-хIарам жиндий хIалал гьабурав,
ХIираъ мегIералда «Икъраъ» рештIарав,
Инсалги, женалги, жанавaралги
Жиндие мукIурав Мубащир кисса?

Алжаналъул кверщел кодобе кьурав,
Кавноялда жиндир дин тIибитIарав,
ТIолго гIаламалъе нигIматлъун кьурав
ГIизул-гIарабасде дур балагьи щиб?

Ширкалъул агьлоялъ тIалаб гьабидал,
Кверaлъ ишан гьабун, моцI лъий хъвалхьарб?
Магърtиб-машрикъалда, КагIба-рукъалда
Амлаказ байрахъал, щив гьавун, чIварал?

ЧIухIарал кафурал квердеги росун,
Басра гьарун хъанчал лъица гъурарал?
Гьавазин-Сакъифал мукIурги гьарун
Гьидаят гьезие лъидалъун шварaб?

Шавкат-къуваталъул хабар рагIараб
Хайбаралъул хъала лъица бахъараб?



Ханзаби, къайсарал, кисрабазухъе,
Исламалде ахIун, кагътал хъварав щив?

Килщазда гьоркьосан баккараб замзам [ай лъим]
ГIаскаралъ гьекъарав къаид рагIанищ?
Жабир-асхIабасул дагьа-макъаб койн,
Квер жинца тIад лъейдал, бодуй гIурав щив?

Бадроялъул къоялъ Къадирас битIун,
Къуват зодосахун лъие бачIараб?
ЛъабцIол данде цIарал къурайшиязул
Шавкат хойзабурав Расулуллагь щив?

Сахратуллагьалда Буракъги бухьун,
Акъсаялда жаниб анбияъазе
Имамлъи гьабизе жинда тIад къарав,
Жибрилaсул гьудул, гьев лъалищ дуда?

ШафагIат гьабеян ГIарасаталда
ГIаламалъго ахIи лъидедай бала?
Улул-гIазмабиги хIайранаб къоялъ
Халкъалъе ватулев Матин кинавдай?

МахIшаралъул агьло гIажизлъун ккедал
ГIаршалда гъоркь сужда лъица гьабулеб?
Гьезие бигьалъи жиндалъун кколев
Алжаналъул кIулин лъиде абулеб?

Берал щапаниги ракI кьижуларев,
РагIичIиш бицуна МустIафал хабар?
РагIад лъугьунареб хIикматаб жасад
Жиндие букIарав СиратIулагь щив?

Гьаваялда накIкIалъ рагIад гьабурав,
ГIалхулаб ритIучIалъ аман гьарарав,
Иман жинде лъезе халкъалда тIадав
Хайрул-бариятил исму чан бугеб?

Асмаал гIемерав гIулумазул ицц
ГIарабазда гьоркьов лъил кьибилалъул?
Кьолбода жанибги тIаса рищарал
Къурайшазул Амин лъил вас вукIарав?

Эбелалда ургьив бесдалги хутIун,
Халкъ иршад гьабизе гьунар лъий кьураб?
ГьитIинго Аллагьас адабги манлъун,
Анбияъаздаса тIокI щив гьавурав?

ТIокIлъаби рицине нилъ гIажизлъарав,
ГIаламалъ хъваниги, гьел тIагIунарев,
ТIаса рищаразул саййидлъун гьавун
«СиратIун-мустакъим» – цIар лъие щвараб?

Шаймаил баракат жедей насиблъун,
СагIдиял тархъарав Матин рагIаниш?



Хъанчал аллагьлъун ккун, гIасраби арал
ГIарабазде тавхIид лъица манлъараб?

ЛъикIалдалъун дагIват къабул гьабичIел
Къабаилазда тIад хвалчен лъурав щив?
Халикъасул амро таблигъги гьабун
Тавбоялде гIалам лъицIа ахIараб?

Магъриб-машрикъалда, тIолго ракьалда
ТIобан Исламалъул каву рагьизе
Зодор цIвабзазулгIан цIар борхалъарал
Хулафаалги тун, накълолъарав щив?

Нахъзаманаялда халкъ пасалъидал
Ислам цIи гьабизе вачIине вугев
Абул-Къаси – Магьди – МухIаммад-имам
Анбияъаздасан кинасул кколев?

Куфруялъгин ширкалъ чурук гьабураб,
Чурун тIолго кавно бацIцIад гьабизе
Зодосан гIодове ГIиса-РухIулагь عليه السلام
Кинаб диналдалъун рещтIине вугев?

Рехсарал суалал цохIо жавабалъ
Цадахъго рорхулин, ургъел гьабуге.
Гьикъарасде абе: «Гьев чи – МухIаммад
ХIабибулагь, нежер Аварагь вугин!»

«Иман жинде лъуни, чи хвасарлъулев
Сайидул-мурсалин, Сиражун-мунир,
Мунагьал чуризе Набию-тавбат
Ниж гьесул уммат», - ан, рецц гьабун кӀалъай.

Улул-гӀазмабазул тажлъун гьавурав,
ТавхӀидалде каву жинца рагьарав,
ТалихӀ батаразе чӀового щварав
ШафигӀ вугин абе нежер хазина.

Жинде иман лъезе халкъалда тӀадав,
Халикъас тӀокӀ гьавун къадро борхарав,
Дунял-ухраялъул ханлъи кодосев
Саййид вугин абе нежер Авараг.

Баркатал чвахулеб сахӀаб гӀадинав,
Судурал гвангъизе нурлъун ватарав
Расул авараглъун нелъее кьедал
Рецц киндай гьабила БетӀергьанасе?

ЖавамигӀул-калим каранда лъурав,
Лъида, вацал, лъалеб ТӀагьал хӀакъикъат?
ТӀолго гӀаварифал, гӀулумал, хӀикмат
МигӀражалда шварал, – щив хадув гъолев?

Шаънун-жамигӀ жиндий тажалилъарав,
ТавхӀидалда цебе пардав хутӀичӀев,



Халкъул гӀаламалъе рахӀматлъун кьурав
Расулуллагь вуго – гьеле дир макъам.

Дин-Ислам жиндалъун камил гьабизе
Каримас, нахъе лъун, цӀунараб жавгьар,
Боржалалде щведал загьирги гьабун,
Гьаб кавно гвангъараб бакъ-моцӀлъун чӀана.

Бакъ-моцӀалъул канлъи бераз босула,
Расуласул нуралъ курмул гвангъула,
Каранда жаниб ракӀ чӀагоги гьабун,
Гьидаяталъул нух батизе кӀола.

Халкъ бижилелдего зарра бижарав,
Жив анбияазе хатамлъун ккарав,
Хиралъи-тӀокӀлъиялъ тӀалъи босарав
МустӀафал асрарал лъица рагьулел?

МигӀражалъул сордо, дол гӀажаибал,
ГӀарш-курсалъул харбал, къаба-къавсайни,
Сидратул-Мунтагьа, Байтул-Мукъаддас,
Босен цӀоройчӀого тӀобараб сафар.

ТӀадегӀанав  Аллагь! Къудратав Аллагь!
Унго, ХӀабибасул хӀикматаб вижин!
ХӀисаб гьабун инсан хадув гъоларев,
Хал гьабе, гӀадамал, гьав Расуласул.

Гьидаяталъул нух тIалаб гьабулез
ТIоцобе битIулеб иман-шагьадат,
Аллагь цо гьавидал цинги, «МухIаммад –
Расулуллагь» аби шартIлъун гьабурав.

Гьесде рокьи гьечIеб рекIелъ бижараб
ГъойтIалда пихъ байи – букIунареб жо.
Жиндир нафсалдаса гьев тIаса вищи –
Бусурман чиясе рес гьечIеб амро.

Аллагьасе вокьи бокьарав чияс
Рокьи хурхинабе Аварагасда ﷺ,
Досде рокьи гьечIеб унтулъе ккарав
Тохторасухъе а дару гьабизе!

Дару-сабабалда махлукъат хурхин –
Халикъас Жинцаго лъураб нух буго,
Лъай жиндие гьечIеб лъалесде гьикъи –
Къуръаналъ гьабураб манлъа-хъвай ккола.

ЛъикIабщиналде нилъ жинца рачунеб
РахIманас лъураб нух – шаригIат цIуне!
ШайтIан-нафсалдаса цIунулеб ярагъ –
ГIицIго Исламалъулъ, лъикI ургъун вихье!

Агьло-суннаталъул гIакъидаялда,
ГIакъил мун ватани, диналъе кьучI лъе.



Дурго аслияб рукъ лъалеб батани,
Лъара-лъараб гьабун, квешго хьвадуге!

Квешго хьвадарасул ахир мекъса ккей
Къуръангин хIадисалъ хIакъ гьабун буго.
ХIакъалде мугъги кьун, кьурун вуссарав
Кьурса гъоркье унев цо къо бачIуна.

Масафат къотIизе бигьаго лъалев
ЛъикIав далил ккуни, дур талихI гьечIищ?
Шагьранухги какун, сохъмахъ беццулев
Беццав вукIиналъе далил гIеларищ?

БекьичIого хурги бачIунарелъул
Рии-ихалъ кьижун инсан тIовалищ?
Аллагьас кIалдиб лъун ризкъи кьезегIан
Марзукъинал чIейи шаргIалъул нухищ?

ШаргIалдаса тIурун, нух къосарав чи,
ТIадвусине дуе ресгойищ гьечIеб?
РахIматалдаса хьул къотIун ватани,
Тавбо гьабе, гьудул, гьеле дуй сабаб.

# МАДИНАЯЛДА АВАРАГАСДЕХУН ﷺ ГЬАБУРАБ МУНАЖАТ

Я дир ракӀалъул хӀабиб, хӀакъав Бичасул расул,
Восиларищ дун тӀаде, гьоболлъун вачӀун вугин.
Гьарделаго гӀумру ун нич тӀагӀарав гьардухъан
Гьанже духъе щун вугин, шафагӀат камун тоге!

Шамвилил давлаталъул, дурго умматалдаса
Мискинав цо лагъ вугин, балагье дир хӀалалде.
ХӀалакъаб дир мугъалда лъураб гьир бигьалъизе
Лъиде гурин хӀелилев, гьабе дуцаго кумек.

Гьаб дир гӀажизлъиялъул гӀарз гьабизе бакӀ гьечӀин,
Гьарараб дий кьейилан хӀеле БетӀергьанасде.
Дир гӀайиб-такъсиралда тӀаса мунгоги лъугьун,
ТӀолго хулафаалги разилъулеб хӀал гьабе.

ХӀакъикъияб дур адаб гьабизе хӀалкӀолареб
ХӀалихьатаб черхалда дунгоги рази гьечӀо.
РахӀманас дие кьурал нигӀматалги лъан руго,
Лъаниги шукруялъе гьунарги гӀолеб гьечӀо.

Гьидаяталъул гъапу дур квершаликь бугелъул,
Квешлъаби гӀемерлъунан, гӀайибчӀван вачахъуге.
ГӀузру гьечӀеб такъсиргун тавбу гьабун вачӀарав
Гьаве, ТӀагьа, дун къабул дурго хӀилмуялдалъун.



ХӀарамалъул ракьалде рокьи ракӀалъги гьабун,
КӀалалда печатги чӀван чанги сонал тирана.
Ясрибалда хурхараб, хивалаз жиб бухӀараб,
ХӀухьел чанги биччана чара хварав мискинас.

Чанги хивал хӀалтӀана хӀажгун гӀумра гьабизе,
ГӀемераб анищ ккана хьулазул авлахъалде.
Ибрагьим-Халиласул ахӀи щваравлъун гьавун,
Илагьияб лутӀфуялъ вачана, ХӀабиб, духъе.

Гьанже тани кӀваричӀо чӀунтаяб гьаб дуниял,
ЧӀаго дур Равзаялда берчӀван анищ тӀубайдал.
ТӀадвуссинчӀониги щиб гьанже Дагъисаналде,
Гьанибго къадарги щун БакъигӀалда хутӀизе.

Гьаб дур Равзаги бихьун дирни мурад тӀубанин,
Диналъул вац-яцазда щиб гьабилеб Аварагъ? (с.с.лъ.)
ШапагӀаталде хьул лъун, дур тӀарикъат гьабулел
Гьал муридзабазулги дуде аманат, ХӀабиб.

Дир гьунар гьечӀониги, мугъчӀвай дуде бугелъул,
Дида игӀтикъад бугеб къокъа дуца балагье.
Дуде нисбат гӀунтӀараб тӀарикъаталъул агьлу
Аллагь лъаялде щвезе кумек гьабе, я Расул!

Меседил гонгаздасан чвахулеб маул-хӀаят
Бикьейилан тӀад къайдал тӀубазабулев вуго.

Тlагьа, дур карандасан канлъи-лъай босулезде
Кайфиятал манлъеян амруги гьабун буго.

Амруялда нахъвилълъун хlалтlи гьаби гурони,
Тlоклаб дида лъалеб жо гlелмуялълулги гьечlо.
Гlарифуназ бицараб къабул гьаби гурони,
КъватIисан хабаралде ракlги балагьуларо.

Гьаб амру диде бачlин дуда лъайчlеб гурелъул,
Дуде нисбат гlунтlараб силсилатги бугелъул,
Садатаздехун рокьи-ташаббугьалъе гlоло
Гьезда гъорлъе манлъун те дунги муридзабиги.

Заманалда рекъараб риязаялда ругел
Зугlафаал ругилан бичча-бихъай гьабун те.
Гьал хириял бакlазда хlелун гьабураб дугlа,
Гьаре Бетlергьанасде къабул гьабун тейилан.

Гьоболлъухъе рачlине гlажизал ихваназул
Урхъараб салам буго, саййидул башар, дуде.
Сапаралде рахъине къуват гьечlелщиназги
Шапагlат гьабейилан гьариги тlадкъан буго.

Гьунар гьечlеб черх букlун, ничалъ хlал гьабуниги,
Яхl рехун дуда цеве эхетарав дун - пакъир,
Макъамул ихласалде муридзаби рачине
Бечед гьавеян гьаре Вагьгьабун-Каримасде.



Кумалазухъ гlашикълъун гlумру дир ананиги
Дуде хьул буго, Хlабиб, рехун теларевилан.
Ахъяразда хlайранлъун сонал тирананиги
Тавбу ризкъилъун кьурав рецц Аллагьасе буго.

Авлияал рокьиялъ эзулъ фаналъаниги
Ахлакъул хlамидатал кквезе хlал кlолеб гьечlо.
Занадикъалгун жувай ракlалъ нахъе чlваниги
Кlал-мацlалда чангит бан кинго хутlулев гьечlо.

Я саниял иснайни, умматалъул кlудияв,
Дурго макъам халгьабун гьабе дие гьоболлъи.
Гьаре Бетlергьанасде гьаб тlаифа цlунеян
Цlадул балагьалдаса Махlшаралъул къояца.

Мунагь-хатlа гlемерлъун ракlал риццалъаниги
Радалгин бакъанида вукъуфалда рукlунел,
Накъшубандиюназул баркаталде хьул лъолел
Тоге, Сиддикъун акбар, гьал муридзаби рехун!

Я халифата Ссиддикъ - диналъул маххул буцур,
Дудеги гьари буго гьоболлъун восейилан,
Гьаре фатихlул булдан дуцаги Рахlманасде
Дунги ахlиббаалги рахlму гьабун тейилан.

Я ахlкамал Хlакимин, хlажги ризкъилъун гьабун,
Хlарамалде ахlарал Дурго гьалбал ругелъул,

МигІражалде ахІарав Дурго ХІабиб кинниги
ХІаж-гІумра къабул гьабун рокъор тІадруссинаре!

ИгІтикъад камиллъарал киналго хІажизаби
КагІба бихьараб гІадин, Мун вихьун рохизаре!
Зам-зам гьекъезе щварал тІолго муъминзабазе
ТІагьаясул ХІавзалъул бутІа насиб гьабеги!

Сафагин Марваялда сагІю гьабунщиназе
СиратІалъул кьодасан рахине гьунар кьеги!
Хирияб ХІарамалъул адаб-хъатир ккуразе
Дунял-ахираталда рохелал гІемерлъаги!

ГІарафа мегІералда вукъуфалда чІаразе
Къиямасеб къояца ГІаршалъул рагІад щваги!
ГІуюнал чвахулаго гьаниб гьабураб дугІа
Дуца къабул гьабеги, я архІама рахІимин!

Муздалифаялда чІун мабит гьабизе щварал,
Минаялдеги рачІун тахІиййатги борхарал,
БетІералдаса кІкІвараб рас рикІкІун аза-азар
Мунагь-хатІаби чурун рацІцІад гьаре, я ГІазиз!

Аййаму тташрикъазул важибги тІубайзабун,
ТІавафул вадагІалъе Маккаялде рачІарал,
МахІшаралде ахІидал мухІиббиналгун цадахъ
ХІисаб-суал гьечІого Алжаналде рачаги!



Расуласде къасд гьабун Мадиналде къокъарал,
Къиматаб Равза бихьун гьелъул хІурмат гьабурал,
ХІабибгун данде гьарун рохалил мажлисалда
Жаннатул-ГІаднуялда гІодор чІезе гьареги!

БакъигІалда гьабураб зияраталъул ажру,
Аллагьас къабул гьабун, азариде бахаги!
УхІудалде щваразе шугьадаазул баркат
ШафагІаталъул къоялъ насибаблъун гьабеги!

Лъабкъоялда анцІго сон туснахъалъуб бахъараб
Тархъан гьабе, я Аллагь, икълим зулмуялдаса!
Исламалда тІад чІараб чІегІернакІкІ гІадаб бецІлъи
Бакъул гІадаб нур биччан, бухІизабе, я Карим!

ХІажгун гІумра гьабизе къасд ккарал муъминзаби
Раче, хІалкІолев Аллагь, ХІарамалъул ракьалде!
ХІабибасул хобалъухъ гІашикъаб агьлу-ссуннат
Эб бихьи къадар гьабун мурадалде щвезаре!

ИститІагІат гьечІезе, гІажизлъун хутІаразе
РекІел нийат халгьабун ажруги тІубайзабе.
ТІолабго агьлул-къиблат иттихІададалде рачун
Ислам тІадегІан гьабе, къудраталъул БетІергьан!

# МАДИНАЯЛДЕ ЩВЕДАЛ ГЬАБУРАБ МУНАЖАТ

Мунагьал гIемерав, гIибадат дагьав
Дуде рокьи бугев цо Бичасул лагъ,
Духъе зияраталъ вачIунев вугин
Восиларищ тIаде, я ХIабибуллагь?!

ХIарамалде бугеб гIишкъу сунчIого
Сапар бухьун щванин дур Мадиналде,
Дир адаб теялда тIасаги лъугьун
Гьаве, ХIабиб, къабул факьирав мискин!

ЧIаго дунялалда дур гьумер бихьун
Гьидаяталъул нур каранде щвечIев,
Квер ккун хулафааз асхIов цIаниги
Эз манлъухъ хьвадизе гьунарги гIечIев.

ГIолохъанаб гIумро гIалхуда арав,
ГIилмо цIалулелъул нухда хутIарав,
Дур варисзабазул амро тIобалев,
ТIагьа, гурхIел гьабе хIал щварав дида!

ХIусадазул чIораз лъукь-лъукъараб ракI
РахIманасде ахIе сах гьабейилан!
Гьездаги дидаги тIасаги лъугьун
ТIоритIеян ахIе, я ХIабибуллагь!



Дур шафагIаталде хьул лъун рачIарал
ЧIорого ритIуге, я Расулуллагь!
РахIматлъун витIарав халкъалъул гьади,
Гьаве дунги гIахьал дур ирсилазулъ!

Дур михIраб бихьидал рецIцIун унарел,
Рахъаял беразда дица щибилеб?
Дур мусаллаялда накаби лъедал
Лъимлъун чапулареб чорхол пайда щиб?

Дуца тIад хIетI лъураб ХIарамалъул ракь
Расги нечечIого мерхьун толеб куц,
Мун жанив хьвадараб Мадинаялъул
Адаб гьабизеги гьунарго гIечIо.

Алжаналъул ахикь как базе щведал
Щукру гьабизеги лъанго батичIо,
Лъай-гIакъло бугелаз пайда босулеб
Масжидул-Набави мугьмалго тана.

Магъриб-Машрикъалде щвараб дур файиз
Щолареб ракIалъе къвакIи гIеларищ,
ГIаршгин Курс гвангъараб дур бакъулаб нур
Басират хьухьаялъ бихьулеб гьечIо.

Бахьи кьураб къавмалъ къабул гьабулеб,
Къосараб агьлоялъ ширклъун рикIкIунеб,

Шафагlат гьаризе Дур Хlабибасухъ
Хlасратгун щваразе - щвезабе, Аллагь!

Гьесул Равза бихьун магlу тlинкlарал
Гlуюназда рохел тlаса унгеги!
Тlаде-хариялъги сапар бухьине
Сабабалги рекъон мурад тlубайги!

Къуръан-хlадисалда бицен бачlарал,
Чlаго Алжаналъул рохел бицарал,
Абубакар Сидикъ, Гlумарул Фарукъ,
Салам ножой кьурал ниж кlочон тоге!

Ножор баркаталде хьул цlакъ гьабулел
Гьал пакъирал нижер хlалахъ балагье,
Бичасул Расулас тlад росичlони
Тlаса лъугьайилан гьаре кlиясго!

Гlисъян-фискъуялъул унтулъ ругел ниж
Сидкъуялъ мехтарав духъе щун ругин,
Дурго гьудуласде, гьабе даруян
Гьарараб ахlи бай, я свахlибул-гъар.

Батlулабщиналъул хьуцlилъ къан ругел
Ниж къватlир рахъизе Магьди виччаян,
Я музгьирул Ислам, фатихlул булдан,
Дуцаги бай ахlи Аварагасде!



Анцlазарго асхlаб жанив вукъараб,
Жанатул-Бакъиглан сифат гьабураб,
Расулуллагьасул рукъалъул агьло, -
Гьелги жанир рукъун къадру цlикlкlараб.

Къуръан цlалулаго зулмуялъ чlварав
Зу-Ннурайни - Гlусман Гlафанил валад,
Гьесги ватlан ккураб Бакъигl бихьарал
Бихьугеги жужахl муъминзабазда!

Агьло-Бакъиглалъул хlурматги гьабун
Гьезухъе рачlарал заиринаze
Зиярат къабуллъун, баракатги щун,
Квешабщинаб тезе тавфикъ гьабеги!

Вахlшиясул чlоралъ гlужийги восун
Ухlудалъул кьоялъ къанщарав асад,
Саййиду-шшугьадаъ - Хlамзатил баркат
Ухlуд бихьаразе ризкъилъун кьеги!

Къуръан-хlадисалда хlукмуги къотlун,
Къоло щуго соналъ хвалченги хьвагlун,
Хоб Бакъиглалда щун, мурадги тlобан
Тlагьал мадугьалихъ рештlин гьабурав.

Тlолго дунялалда цlар тlибитlарав,
Тlаса ийин гьечlеб баркатлъун ккарав,

Баркат тӀалаб гьабун рачӀарал гьалбал
Гьаре, Шамил имам, дуцаги къабул!

Дагъистан къалъараб къиблаялъул цӀва,
ЦӀар дур рехсезецин гьукъун букӀана,
Икълимго чӀухӀарав кибритул-ахӀмар,
Киртал ран рахчана дур манакъибал.

Магъриб-Машрикъалда жал тӀиритӀарал,
ТӀад къоно чӀвана гьаз дур сияразда,
Диналъул тушбабаз къимат кьуниги,
Кьерилазул цоял рахъана данде.

Дуени ургъел щиб, Имамул-АгӀзам,
ГӀадамал щиб бицун гаргаданиги,
Дур даража-макъам Бичасда аскӀоб
Басират бугезда бихьун бугелъул.

Бидулъго батараб рухӀияб иман,
Умумузул рахъалъ ирсалъе щварал,
Наслабазда гьоркьор къалам бегӀерал
Мусаннифзабиги камун ратичӀо.

Кверал щулалъаги Шамилил бицун
Шамаилал хъварай магӀарулалъул!
Рохел гӀемерлъаги гьев вокьаразе,
Рокьаралгун цадахъ рахъунеб къоялъ!



Дур рагъазул бицун дун кӀалъаларо,
КӀалдиб мацӀ фасихӀаз рехсезе тела.
Рагъул тактика хъван тӀехь гьабиларо
ТӀамун тела гьебги гьунар бугезде.

*Я Рабби, берцин гьабе ХӀабибасул хобгин рухӀ*
*Гьуинал махӀаздалъун, свалат-саламалдалъун!*
*Я Рабби, ризкъилъун кье ХӀабибасул шафагӀат,*
*Гьаб нежер мажлисалда данделъарал щиназе!*

*Амин, Аллагь, я Аллагь! Амин, Аллагь, я Аллагь!*
*Амин, Аллагь, я Аллагь! Къабул гьабе БетӀергьан!*

# УСТАРЗАБАЗУЛ БУГЕБ ПАЙДА

Алхlамдуллилагь, рецц дир Аллагьасе
Исламалда вижун кlодо гьавидал,
Салатгиму салам Аврагасде,
Умматалъе рохел жиндалъун щварав!

Цинги, даражаби хулафаазул
Халкъалъул Рахlманас цlикlкlинареги,
Гьез силкалда ххурал тlолго ихванал
Щваги макъамалде мурадлъун бугеб!

Бичас нилъей кьураб тlагlамалда гьорлъ
Тlокlаб нигlмат буго хулафаазухъ,
Хириябщиналъул къадруго хвараб
Хазина бикьула авлияаца.

Ахlмадил файзалъул аквабалги тlун,
Муршидас чурула чорокаб къалбу ,
Чорхол замиматал нахъеги росун,
Гьес лъола каранда кинабго хlусну .

Хlабибасул нурал ракlалдеги кьун,
Рухlазул инсуца къачlала мурид,
Къудратул къаламалъ накъищги гьабун,
Гьесул латlаифалъ хьвадула зикру.



Лавхlул-Махlфузалъул хlукму тlубалев
Хlакъав варис вуго гьев Расуласул.
Гьудатул умматаз лъураб нух ккурал
Курамаал руго гьел ваЛизаби.

Заман халалъиялъ хисун кколареб
Силсилату-ззагьаб гьез босун буго,
Сиддикъияб тlарикъ - Тlагьал аманат,
Эзухъе кьун буго табигlинаца .

Гlулумазул гъапу рагьулеб акъфал
Абул-Хlасан Гlалил асрарал ругел,
Исламалъул бодуй байрахъ борхарав
Хайбаралъул Асад абтарлъун гьечlев.

Эсул асаразул анварадасан
Асбатlал гвангъарал жакъалъизегlан,
Жиндасан чвахулеб файзалъул гlурул
Гlаркьалаби лъугьун цlураб дуниял.

Цlахурисан щвараб шарабалъул их
Абубакридасан бачlараб бугеб,
Батулил багьжатил асраразул хlор
Хlусайнияв сайид - Сайфуллагь вугев.

Кlиябго нуралъул аслу цlунарал
Агьлуллагьал ругел тlаса унарел,

Аварагасул ирс жидеда хассал
Хаввасал ратулел талихI кьуразда.

Тамаша, гIадамаз халгьабулареб
Гьанже заманалъул шайихзабазул.
Щеда цIехолареб гьезул хIакъикъат
ХIакъаб нухалдаса рахъунгутIизе.

Аслу гьечIеб тIарикъ уяб батани,
Абизин дицаги муршид вугилан.
ЩайтIанияб кашфу гIолеб батани,
Ратила мажнунал чанги росабалъ.

Месед-гIарцуда гъорлъ гъашш камулареб
Камилав къебедас биун тIечIони.
Устарас къачIарав маъзун гьечIони,
Гьесулъ шайтIаналъул хIал камулареб.

Квер ккун нилъ рачунев чийилан кколев
Чанги агIма вугев аб дунялалда,
Дин-Ислам бичIчIарав гIалимин кколев
ГIемер жагьил вугев инкарчагIазулъ.

Амма дирни вуго диналъул хIуби,
ХIабибасул нуралъ икълим гвангъарав,
Устар щвана дие шаклъи гьечIого,
ШапагIат гьабизе Расулас тарав.



Садатазул нухал къачIазе лъалев
КъутIбул анам вуго Аллагьас дий кьун,
АхIмадил тIарикъат битIун хIалтIулев
ХIакъав муршид вуго нижер КIудияв.

Жиндир гIасруялда саликинаца
Кванан тIагIунареб тIутI эсухъ буго.
ТIолго муъминзабаз гьекъананиги
Гьесул машрабалъе ками кколаро.

Кумалазул къокъа къалъарав саййид,
Сахлъиялда таги тавлияталъе,
Таввабинал чIолеб ГIаршалъул рагIад,
ГIумру халалъаги халкъ тIобитIизе.

Хирияв инсуе сипат гьабизе
ГьечIо мустахIикъаб къадараб дир нафс,
Устарасул бицун хIал кIоларелъул
ХIухьел ана биччан керен чучизе.

Курамааздехун рокьи букIиналъ
Бицун тана хабар такълидалдалъун,
Дицаго завкъалда чIамун бихьичIеб,
Бихьаралда ракIчIун, хъвана кагътида.

Кодоб босаразде, асар щвараздe
ДугIа гьабеянги гьарула ракIалъ,

Гьаваялъ квегъидал гӀажизлъун ккарав
ГӀилму нафигӀги кьун тӀувазавеян.

*Я Рабби, берцин гьабе ХӀабибасул хобгин рухӀ*
*Гьуинал махӀаздалъун, свалат-саламалдалъун!*
*Я Рабби, ризкъилъун кье ХӀабибасул шафагӀат,*
*Гьаб нежер мажлисалда данделъарал щиназе!*

*Амин, Аллагь, я Аллагь! Амин, Аллагь, я Аллагь!*
*Амин, Аллагь, я Аллагь! Къабул гьабе БетӀергьан!*



# НАСИХӀАТ

Дунялалъул гьаб ханлъи - хведал тӀаса унеб жо,
Халикъасул лагъ вукӀин кӀочон тун бегьиларо.
Бечелъи - гьотӀол рагӀад, даимго тӀад чӀолареб,
ЧӀагоязе хутӀулеб, хун араз нахъе толеб.

Инсан вижилелдего ризкъигун ажалалъул,
Азалалда тӀобараб хӀукмугин къадар буго.
КъаруниегӀан гӀемер боцӀи кодоб щваниги,
Дуй хъвачӀеб ризкъиялъул Лукъма дуца куйнаро.

Лукъманул-ХӀаким гӀадав тохтор дуе щваниги,
Дару гьабун, тӀагӀараб гӀумро нахъбусинаро.
ГӀагарлъигин кьибилалъ кьураб рушватги босун,
Кьурал къоял тӀагӀиндал гӀизраилас теларо.

Эркенаб дунялалда рахӀаталдаги хьвадун,
ЛахӀдоялъув лъугьине лъиеха къабуллъилеб?
Къайсар ханасул гӀадаб тахбакӀ-мулкги жибго тун,
Мусруялъув жемизе разияв чи вукӀинищ?

Разияв вугищилан гьикъулеб гӀадат ани,
Къваридаб хобалъуве гӀадан лъугьинароан.
Изно босун горони рухӀ бахъуларебани,
Инсанас Малакул-мавт аскӀов веччалароан.

Ахир-къадги хвечIого хутIуларев лъалаго,
Халикъасде гIассилъи гIакъилас гьабиларо.
Хун хадуса рукIунел агьвалазда божулев,
Аллагьасул шаргIалде мугъ реххун хьвадиларо.

Адам вижаралдаса АхIмадиде щвезегIан,
ШараигIал манлъизе русулал ритIун руго.
ТIолгоязул хатамлъун хиси гьечIеб Исламгун,
Умматалда гурхIулев ХIабиб нилъей кьун вуго.

ХIалалгин хIарамалъул хIукмаби жанир ругеб,
Жиндир къадро кIудияб Къуръанги рещтIун буго.
Къимат-жавгьар гIадинал нураниял хIадисал
Расулас рицун тарал - гьелги нилъехъ щун руго.

Гьаб Къуръан-хIадисалъул хIукму къабул гьабичIел,
ХIабибасул умматлъун рикIкIине бегьиларо.
Гьеб кIиялъго манлъухъе хьвадулареб къавмалъе,
Къиямасеб къоялъул хIинкъи кIудияб буго.

Бокьун цохIо как тарав, тавбоги гьабичIони,
Гьеб базе кколарилан инкаралдаги чIани,
Купруялде гьев ийин имамзаби рекъараб,
Ишкал жинда тIад гьечIеб шаргIалъул хIукму буго.

Какил кIвар гьабулареб агьлолъун жив вугесул,
ГIумроялдаса баркат бахъулин хIадис буго.



Гьесул лъикIал гIамалал къабулги гьаруларо,
Гьормада иманалъул нургицин хутIуларо.

ЛъикIал чагIаз гьабулеб дугIаялъул баракат -
Гьелдаса махIрумавлъун хутIулиланги буго.
Хвалилъе лъугьиндалги басралъиялде ккола,
Ралъад лъел гьекъаниги къечалъ вухIунги хола.

Хобалъ гьев данде къала, цIадул донкIлъун батула,
ШужагIун акърагI абун борохь тIаде тIамула.
БайчIого тараб какил гIужалдасан байбихьун,
ЦIадул гIарчIалъ кьабула хадусеб гIуж щвезегIан.

ГIарасат майданалда тIаде рахъараб къоялъ,
ТIоцобе хIисаб гьаби какдасан байбихьула.
Какил хIисабалдаса ворчIун хадуб лагьасе,
Хадусел умуразул ургъел цIакъ бигьалъула.

Аллагьас фарз гьарурал Исламалъул арканал,
КакгIан амро кIудияб диналъул хIуби гьечIо.
Бокьун цо как тарасе, тавбоги гьабичIони,
ЧIвазе хIукму къотIула шаригIаталъул соталъ.

ШаргIалъ къабул гьабулеб гIузру жиндир гьечIого,
БайчIого тараб цохIо какил хIакъ тIад хутIани,
БетIергьанас гьесие гIафвуги гьабичIони,
Гьес жужахIалъуб бала лъабкъоялда анцIго сон.

Аварагас холелъул, каранде рухI щведалги,
Какил аманат гьаби Анасица бицана.
Аллагь, Дуца тIобитIе ТIагьаясул гьаб уммат,
Исламалъул хIобода къвал бан тIагIат гьабизе!

Къол щуябго балеб как квешал гIамалаздаса
Инсан нахъе чIваялъе сабаблъун гьабун буго.
Беччан тараб гьоялда гьев релълъон вахъун вуго,
Гьой бухьунеб рахаслъун инсанасе как буго.

Аллагьасда цеве чIун щуябго как тIобалев -
Щибаб къойил щуцIолго бацIадаб лъелъ чордолев
Чиясда релълъун вуго, мунагьал чуриялъулъ.
Манлъе, Аллагь, Дуцаго дуда цере чIолеб куц!

Дуца гьидаят гьарун нухда тIоритIичIони,
БитIараб нух нижеда манлъулев чи гьечIелъул,
Манлъизе гьунарги кьун ракьалда Дуца тарал,
Дур уманааздаса ратIа гьаруге, Аллагь!

Амин!



# НАСИХIАТ

Жиб ккурав вохичIеб чIунтараб дунял
ЧIаго гьабиялъ нилъ хвасарлъиларо,
Хараблъулеб хIакъаб заманалъул рукъ
КъачIазе лъанилан Алжан щвеларо.

Алжанал гIуцIулеб гIибадаталда
Даим гьабе жасад (черх) чIаго вукIаго!
ЧIухIараб нафсалда кверщел батизе,
Зикру гIемер гьабе гIакъло бугелаз!

ГIисъян-фискъуялъул гъатал лъугьараб
Гъафулаб ракIалъе кIутIе мачIу-сакI!
МатIиятул-фитнат гIодоб буссине,
ГIирфан тIалаб гьабе тIалиб ватани!

ТIад пихъ балареб гъветI гванзаб букIунин,
Божуге нуж гьелъул берцинлъиялда,
Бицунеб хабаралъ гIей гьабуларин,
Гьабулелъухъ балай ихтибаралъе.

Баси квегъичIони оц лъугьунарин,
ГьитIинго куце черх гIибадаталъе,
ГIолохъанлъиги ун херлъи речIчIидал,
Дунялгин ахират хутIулин гIодоб.

Ахирисеб хIохьал битIун ккеялъе,
Жиб кIалдиб ругьунлъи гIаламат бугеб,
ГIодов чIаралъувги тIад вахъиндалги,
ТIадчIей гIемер гьабе Аллагь рехсезе!

Сафаралъ вахъине къасд дур батани,
Вакъидал кванaзе квен кIочон тоге,
Квачани ретIине ретIелги босе,
РекIине жо щвани, – гьебги балагье.

Божараб гьалмагълъи цадахъ бугони,
Бигьалъулеб дуе сапаралъул хIал,
ХIал нухалъул лъалев далил ккунани,
ХIинкъиги дуй гьечIеб къосун ккеялда.

Гьал хIаваижазулъ мусафиразул
Ресалда рекъараб къокъа букIунеб,
Бищун дагьабниги хIадурлъи бугес,
Бухьине бегьулеб хIалалаб сапар.

ХIалкIолеб бугони цIикIкIун босизе,
Суннатабги бугеб, тох мун ватани.
Тупалъго хIадурлъи дур батичIони,
ЧIаха гьудул рокъов рес рекъезегIан.

Рехсараб куцалда сапарги бухьун,
Масала, мун щвела хIижаз ракьалде.



ХIаж-гIумра гьабизе ниййатги гьабун,
Гьанжи байбихьила рукну тIубазе.

Пачалихъал къотIун, гIорхъаби рахун,
ХIажалде мун къокъи – тIарикъат буго,
Микъаталдеги щун ниййат гьабидал,
Гьанжи мун лъугьана сулук гьабизе.

Гьаб хIажалъул кири камил гьабизе,
Кинавго чиясул рес рекъеладай?
Рукнабиги тIоран, тIадалги гьарун,
ТIокIабщинаб тани хIаж хун инадай?

Жив-живасул гьунар, бажари бихьун,
Босизе рес гьечIищ хIажалъул кири?
Камалаталде щун гьеб тIобайзени,
БитIараб бицани кIвелин кколаро.

КIванагIан цIакъбахъун, нухлуй хIал кIолев,
ХIаж гьабичIого чIей битIун букIинищ,
ШаригIас тIад лъураб налъи тIобайзе,
ТIаде босугеян аби кин ккoлеб?

Амма рехсон араб сулук абуни,
Саликас къотIулел макъамал руго,
Макьилъ рихьизецин хьул нилъер гьечIел,
Хьул буго гьалъ дуе гIей гьабилилан.

Гьанжи, кинабго лъин чурук батани,
Таямумги гьабун тIубай, гьудул, парз.
ТIолго магIишатал хIарамлъун хадур,
ХIалаллъи бокьарав къут гIей гьабун чIа,

ГIурдада квараб хер ракде буссиндал,
Рахьдал гъвари цIолеб гIакдал халгьабе.
БетIергьанас жиндий рокьарал лагъзал,
Бокьухъе цIунулел хIарамалдаса,

Дунял рехон тарал зугьадазулги,
Даражаби ругел, Жамал, мун кантIе!
Жакъа, лъагIалие иддихар бугев
Аллагьасул гIабид загьид вукIуна.

Дунялалъул кверщел кодобеги кьун,
Кинабго мулкалда ханлъунги гьавун,
Халкъалъе Расуллъун тIаса вищарав,
Сулайман авараг загьид вукIарав.

Заман хисунилан, халкъ квешлъунилан
ЛъикIал чагIи камун ракь хутIулареб,
Ахир заманалда гьел кисайилан
Кинго бегьиларо ракIалде ккезе.

ДонкIги бухъун ракьулъ гIодов кканиги,
РакI къватIиб бугони халват ккола реб,



Халкъалда гъорлъ вукIун, ракI Аллагьасда
Хурхун халват гьаби – гьеб бищун цIакъаб.

Гьаб халват гьабулел балъго рукIунел,
Баинун-каинун гьезде абулеб.
Аллагьгун ракI букIун, халкъгун черх букIун
Чангияс гьабулеб гьадин рияза.

Саброялъулъ дагьав факъирасдаса,
Щукру бугев гъани хирияв вугев,
Халкъалдаса гIузлат гьабиялдаса,
ХултIат беццун бугеб жагьил чиясе.

Жагьилавги вукIун ватIа кIанцIани,
ГIилмо лъаялдаса махIрум хутIулев,
ЛъачIого гьабураб гIибадат-динги
ГIурдаде хьан тараб хьон гIадинаб жо.

ГIилмоялъул рахъалъ кифаят бугес,
Кквезе беццун бугеб рукъалъул бокIон,
Беччантун, халкъалда гъорлъ бегьулареб,
Гьойлъун живго жинда вихьигун цадахъ.

Бицунеб рагIиги борцунеб ххамги
ЦохIо микъясалда даимлъулареб,
Къокълъи-халалъиялъ заман-маканалъ
Кайфият хисулеб, аслоги цIунун.

Кlиго ковычкаялъ жанив вачани,
Чанги гlакъил вугев, Жамал, ракьалда,
Жив-живасул гlилмо, гlамал-хасият,
Халикъасда аскlоб мекъса ккогеги!

Манлъа-хъвай хlажатал гlолохъабазе,
Гlакъло дир рахъалъан - Дин-Ислам цlуне!
Дунял-ухраялъул пикро гьабулес,
Гьудул тlаса вище шаригlат лъалев.

Щибниги мунфагlат дие щоларев,
Дидасан босизе анищги гьечlев,
Чlаго хварав чигун данделъиялъулъ,
Дидани батичlо зарал гореб жо.



# ЗИКРОЯЛЪУЛ ХИРАЛЪИ

Аллагь гlемер рехсезе мацlалда барахщуге,
Мацlалъул зикру гурелъ реклелъ нух бахъуларин.
Раклалдаса гъафлат ун, хlузур-жамгlият щвезе
Гlарифуназ бищунго беццарабги гьеб буго.

Шайтlангун вагъулесул яргъилал къуватазулъ,
Бищун къуват цlиклlараб зикроян абун буго.
Аллагь лъай тlалаб гьабун сапар байбихьулезул,
Бищун цебе хlетl лъолеб болъоги зикро буго.

Зикроялда даимав дармилъ бергьарав вуго,
Даимаб хlузур щвани, шайтlан реклелъ чlоларо.
Шайтlан нахъе къотlани къалбуги рахlатлъула,
Рухlанияб тарбият нафсалъеги буклуна.

Нафсул-амараталда чангит байзе хlалклвани,
Лаваматалде ваккун дурго гlайиб бихьула.
Гlайибалде ккарав лагь сайидасдаса нечон,
Даимаб хидматалъе цlакъ бахъунги хlалтlула.

Хlалтlулъ бергьенлъи щварас шафакъатал росула,
Шакъаваталъул асар сагlадаталъ тlагlуна.
Тlагlат-гlибадаталъул натижат хlасуллъула,
Тавхlидалъул гъотlода ихласалъул пихъ бала.

Аллагь вокьи цIикIкIуна, лагьлъиялъул куц лъала,
Киналго умуразулъ захIмалъи тIаса уна.
Мискъалул заррагIанаб гIибадат гьабуниги,
Азар даражаялде бахунеб хIал лъугьуна.

ХатIаратал тIагIуна, якъинги хIасуллъула,
ХIикматазул рукъалъул гъапудухъ кверги щола.
ШаригIатги бичIчIула ихтилаф рахIматлъула
РахIманасул цIоб горелъ нажат щунгутIи лъала.

ГIашикъасул кIал-мацIалъ рагIул гIорхъи бахуна,
ГIишкъу ккараб бакIалде рекIел хивал цIан уна.
Рокьигин махIабаталъ хIайран гьавун хадуса
Таклиф тIаса рехарав мажнун гIадин лъугьуна.

Жанисанги тIасанги инсан вацIцIад гьавулеб,
Аллагь цо вукIиналъе нугIлъи жиндалъун чIолеб,
БацIцIадаб ракIалдалъун цо нухалъ жиб абуни
Ункъазар кIудаб мунагь бихулин хIадис бугеб,

Баче ножоца зикру мазкурасде ракI буссун,
Рехсе Аллагь даимго дунялалъул хивал тун.
Тоге заман гIадада гIабдал мун ватичIони,
ГIумроялъул халгьабе кибедай щун бугоян.



# ТIЕХЬАЛДА БУГО


Бисмиллагь......3
Тавбу......5
Мавлид моцIалъе сайгъат......8
Аллагьас аварагасул нур бижин......11
Мавлиду-ннабиййи......20
МахIаллу-къиям (тIаде рахъунеб бакI)......26
Авараг ﷺ гьавидал загьирлъарал мугIжизатал......29
Авараг ﷺ хахизе ХIалиматихъе кьей......33
Аварагасул ﷺ эбел хвей ва гьев хьихьизе имгIал Абу-ТIалибихъе ккей......43
Авараг ﷺ Хадижатил дарангун Шамалде ин ва гьес гьей лъадилъун ячин......46
Аварагас ﷺ КагIбаялда ХIажаруль-асвад лъей......53
Аварагасе ﷺ аварaглъи кьеялъул баян......54
Аварагас ﷺ балъго Исламалде ахIи ва капурзабаз гьабураб дандечIеялъул баян......57
Аварагасул лъималазул баян......74
Аварагасул ﷺ расалъул баракат......79
Аварагасул ﷺ мигIражалъул хIакъалъулъ къокъаб баян......82
Аварагас ﷺ Мадинаялде гьижра гьаби......116
Мавлид ......133
Мавлид......154
Аварагасдехун ﷺ гьабураб мунажат......173

Аллагьасде хIели - мунажат....................................181
Гьадиятлъун букIине кIалъазин ТIагьа веццун...186
Аварагасул хиралъи................................................191
Халикъас хасс гьавурав ХIабибасул ﷺ хиралъи................................................193
АхIмад ﷺ нежей кьурав, рецц дуе Аллагь!. .......199
ХIакъав Расуласул ﷺ рагIанищ хабар?. ...............203
Мадинаялда Аварагасдехун гьабураб мунажат...212
Мадинаялде щведал гьабураб мунажат. .............218
Устарзабазул бугеб пайда. .....................................224
НасихIат.................................................................229
НасихIат.................................................................233
Зикроялъул хиралъи. ...............................................239

ДАГЕСТАНСКИЙ ТЕОЛОГИЧЕСКИЙ ИНСТИТУТ
«ИМ. САИДА АФАНДИ

# МАВЛИДАЛ

**САГIИД -АФАНДИЯСУЛ ТIАХЬАЗДАСАН**

1-е издание

**Литературный редактор, корректор:**

Зургалова Т.

**Дизайн и верстка:**

Гаджиев М-А.

ООО «Издательский дом “Нуруль иршад”»
367000, Республика Дагестан, г. Махачкала, ул. Левина, 9
www.nurulirshad.ru; e-mail: book@nurulirshad.ru

Продукцию Издательского дома «Нуруль иршад» можно заказать в интернет-магазине: www.nurulirshad.ru

Подписано в печать______________ Формат 10,5х15 см
Гарнитура Arial Narrow. Бумага ______________
Печать офсетная. Усл. печ. л. _________
Тираж 999 экз. Заказ №_______